

# *Premye lèt pou moun Korent yo*



## **PREMYE KOZE A**

Korent se yon vil peyi Lagrès, ki nan preskil Peloponèz. Li te gen de pò, youn nan lès ak lòt la nan lwès. Te gen anpil moun ki te sòti toupatou vin lavil Korent, achte sa yo bezwen pou vwayaj ki long anpil, pou yo jwenn yon djòb osinon pou yo rete fè aktívite komès tou. Lavil Korent lan te kapital pwovens Akaya. Se sa ki te fè li gen gwo aktivite nan afè komès, nan afè politik, nan afè kilti ak nan afè reliyon. Men an menm tan te gen anpil libètinaj ak dezòd lachè. Lane 147 anvan Jezi Kri, Women yo te detwi vil la, men lane 46 anvan Jezi Kri a yo te rebati 1 pi bèl toujou. Se nan vil Korent lan yo te konn fete jwèt espòtif yo rele «Jwèt istmik yo.»

Se nan vil sa a Pòl te fonde yon kominote ki te fèt ak moun klas sosyal ki pi ba nan sosyete a, epi se la li te rete pandan yon lane edmi (lane 50-52) (Travay 18,1-18).

## **Kominote Korent lan**

Legliz Korent lan te gen moun ki sòti nan divès nasyon ak kilti. Yo te an kontak ak koripsyon ki te blayi toupatou epi sa te kapab atake 1 tou. Epitou te gen anpil chirepit, ki te travèse lavi kominote Legliz la. Kominote Korent lan se kominote ki te bay Pòl plis pwoblèm. Pou divès rezon te gen anpil kont ant kominote a ak Pòl. Yo te gen kilti ak mantalite ki pa menm. Pòl te Jwif, moun Korent yo te Grèk. Pa egzanp kèk Grèk te gade kò moun kòm yon bagay ki pa gen enpòtans, alòske pou Jwif yo moun nan se kò ak

lespri ansanm. Yo te gen differan fason pou yo viv kesyon otorite a anndan kominote a : Jwif yo te konn chwazi chèf ki dakò ak tradisyon pa yo. Grèk yo menm te konn diskite sa nan asanble tout sitwayen yo, kote tout gason ki rich, epi ki lib, te kapab patisipe. Grèk yo te gen gwo libète men yo pa te gen okenn prensip pou yo sèvi ak libète a, se sa ki fè libète a tounen libètinaj (1Kor 5,1-2 ; 6,15-16 ; 10,23). Sa te mete anpil chirepit nan mitan kominote a (1Kor 1,10-12 ; 2Kor 12,20). Yo te fè lenjistis lè y ap selebre Lekaristi a (1Kor 11,17-18). Yo manke respè pou konsyans manm ki pi fèb nan lafwa yo (1Kor 8,9-12). Gen danje pou yo chanje sa yo montre yo sou leve byen vivan an apre lanmò, nan yon kesyon filozofi, yo kapab pran l dapre sa yo vle (1Kor 15,12).

Lòt kesyon ki te ba yo pwoblèm se manje pou misyonè yo. Pòl te deside travay ak de men li, pou li jwenn manje pou li menm ak kolaboratè li yo. Sa te vekse kominote Korent lan, paske yo te gade mòd travay ak men sa, kòm yon bagay ki fèt pou esklav yo. Mèt yo ak pwofesè filozofi yo pa t janm fè sa. Pòl pa te kite yo pran tèt li nan afè travay la, paske li te fè sa kòm prèv li preche Levanjil la gratis (1Kor 9,15-18; 2Kor 11,7-15 ; 12,13-18). Pòl pa t pè kritike yo sou tout pwen sa yo (1Kor 4,14.21 ; 5,3-4 ; 6,5 ; 11,22 ; etc), menm si li pa renmen fè sa (2Kor 2,4).

Pòl te Efèz, nan lane 54-57 yo, lè li te resevwa rapò yo vin ba li nan bouch (1,11) sou sitiyasyon kominote Korent lan ki te ba li kè sote a. Te gen divizyon nan mitan kominote a, jalouzi, immoralite, ak lòt bagay. Epitou kretyen Korent yo te ekri l yon lèt, kote yo te mande Pòl kèk kesyon (7,1) sou kèk pwoblèm konkrè ki te pase nan kominote a. Pòl te deside ba yo repons ekri.

Tout bagay sa yo montre nou lavi Legliz Korent lan te genyen, mak fabrik li yo ak pwoblèm li yo. Epitou li montre nou gwo valè tou sa Pòl te montre yo nan anonse Pawòl la, apati sitiyasyon konkrè kominote a.

Nan twazyèm vwayaj misyonè li a Pòl te ekri de lèt pou moun Korent yo, lèt pou moun Galasi yo, ak lèt pou moun Wòm yo. Lèt sa yo ede nou dekouvri gwo jefò Pòl te fè pou l fè Levanjil la antre nan kilti grèk la epi nan vil yo.

***Men chapant premye lèt pou moun Korent la :***

Pòl atake pwoblèm kominote a genyen yo (Chapit 1-6)

Li reponn kesyon kretyen Korent yo te mande 1: marye ak rete san marye, vyann lòt moun ofri bay zidòl yo (Chapit 7-10)

Selebrasyon Lekaristi a (Chapit 11)

Kado Lespri Sen yo (Chapit 12-14)

Leve byen vivan Jezi a (Chapit 15)

Konsèy ak orevwa (Chapit 16)

## Pòl ap di bonjou

**1<sup>1</sup>** Mwen menm Pòl, Bondye te rele a, pou li te fè m Apot Jezi Kri, paske se te volonte l, mwen menm, ansanm ak frè Sostèn, di nou bonjou, **2<sup>nou</sup>** menm Legliz Bondye a ki Korent. Bondye rele nou pou nou sen e se nan Jezi Kri nou reyisi vin sen, ansanm ak moun tout kote k ap rele non Jezi Kri, ki Granmèt yo epi Granmèt nou tou : **3<sup>se</sup>** pou nou jwenn favè ak kè poze Bondye Papa nou an ak Jezi Kri, Granmèt la.

T Ap  
2,21;  
Wm  
10,13

## Pòl ap di mèsi

**4<sup>M</sup>** ap di Bondye mwen an mèsi pou nou, san rete, pou favè Bondye, li te ban nou nan Jezi Kri. **5<sup>Li</sup>** te fè nou rich grasa li nan tout bagay, nan tout pawòl ak nan tout konesans, **6<sup>poutèt</sup>** jan sèvi Kris la temwen, pran fòs nan mitan nou. **7<sup>Konsa</sup>** nou pa manke anyen nan byen Bondye yo, nou menm k ap tann Jezi Kri Granmèt nou an vin fè nou wè li. **8<sup>Se</sup>** li menm ki va kenbe nou fèm, san repwòch, jis jou Jezi Kri Granmèt

Lk  
17,30;  
Flp  
3,20;  
1Pj  
1,7

**1,1-9 :** Mwen menm Pòl, Bondye te rele a, pou li te fè m Apot Jezi Kri. Pòl defann otorite li kòm Apot Jezi Kri, paske moun Korent yo te gen dout sou otorite li. Li rele kreyen Korent yo «Legliz Bondye ki Korent» pou l fè yo sonje yo se Legliz Kris la. Se lafwa, lespwa ak renmen ki egziste ant tout Legliz lokal yo ki fè Legliz inivèsèl la.

Bondye rele nou pou nou sen. Fòk nou sen, men nou deja sen. Paske mo sen an, nan sans Bib la vle di yon moun, oubyen yon bagay, Bondye mete apa pou li. Moun ki batize yo, se moun yo mete apa pou Bondye e ki fè pati pèp ki pou Bondye a. Legliz la se «asanble moun sen yo», li pa ni plis ni mwens pase sa.

Depi nan kòmansman, Pòl pale sou sa ki nannan lèt sa a : Jezi Granmèt la se sèl Mèt Legliz la. Pòl nonmen Jezi Kri 9 fwa nan 9 vèsè sa yo. Sa montre nannan mesaj Pòl la, epi li montre figi moun ki ekri lèt la : Pòl se yon apot li ye, epi sèl prèch li se Jezi Kri.

Sa ki fè inite Legliz la se batèm nan non Jezi Kri.

«*Nan Jezi Kri*» gen yon pakèt sans :

Nou se pitit gason ak pitit fi Bondye kreye pòtre sèl pitit gason li a, epi Bondye renmen nou «*nan Jezi Kri*», nou deja gen valè pou li.

Papa a sove nou «*nan Jezi Kri*», sa vle di dapre plan sekrè delivrans lan ki reyalize nan Kris la epi Kris la fè nou konnen an.

nou an. **9** Se Bondye sila, ki serye tout-bon an, ki te rele nou, pou nou fè yon sèl ansanm ak Pitit li a, Jezi Kri Granmèt nou an.

<sup>1</sup>Tes  
5,24;  
Eb  
10,23;  
Wm  
8,17

## Dezakò nan Legliz la

**10** Frè m yo, mwen priye nou angras, nan non Jezi Kri, Granmèt nou an, pou nou tout gen menm pawòl, san nou pa gen dezakò. Reyèlman vre, se pou nou fè youn nan menm lespri ak menm lide. **11** Paske, frè m yo, moun pa Kloye yo, vle fè mwen konprann jan youn ap chèche lòt kont. **12** Men sa mwen vle di la a : Chak moun bò pa l ap di : «Mwen menm, se pou Pòl mwen ye.» «Mwen se pou Apolòs.» «Mwen menm, se pou Kefas mwen ye.» «Mwen menm, se pou Kris la mwen ye.»

Wm  
12,16;  
2Kor  
13,11;  
Flp 2,2

**13** Èske Kris la, fè plizyè mòso? Èske se Pòl yo te klosure sou kwa a pou nou, oubyen, èske se sou non Pòl yo te batize nou? **14** Mwen di Bondye mèsi, paske mwen pa t batize pèsonn nan nou, sòf Krispis ak Gayis, **15** pou pyès moun pa kapab di, se nan non mwen

3,23;  
2Kor  
10,7

Lè nou «*nan Jezi Kri*» sa vle di : nou fè pati Kò Kris la, nou resevwa Leespri Jezi ki leve byen vivan an, epi nou gen pwòp lavi l nan nou.

Kominote Korent lan dwe kenbe fèm nan sa li te resevwa a : lafwa nan Jezi Kri. Leespwa ki kenbe fòs lafwa a se lespwa Kris la ap tounen. Premye jenerasyon kreyen te kwè yo t ap temwen retou Kris la nan glwa li pou l jije tè a, epi pote kouwòn viktwa a pou patizan l yo.

T Ap  
18,8;  
Wm  
16,23

**1,10 :** Divès apot te ale Korent (12,28). Kèk moun nan kominote yo te pwofite sa pou yo fè ti gwooup ki pran tèl apot pou modèl epi ki te vle montre your pi siperyè pase lòt. Pòl pale sou inite Legliz la nan Non Jezi ki Granmèt la. Kominote Korent lan te divize sou divès pwen : gen divizyon ant rich ak pòv, ant moun lib ak esklav, ant fi ak gason, ant moun ki konsèvatè ak moun ki pi avanse, ant Jwif ak Grèk yo, ant pechè biblik ak moun ki onèt.

Tout bagay sa yo jwenn plas yo nan kominote Korent lan, yon kominote ki rich anpil ak kado Bondye ba yo, men ki te gen anpil dezakò tou, menm jan ak nenpòt kominote kreyen jounen jodi a. Pòl rele yo pou yo tounen met tèt yo ansanm nan Jezi Kri. Li ta posib manm kominote Korent lan te reyini tout ansanm nan yon menm kay pou yo selebre Lekaristi a yon fwa nan semèn lan. Men yo te konn fè reyinyon nan

nou te batize.<sup>16</sup> Se vre mwen te batize tout moun lakay Estefan tou. Apre sa, mwen pa konnen si mwen te batize kèk lòt moun ankò.<sup>17</sup> Dayè, Kris la pa t voye m pou m te batize, men pou m bay Bon Nouvèl la, pa ak bèl pawòl nèg save, pou kwa Kris la pa vin san valè.

### Pawòl lakwa a, se fòs Bondye, se bon konprann Bondye

<sup>2Kor  
2,15;  
Wm  
1,16</sup> <sup>18</sup> Paske koze kwa a, pou moun k ap peri yo, se bagay moun fou. Men pou nou menm ki sove, li se fòs Bondye.  
<sup>Iz  
29,14;  
Sòm  
33,10</sup> <sup>19</sup> Sa te déjà ekri: «*Mwen va detwi bon konprann moun bon konprann yo. Mwen va rejte lespri moun lespri yo.*»  
<sup>Iz  
33,18;  
19,12</sup> <sup>20</sup> Kote moun save a? Kote moun ki fò nan ekri a? Kote moun ki renmen fè diskisyon nan tan sa a? Èske Bondye pa fè mòd konprann tè sa a tounen pa-wòl moun fou?<sup>21</sup> Paske tè a, nan mòd konprann pa l, pa t konnen Bondye nan bon konprann Bondye a, Bondye menm pran plezi l pou li sove, nan foli prèch la, moun ki kwè yo.<sup>22</sup> Bò kote pèp Jwif la, y ap mande mirak, bò kote Grèk yo menm, y ap chèche bon konprann,<sup>23</sup> nou menm menm, n ap preche yon Kris yo te kloure sou kwa a. Se yon antrav pou Jwif yo, epi pou pèp etranje yo menm se afè moun fou.<sup>24</sup> Men pou sila yo Bondye rele, ni Jwif

<sup>Mt  
12,38;  
16,1;  
Jn 2,18;</sup>

<sup>4,48;  
6,30</sup>

ti gwoup tou divès kote laval la. Konsa yo fè divès kalite reyinyon epi se sa ki fè moun yo kòmanse gen diferans ak divizyon nan mitan yo.

**1,17-25**: Menm si kretyen Korent yo pa gran entelektyèl, yo renmen bèl diskou epi yo vle fè tèt yo pase pou moun save. Nan épòk sa a, nan tout rejim anpi women an, anpil moun t ap mache dèyè konesans sekèrè, epi yon kantite moun nan Legliz la te konprann lafwa se te yon mwayan pou moun jwenn yon konesans siperyè. Poutan, Pòl pral di yo: tout bon konprann kretyen an se nan kwa a li ye. Pi bèl fason Bondye montre pouwva li se Jezi yo te kloure sou kwa a. Kwa a se feblès, se pèdi batay ak wont, paske se sou kwa yo te konn mete asasen yo, volè yo ak kriminèl yo. Pòl te prezante bay Jwif ki t ap tann yon Mesi ki gen pouwva a, yon moun yo te kloure sou kwa, epi sa a se te yon bagay dwòl pou yo, yon bagay ki fè yo bite. Men pou moun ki kwè yo se bon konprann, se fòs Bondye.

ni Grèk, se Kris la, fòs Bondye ak bon konprann Bondye:<sup>25</sup> paske sa ki foli pou Bondye gen plis bon konprann pase moun, epi sa ki feblès Bondye gen plis fòs pase moun.

<sup>26</sup> Frè m yo, gade, nou menm Bondye rele a, se pa anpil moun ki gen lespri dapre tè a, ni se pa anpil moun ki gen pouwva, ni nonplis anpil moun gwo fanmi.<sup>27</sup> Bondye chwazi sa ki sòt dapre tè a, pou fè nèg lespri yo wont. Bondye chwazi sa ki fèb dapre tè a, pou fè sa ki gen fòs wont.<sup>28</sup> Se sa ki pa pote gwo non dapre tè a, sa yo meprise, sa ki pa vo anyen, se yo Bondye chwazi pou fè sa ki kichòy wont,<sup>29</sup> pou okenn kreyati pa vin vante tèt li devan Bondye.<sup>30</sup> Se grasa li nou twouve nou <sup>Kol 2,3</sup> nan Jezi Kri, li menm ki tounen bon konprann pou nou, ki fè nou gen valè, ki fè nou vin sen, ki fè nou jwenn delivrans ki sòti nan Bondye,<sup>31</sup> jan sa ekri a: «*Moun ki vante tèt li, se nan Gran-mèt la li vante l.*»

<sup>Jer  
9,23;  
2Kor  
10,17;  
Gal 6,4</sup>

**2** <sup>1</sup> Lè mwen te vini lakay nou, frè m yo, mwen pa t vini ak gwo diskou ni gwo lide pou m anonsé nou plan sekèrè Bondye a. <sup>2</sup> Men, lè mwen te nan mitan nou, mwen pa t vle konnen lòt bagay pase Jezi Kri, Sila a yo te kloure sou kwa a. <sup>3</sup> Mwen te ale bò kote

**1,26-29**: Legliz Korent la te fòme ak moun senp, e se sa ki te richès li. Tout moun gen plas yo ak misyon yo nan Legliz la, men moun pòv yo gen yon wòl ki enpòtan anpil. Bondye konte sou moun ki pòv pou yo bay moun rich yo Levanjil la, epi menm moun ki nan tèt Legliz la. Jan Monseyè Oscar Romero te konn di: «*Pòv yo te montre m kouman pou m li Levanjil la.*»

Menm jan nan kòmansman listwa pèp Bondye a, li te chwazi esklav yo (gade nan liv Egzòd), kounye a li chwazi moun ki pa gen valè devan sosyete yo, pou li montre fòs bon konprann li a. Pwojè Bondye a pa menm ak pwojè moun sou tè a.

**2,1-5**: Pòl te santi l fèb anpil, premye fwa li te ale pote Levanjil la nan yon gwo vil grèk ki te gen anpil filozòf ak yon kilti ki diferan nèt ak kilti Jwif la. Nou rankontre menm santiman sa yo nan moun ki vle evanjelize sosyete jodi a.

nou, tou fèb, ak anpil laperèz ak latranchad. <sup>14,25; 1Tes 1,5</sup> <sup>Epi pawòl mwen, prèch mwen, se pa pawòl nèg fò ki ta kapab pran tèt moun, men se aksyon fòs Lespri Sen an,</sup> <sup>5</sup> dekwa pou lafwa nou pa chita sou mòd konprann nèg save, men sou fòs Bondye.

### Bon konprann patizan Jezi a

<sup>Eb 5,12; Kol 2,15</sup> <sup>6 Mòd konprann nou pale ak moun ki granmoun nan lafwa yo, se pa mòd konprann moun tè a, ni mòd konprann chèf yo sou tè a, ki kondane pou disparèt.</sup> <sup>7 Men, n ap pale sou bon konprann Bondye, kòm yon sekèrè ki te kache, Bondye te pare davans depi toutan pou lonè nou.</sup> <sup>8 Bon konprann sa a, okenn chèf sou tè sa a pa t janm konnen li.</sup> <sup>9 Si yo te konnen l, yo pa ta janm kloure Granmèt ki gen tout lonè a sou kwa a.</sup> Men jan sa te ekri: « *Sa ni je pa t wè, ni zòrèy pa t tandé, ni ki pa janm vini nan lide moun, se sa Bondye te pare pou moun ki renmen l yo.* » <sup>10 Se nou menm Bondye fè konnen sa grasa Lespri a, paske Lespri a egzaminen tout bagay, ata sa ki pi fon nan Bondye.</sup> <sup>11 Kilès moun ki kapab konnen sa ki Iz 64,3</sup>

**2,6-16:** Pòl pa t sèvi ak bèl diskou filozòf yo pou li evanjelize moun Korent yo. Okontrè li te preche ak feblès li, epi li te anonsé yo Jezi Kri, e Jezi Kri yo te kloure sou kwa a. Si moun Korent yo te rive resevwa lafwa a se grasa Lespri Sen an ki te fè travay li nan yo, atravè Pòl. Kretyen ki te pwofonde nan lafwa sa a se yo ki gen bon konprann toutbon an. Bon konprann toutbon an se konnen Bondye te sove tè a toutantye nan Jezi Kri. Bon konprann sa a se travay Lespri Sen an. Moun ki toujou kwè se sèl pwòp kapasite l ki kapab sove l, pa konnen ki moun Bondye ye, e li pa konprann fason Bondye aji.

**2,8-9:** La a Pòl pale sou lavi Jezi nèg Nazarèt la. Ni chèf Jwif yo, ni chèf women yo pa t rekonnèt ki kalite pwojè Jezi te genyen. Se Pwojè Bondye a ki te pran chè nan Jezi. Li te viv tankou moun ki pi fèb yo, moun ki pi pòv yo, epi li te denonse moun ki te gen pouvwa yo. Tout lavi Jezi se te yon bagay kache pou gwo chèf yo ki pa t kapab konnen l.

Pou Pòl pale sou bon konprann Bondye a, li sèvi ak Izayi 64,3 : *Pa gen je ki te wè ni zorèy ki te tandem ni entelijans moun te panse...* epi li ajoute yon faz : *sa Bondye te pare pou moun ki renmen li yo.*

nan yon moun, si se pa lespri ki ann-dan moun nan? Konsa tou pèsonn pa kapab konnen sa ki nan Bondye si se pa Lespri Bondye. <sup>12</sup> Nou menm, se pa lespri tè a nou resevwa, men se Lespri ki sòti nan Bondye, pou nou kapab konnen tout bèl kado Bondye ofri gratis. <sup>13</sup> Se konsa, bagay n ap pale yo, se pa nan men moun save tè a nou aprann yo, men se pawòl Lespri a montre nou, kote nou esplike bagay Lespri a ak mwayen Lespri a. <sup>14</sup> Moun ak lide moun, pa kapab resevwa bagay ki sòti nan Lespri Bondye, paske pou li, se bagay moun sòt, ni li pa kapab rive konprann, paske se ak konkou Lespri a sèl sa kapab fèt. <sup>15</sup> Moun ak Lespri Bondye, ap jije tout bagay, men li menm, pèsonn pa kapab jije l. <sup>16</sup> Paske, *ki moun ki te janm konnen sa ki Iz 40,13 nan lide Granmèt la pou li ta rive montre l kichòy?* Men nou menm, nou gen lide Kris la.

<sup>3,1;  
12,10;  
1Tes 5,19</sup>

### Moun Korent yo tankou ti bebe nan chemen lafwa a

**3** <sup>1</sup> Pou mwen, frè m yo, mwen pa t kapab pale ak nou kòmsi nou te

**2,10-12:** Men Pòl te konsidere pwòp kado Lespri Sen an te ba li yo, ni kòm pwofèt ni kòm apot. Li montre laverite toutbon yo ki pa mande anpil pawòl, men ki mande pou moun gen les-pwa nan mèvèy Bondye a. Ki mèvèy sa a? Se sa Bondye ye ak sa li vle ba nou nan Jezi Kri. Moun ki gen Lespri Bondye ak esperyans lafwa, menm si li pa pase lekòl, li konnen bagay Bondye yo.

**2,11-16:** Pèsonn pa kapab konnen sa ki nan Bondye si se pa Lespri Bondye. Pèsonn pa konnen sa ki nan kè lòt si moun sa a pa montre l. Se sèl mèt kè a ki konnen sa li gen nan kè li (Pvv 14,10; 20,27) e se sèl li menm ki kapab kite lòt yo wè l. Pòl di nou se menm bagay ak mèvèy Bondye a. Se sèl Lespri Sen an ki konnen sa ki nan kè Bondye, e se li menm ki fè moun antre nan bon konprann Bondye a. Pòl montre moun Korent yo sa Lespri a te montre li, men moun Korent yo dwe ouvri lespri yo pou yo resevwa bon konprann sa a. Pou yo rive konprann sa Bondye ye ak sa Bondye vle, fòk yo gen menm lide ak Jezi Kri. Li fini ak yon gwo kontantman : **Nou gen menm lide ak Jezi Kri!**

**3,1-4:** Si kretyen yo mete konfyans yo nan yon lidè, nenpòt ladán yo, yo montre lafwa yo pa fèm, lafwa yo pa t ko rèk. Lè yo fè sa, yo pa

moun ki anba pouvwa Lespri a, men kòm moun ki anba pouvwa kò a, tankou timoun piti nan Kris la. <sup>2</sup>Mwen te ban nou lèt pou nou bwè, mwen pa t ban nou gwo manje, paske nou pa t ko gen fòs pou sa. Men jis kounye a, nou pa t ko kapab, <sup>3</sup>paske se anba pouvwa kò a nou ye toujou. Depi gen jalouzi ak goumen nan mitan nou, èske se pa anba pouvwa kò a nou ye, èske se pa dapre lide moun n ap mache? <sup>4</sup>Paske, lè yon moun rete li di: «Mwen, se moun Pòl mwen ye,» epi yon lòt, bò pa l: «Mwen se moun Apolòs,» èske se pa lide moun nou genyen?

<sup>1,12</sup>

<sup>5</sup>Epi, sa Apolòs ye? Pòl, sa li ye? Sèvitè ki fè nou vin kwè, e yo chak dapre sa Grammèt la te ba yo. <sup>6</sup>Mwen, mwen te plante, Apolòs, li, te wouze, men se Bondye ki te fè pouse. <sup>7</sup>Se konsa, ni moun ki plante a, ni moun ki wouze a pa anyen, men se Sila a ki fè pouse a, Bondye. <sup>8</sup>Sila a ki plante a, sila a ki wouze a, yo fè youn, yo chak pral touche pa yo dapre travay yo bay. <sup>9</sup>Reyèlman vre, se asosye Bondye nou ye epi nou menm bò laba a, nou se jaden Bondye, nou se kay Bondye bati.

<sup>10</sup>Dapre favè Bondye te fè mwen, kòm enjenyè entelijan, mwen poze fondasyon, yon lòt bati sou li. Men fòk chak moun veye kouman l ap bati. <sup>11</sup>Se sèten, pèsonn pa kapab poze lòt fondasyon pase sa ki déjà la a, Jezi Kri. <sup>12</sup>Men si yon moun bati sou fondasyon an ak lò, ajan, wòch ki gen valè, bwa,

<sup>Ef2,20;</sup>  
<sup>1Pvè 2,5</sup>

kite Lespri Bondye a gide yo. Moun Korent yo te gen anpil pwoblém, men sa ki te pi rèd se te chirépit ak jalouzi ki t ap menase detwi kominote a. Pou kòmanse, Pòl di yo li pa kapab pale ak yo tankou moun ki granmoun lakay yo, paske yo tankou timoun nan Lafwa. Men etap Lafwa timoun nan dire plis pase sa ki nòmal. Yo dwe grandi nan Lafwa. Yo pa kapab kontinye toutan kòm timoun. Sèvitè kominote yo, yo pa mèt kominote a. Yo plante, wouze, bati... men se sèl Bondye ki fè kominote yo grandi. Sèvitè yo se kolaboratè Bondye yo ye.

**3,5-17:** Pòl te sèvi ak de lide, jaden ak kay, pou li prezante lidè kominotè toutbon an. Sèvitè a gen wòl reyini tout moun ak Lafwa nan Jezi Kri

zèb, pay, <sup>13</sup>travay chak moun ap parèt aklè. Reyèlman vre, se Jou a k ap fè wè sa, paske se nan dife l ap parèt. Se dife a ki va montre kalite travay chak moun. <sup>14</sup>Si yon moun ta bati epi travay li ta kenbe fèm, l ap resevwa rekompans li. <sup>15</sup>Si travay yon moun ta boule, l ap fè pèt, men moun nan menm ap sove, men tankou moun ki pase nan dife.

<sup>16</sup>Èske nou pa konnen se Tanp Bondye nou ye e Lespri Bondye a rete nan nou? <sup>17</sup>Si yon moun detwi tanp Bondye a, Bondye ap detwi moun sa a. Reyèlman vre, tanp Bondye a se bagay ki sen, se sa nou ye, nou menm.

### Bon konprann moun sou tè a

<sup>18</sup>Pinga pèsonn twonpe pwòp tèt li. Si youn nan nou ta kwè li se moun bon konprann nan tan sa a, se pou li vin fou pou li tounen moun bon konprann vre.

<sup>19</sup>Paske sa moun sou tè sa a rele bon konprann, devan je Bondye se bagay moun fou. Men sa ki ekri: «Se nan pwòp riz yo li pran moun bon konprann yo.» <sup>20</sup>Men yon lòt ankò: «Grammèt la konnen sa ki nan lide moun bon konprann yo, se pa anyen menm.»

<sup>21</sup>Poutèt sa, pinga pèsonn mete lògèy li nan moun. Reyèlman vre, tout bagay se pou nou: <sup>22</sup>ni Pòl, ni Apolòs, ni Kefas, ni tè a, ni lavi, ni lanmò, ni tan kounye a, ni tan k ap vini an, tout se pou nou, <sup>23</sup>men nou menm, se pou Kris la nou ye, epi Kris la menm se pou Bondye li ye.

pou yo kontinye travay Jezi te kòmanse nan listwa moun yo. Yo pa dwe vante tèt yo, paske pwojè a se pa pwojè pa yo. Si yo fè yon bon travay se paske se Bondye sèl ki fè travay la reyisi epi se Bondye menm ki bay moun kapasite pou li fè travay là tou.

**3,16:** Kominote kretyen an se Nouvo Tanp Bondye. Li pa fèt ak wòch, li fèt ak moun vivan yo. Tanp sa a sakre, paske Bondye rete nan li. Okenn moun pa te di yon bagay ki pi bèl pase sa sou diyite moun. Pòl kondane nenpòt moun ki detwi diyite moun, ki fè abi, ki mete moun sou kote, oubyen ki meprize yo. Moun ki fè sa y ap jwenn pinisyon nan men Bondye, paske yo meprize moun ki tanp Bondye a.

<sup>Iz 1,25;</sup>  
<sup>Mal 3,2;</sup>  
<sup>Mt 13,12</sup>

<sup>6,19;</sup>  
<sup>2Kor 6,16</sup>

<sup>Job 5,13</sup>

<sup>Sòm 94,11</sup>

<sup>1,12</sup>

<sup>Wm 8,28</sup>

**Nou se sèvitè Kris la**

**4** <sup>2Kor 5,19; Tit 1,7; Ef 3,2; Jn 5,34; Mt 6,22; Wm 2,16; 2,29</sup> Konsa, se pou yo konsidere nou tout plan sekrè Bondye. <sup>2</sup>Tou sa yo mande yon jeran, se pou yo rekonèt li kòm moun serye. <sup>3</sup>Pou mwen sa pa di m anyen si nou menm oubyen yon tribunal sou tè a jije m. Mwen menm atò, mwen pa jije pwòp tèt mwen. <sup>4</sup>Anverite, konsyans mwen pa repwoche m anyen, men sa pa di mwen kòrèk pou sa. Sèl jij mwen se Granmèt la. <sup>5</sup>Konsa, pinga nou jije anyen anvan lè, jistan Granmèt la tounen. Se li menm ki va mete tou sa ki kache nan fènwa deyò, se li ki va fè tout lide ki nan fon kè parèt. Lè sa a, se Bondye ki va bay chak moun konpliman li merite.

<sup>1,12; 3,5</sup> **6** Frè m yo, mwen te di bagay sa yo sou mwen ak Apolòs poutèt nou menm, pou nou aprann grasa sa: «*Pa ale pi lwen pase sa ki ekri a*» pou nou pa gonfle kò nou ak lògèy nan youn pran pati kont lòt. <sup>7</sup>Kilès ki ba w valè? Kisa w genyen ou pa t resevwa? Epi si se resevwa ou te resevwa poukisa w ap gonfle kò w kòmsi ou pa t resevwa?

<sup>Ap 3,17; 15,31; Wm 8,36;</sup> **8** Nou menm, moun Korent yo, nou deja gen kont nou, nou deja fin rich, san nou menm, moun Korent yo, nou se wa. Apa pito nou te wa toutbon, pou mwen ta kapab vin wa ansanm ak nou! <sup>9</sup>Mwen kwè Bondye mete nou

**3,23 :** Men nou menm, se pou Kris la nou ye, epi Kris la menm se pou Bondye li ye. Nou pa moun k ap swiv lòt moun : Bondye te fè nou pou li e se limenm sèl nou gen pou n rann kont. Bon konprann pwojè Bondye a mete tout vye pwojè sosyete yo tèt anba. Lè kominate kreyen an konnen pwojè Bondye a li pa soumèt tèt li devan nenpòt lòt mèt ni devan lòt bagay. Li rete lib nètale paske, se pou Kris sèlman li ye epi ak Kris la li pou Bondye.

**4,1-5 :** Lidè kreyen yo travay osèvis Jezi Kri, pou tout moun kapab konnen l epi viv pwojè li a. Sa tout moun ap tann nan, se pou yo serye nan fè misyon yo te konfye yo. Ki moun ki kapab jije yo ? Se sèl Bondye ki kapab jije ak jistis travay moun yo fè a, paske se li menm sèl ki konnen sa ki anndan kè moun nan; se li sèl ki wè sa ki pi fon nan moun nan epi ki ale pi lwen pase sa laparans montre.

nan dènye plas, nou menm Apot yo, tankou moun yo kondane pou mouri, paske nou tounen yon teyat ni pou tè a, ni pou zanj yo, ni pou moun. <sup>10</sup>Poutèt Kris la, nou menm Apot yo, yo pran nou pou moun fou, nou menm bò laba a, nou se moun bon konprann nan Kris la. Nou menm Apot yo, nou fèb, nou menm bò kote pa nou nou gen fòs. Y ap fè lwanj pou nou bò laba a, nou menm Apot yo, y ap meprize nou. <sup>11</sup>Jis kounye a n ap pale a, nou menm Apot yo nou grangou, nou swaf, nou toutou ni, n ap pran souflèt, n ap mache pasipala, <sup>12</sup>n ap redi nan travay di ak pwòp men nou. Y ap manke nou dega, epi n ap bay benediksyon. Y ap pèsekite nou, n ap sipòte, <sup>13</sup>y ap di vye bagay sou nou, epi n ap di bon pawòl pou yo. Nou tounen tankou fatra tè a, vye bagay tout moun, jis kounye a. <sup>14</sup>Mwen pa ekri bagay sa yo pou mwen fè nou wont, men tankou pou mwen bay pitit cheri mwen yo yon avètisman. <sup>15</sup>Paske menm si nou ta gen plis pase dimil pwofesè nan Kris la, nou pa gen anpil papa, paske se mwen ki fè nou nan Jezi Kri, nan anonse nou Bon Nouvèl la. <sup>16</sup>Tanpri, mwen ankouraje nou, pou nou pran egzanp sou mwen.

<sup>11,1; Flp 2,5; 1Tes 3,6</sup> **17** Se pou sa, mwen te voye Timote ban nou, pitit cheri mwen an, ki kenbe lafwa l fèm nan Granmèt la. Li va fè

**4,6-13 :** Yo mete Misyonè Kris yo nan dènye plas, yo pase yo nan betiz, yo pran yo pou moun ki fou; pou moun yo te kondane amò, misyonè yo te grangou, te swaf, yo bat yo, yo lage yo nan fè nenpòt kalite travay, yo pa pè fatige kò yo, yo fè tripotay sou yo, yo pran yo pou fatra tout tè a. Kouman misyonè yo reponn? Yo reponn menm jan Jezi te fè a: yo beni moun, yo fè rezistans devan mal la, yo lapriyè. Egzanp lavi Pòl la dwe fè moun Korent yo rejte lògèy yo genyen, pou yo tounen vin jwenn Kris la.

**4,14-21 :** Kominote a ta kapab gen anpil pwofesè men se Pòl sèl ki papa li, paske se li menm ki te fonde l lè l te pote Levanjil ba li a. Nan tan sa a yo pa t ko ekri liv Levanjil yo. Se apot yo ki te anonse l ak pawòl yo. Pòl di: Menm jan yon pitit obeyi papa l, kominote a dwe obeyi m kounye a, pou mwen kapab edike nou epi pou m pase Levanjil la ban nou.

nou sonje chemen mwen yo, sa yo ki nan Kris la, menm jan m ap preche yo toupatou nan tout lòt Legliz.<sup>18</sup> Kòm yo kwè mwen p ap vin lakay nou, gen kèk moun ki kite lògèy monte tèt yo.  
<sup>T Ap 19,21</sup>  
<sup>19</sup> Mwen pa lwen vin vizite nou san pèdi tan, si Granmèt la vle. Se pa pawòl moun awogan yo mwen va konnen, men pisans yo.<sup>20</sup> Paske Peyi kote Bondye Wa a pa chita nan pawòl, men nan pisans.<sup>21</sup> Kisa nou vle? Nou vle pou mwen vin bò kote nou ak baton, oubyen, ak renmen nan yon lespri tou dou?  
<sup>1Tes 1,5;</sup>  
<sup>2Kor 13,3</sup>  
<sup>2Kor 10,2;</sup>  
<sup>Gal 6,1</sup>

### N ap viv nan dezòd. Y ap pale nou mal

<sup>Lev 18,8</sup> **5** <sup>1</sup>Bri kouri toupatou gen dezòd nan mitan nou, yon kalite dezòd yo pa menm jwenn nan mitan pèp etranje yo, jistan yon moun rive pran madanm papa li.<sup>2</sup> E n ap vante tèt nou. Èske nou pa ta pran dèy, pou wete moun ki fè zak sa a nan mitan nou?<sup>3</sup> Kanta mwen menm, si mwen pa la ak kò mwen, mwen la ak lespri mwen, epi pou mwen, moun sa a ki fè zak sa a, mwen déjà jije l kòmsi mwen te la.<sup>4</sup> Lè nou reyini nou menm ansanm ak lespri mwen nan non Jezi Granmèt la, an-  
<sup>M 18,18;</sup>  
<sup>t</sup> sanm ak fòs Jezi Granmèt nou an,<sup>5</sup> se

Li te voye Timote al jwenn kominate Korent lan kòm pitit li ki fidèl. Nan Timote kominate a kapab rekonèt eritaj Pòl kite pou yo toutbon an.

**5,1 : bri kouri toupatou... yon moun rive pran madanm papa li.** Madanm papa l se pa manman l, se «bèlmè» li. Sa moun Korent yo te aksepte pou yon moun fè anandan kominate a, se yon bagay ni Lalwa Jwif yo (Lev 18,8) ni Lalwa women yo pa t kapab tolere. Moun Korent yo vante tèt yo pou anpil kado Bondye ba yo, men yo tolere zak sa a. Pòl denonse yo tolere gwo dezòd sa a nan mitan yo.

**5,4-5 : «Se pou nou lage kalite moun sa a bay Satan»** sa vle di mete l deyò nan kominate a. Konsa moun ki fè dezòd sa a ap pran konsans li koupab, li fè yon bagay ki pa bon ditou. Apre li rekonèt li fè peche a, li kapab tounen vin jwenn Bondye.

**5,7 : Wete vye ledven an.** Ledven an te fèt ak pat ki dòmi, ki vyeyi. Kòm Jwif yo te sèvi ak pen san ledven pou selebre Fèt Pak la, se konsa tou, Kretyen yo dwe tankou pen san ledven, sa vle di konpòtman yo dwe san tach, si yo vle selebre

pou nou lage kalite moun sa a bay<sup>Ap 2,22</sup> Satan, pou kò a detwi epi pou lespri a kapab sove nan Jou Granmèt la.<sup>6</sup> Li pa bèl pou n ap fè lwanj pou tèt nou. Èske nou pa konnen yon ti kras ledven kont pou fè tout farin nan leve?<sup>7</sup> Wete vye ledven an, pou nou tounen yon pat tou fre san ledven. Reyèlman vre, nou pa gen ledven nan nou, paske yo te sakri-fye Kris la, Pak nou an.<sup>8</sup> Konsa an nou fè fèt, pa ak vye ledven an, vye ledven mechanste ak tou sa ki mal, men ak pen fre san ledven, kidon nan mache dwat ak nan laverite.

### Pozisyon Pòl nan koze a

<sup>9</sup> Nan lèt la, mwen te ekri nou pou nou pa mele ak moun ki nan dezòd,<sup>10</sup> mwen pa t ap pale sou tout moun ki nan dezòd sou tè sa a, oswa sou moun ki renmen lajan twòp, eskanmòtè ak moun ki nan sèvi zidòl yo, konsa nou ta oblige kite tè sa a.<sup>11</sup> Men, mwen te ekri nou pou nou pa mele ak sila a, ki menm si l pote non frè, ap viv nan dezòd, oswa renmen lajan twòp oswa nan sèvi zidòl, nan pale lòt mal, tafyatè oswa eskanmòtè. Ak yon moun konsa menm manje nou pa dwe manje ak li.<sup>12</sup> Èske sa gade m pou mwen jije moun

<sup>6,9;</sup>  
<sup>Mk 7,21;</sup>  
<sup>Gal 5,19;</sup>  
<sup>1Tm 1,9;</sup>  
<sup>Ap 21,8;</sup>  
<sup>Wm 13,13</sup>

<sup>Kol 4,5;</sup>  
<sup>1Tes 4,12</sup>

Pak la ak diyite. Pòl sèvi ak mo ledven an nan menm sans Jezi te sèvi ak li nan Matye 16,11-12. Koripsyon moral la pa janm piti. Li toujou gen fòs pou li grandi epi gate pat la. Kretyen yo dwe rete nan mitan sosyete a, san men yo pa tranpe nan sa ki pa bon.

**5,9 : Nan lèt la, mwen te ekri nou, pou nou pa mele ak moun ki nan dezòd.** Pòl te gen tan ekri yon lòt lèt ki pèdi.

**5,10 : Kretyen yo pa bezwen pè viv nan mitan pechè, paske yo menm tou yo se pechè (1 Jn 1, 8-9), e yo se patizan Kris la ki te manje ak pechè yo pandan li t ap anonse yo Bon Nouvèl la. Men Pòl pa aksepte pou yo kenbe, nan mitan yo, moun ki kontinye ap viv ak peche yo, epi ki pa rekonèt yo dwe repare yon eskandaliblik.**

**5,12 : Eske sa gade m pou mwen jije moun ki deyò yo.** Sa vle di moun ki pa nan Legliz la. Ak moun ki pa kretyen yo, e ki nan sèvis zidòl, ki eksplwate moun, ki pa konn separe ak lòt, Pòl di moun Korent yo dwe viv ak yo nòmalmnan. Kretyen yo se pa yon bann ki apa. Men yo pa dwe manje ansanm ak moun ki anndan komino-

ki deyò yo? Èske se pa moun ki ann-dan yo n ap jije, nou menm? <sup>13</sup>Moun ki deyò yo, se Bondye ki va jije yo. Wete moun ki nan dezòd la nan mitan nou.

### **Patizan Jezi Kri pa nan pwosè ak patizan Jezi Kri**

**6** <sup>1</sup>Kouman fè youn nan nou gen kont ak yon lòt, li gen kouraj al chèche jijman nan men sila yo ki pa kòrèk yo, pase pou l al chèche l nan men moun ki sen yo? <sup>2</sup>Èske se konnen nou pa konnen se moun ki sen yo ki va jije tè a? Epi si se nou menm k ap jije tè a, kouman fè nou pa kapab rive jije kòz ki pi piti? <sup>3</sup>Èske nou pa konnen nou tout gen pou jije zanj yo? Ale wè atò pou bagay nan lavi sa a! <sup>4</sup>Lè nou gen pou nou jije bagay lavi sa a, se moun ki pa gen valè nan Legliz la nou mete chita pou sa. <sup>5</sup>Mwen di sa pou nou kapab wont. Pou di nou pa kapab jwenn menm youn nan nou ki gen bon konprann, pou jije kont yon frè ak yon lòt? <sup>6</sup>Men, yon frè ap fè frè l pwosè, pi rèd toujou, devan moun ki pa gen lafwa! <sup>7</sup>Reyèlman vre, nou deja aji mal si nou rive nan pwosè youn ak lòt. Poukisa nou pa kite yo fè nou lenjistis pito? Poukisa nou pa kite yo pran afè nou pito? <sup>8</sup>Men se nou menm okontré

<sup>M1</sup>  
5,39;  
<sup>1Tes</sup>  
5,15;  
<sup>1Pvè</sup>  
3,9

te yo, e ki fè bagay sa yo. Pòl sevè anpil ak kretyen ki pote non kretyen, men ki pa viv dapsa Jezi montre nou.

**6,11-12:** Pòl pa dakò ak vye kalite lavi kretyen ki manke bon jijman nan kominate Korent lan. Anplis yo te divize ant yo, youn pote plent kont lòt devan jij pèp etranje yo. Epi sa ki fè bagay la vin pi rèd la, yo pote plent kont pwòp frè kretyen yo devan etranje yo. Li ta posib pou moun ki pote plent devan tribinal etranje yo se kèk moun rich ki anndan kominate a, paske se sèl yo ki te gen kòb pou yo peye avoka devan tribinal women yo. Poutèt sa, Pòl di yo: Atansyon ak richès yo. Tout richès sa yo se bagay ki te fèt sou do frè ak sè parèy yo. Fòk moun rich yo swiv chemen lajistis la dapre Levanjil Jezi Kri montre nou an, paske moun ki enjis pa gen eritaj pa l nan Peyi kote Bondye Wa a.

**6,12-20:** Mwen lib fè sa mwen vle. Li posib pou Pòl te di pawòl sa yo, men kèk moun te repete yo pou bay tèt yo rezon nan move konpòtman yo. Se poutèt sa Pòl konplete sa l te di a

k ap fè lòt lenjistis, k ap vòlè afè yo, epi sa ki pi rèd, se frè nou.

<sup>9</sup>Nou pa konnen moun k ap fè lenjistis pa kapab eritye Peyi kote Bondye Wa a? Pa twonpe nou: ni moun ki nan dezòd, ni moun k ap sèvi zidòl, ni moun k ap twonpe madanm yo ou mari yo, ni moun movèz vi, ni gason k ap sèvi ak gason, <sup>10</sup>ni vòlè, ni moun ki renmen lajan twòp, ni moun ki bay vye kout lang, ni tafyatè, ni eskanmòtè, yo p ap eritye Peyi kote Bondye Wa a.

<sup>11</sup>Epi kèk nan nou se sa yo te ye, men yo te lave nou, yo te fè nou vin sen, yo te fè nou vin kòrèk nan non Granmet la, Jezi Kri, ak nan Lespri Bondye nou an.

### **Respekte kò nou poutèt Bondye**

<sup>12</sup>«Mwen lib fè sa mwen vle,» men tout bagay pa itil mwen. «Mwen lib fè sa mwen vle,» men mwen p ap kite anyen kòmande m. <sup>13</sup>Manje fèt pou vant, vant fèt pou manje. Men Bondye ap fè ni youn, ni lòt disparèt. Kò pa la pou dezòd lachè, men li la pou Granmèt la e Granmèt la la pou kò a. <sup>14</sup>Bondye ki te leve Granmèt la byen vivan, epi nou menm tou li va leve nou byen vivan ak pouvwa l. <sup>15</sup>Èske nou pa konnen kò nou se manm Kris la? Èske

<sup>5,11;</sup>  
<sup>Gal</sup>  
<sup>5,19</sup>

<sup>Kol</sup>  
<sup>2,22</sup>

<sup>Wm</sup>  
<sup>8,11;</sup>  
<sup>2Kor</sup>  
<sup>4,14</sup>

<sup>Wm</sup>  
<sup>6,12</sup>

epi li esplike : Men tout bagay pa bon pou m fè. Pòl konbat vye lide moun yo genyen sou libète, ki ta bay moun yo tout kalite dwa nan afè sek-syèl. Pòl di yo se pa tout bagay ki bon pou lavi yon kretyen. Nou kwè kretyen Korent yo te kite kèk lide epòk la antre nan tèt yo. Grèk yo te konn di kò moun pa gen okenn valè, se sèl nanm moun ki gen valè. Konsa yo kapab fè nen-pòt vye bagay ak kò yo.

Moun Korent yo kwè tou si yo fè yon move bagay an prive ak yon moun ki vle sa, pyès moun pa gen dwa pou yo kritike yo. Pòl refize mòd lide sà a. Moun se yon inite li ye. Li fèt pou Bondye. Jezi Kri te mouri, li te leve byen vivan ak tout kò li. Kò moun fèt pou li leve byen vivan tou. Seks se yon bagay ki enpòtan pou moun. Nou se manm kò Kris la ak seks nou tou. Kò nou se yon tanp pou Lespri Sen an li ye. Nou pa kapab fè sa nou vle ak kò nou.

Depi Jezi Kri te sove nou pou nou viv nan libète toutbon an, nou pa kapab kite yo mete nou nan esklavaj yon lòt fwa ankò.

mwen ta pran manm Kris la pou mwen fè yo tounen manm yon jennès? Jamè!  
Jen 2,24

<sup>16</sup>Nou pa konnen lè yon moun kole kò I ak yon jennès, li fè yon sèl kò ak li? Reyèlman vre, yo di: «*Toude va tounen yon sèl kò.*» <sup>17</sup>Men sila a ki kole kò I sou Granmèt la, lespri l fè youn ak li.  
Jn 6,63

<sup>18</sup>Vire do bay dezòd lachè. Tout lòt peche yon moun ta kapab fè, li rete andeyò kò l, men moun ki nan dezòd lachè, li fè peche kont pwòp kò l.  
1Tes 4,3

<sup>19</sup>Oubyen èske nou pa konnen kò nou se tanp Lespri Sen an ki nan nou an, nou jwenn sòti nan Bondye? Nou pa mèt tèt nou ankò. <sup>20</sup>Se pou gwo pri yo te achte nou. Poutèt sa bay Bondye glwa ak kò nou.  
3,17; 2Kor 6,16  
7,23; 1Pyé 1,18

### Pwoblèm maryaj

Jen 2,18 **7** Men, sou pwoblèm nou te mete devan mwen nan lèt nou an, li bon pou yon gason pa gen madanm, <sup>2</sup>sèl-man pou evite dezòd lachè, se pou chak gason gen pwòp madanm li e pou chak fi gen pwòp mari li. <sup>3</sup>Se pou mari a bay madanm li sa li dwe l, menm jan tou pou madanm nan bay mari l sa li dwe l. <sup>4</sup>Madanm nan pa mèt pwòp kò l, kò a la pou mari a. Menm jan mari a tou pa mèt pwòp kò l, kò li se pou madanm li. <sup>5</sup>Pinga nou derefize lòt la, sòf si petèt toude mete nou dakò sou sa pou yon tan, pou nou okipe lapriyè. Men se pou nou retounen an-

sanm ankò, akòz fèblès nou, pou evite Satan pa pran nou nan pyèj. <sup>6</sup>Mwen di sa, se yon pèmisyon, se pa yon lòd. <sup>7</sup>Mwen ta byen renmen tout moun menm jan ak mwen. Men Bondye bay chak moun pwòp kado pa yo, youn tèl jan, yon lòt tèl jan.  
Mt 19,11

<sup>8</sup>Pou moun ki pa marye yo, ak vèv yo, mwen di konsa: li bon pou yo rete konsa tou, tankou mwen menm. <sup>9</sup>Si yo pa kapab rive kenbe, eben, se pou yo marye, paske pito yo marye pase yo boule. <sup>10</sup>Kanta moun ki marye yo, mwen mande yo, epi se pa lòd pa mwen, se lòd Granmèt la, pinga yon madanm separe ak mari l.—<sup>11</sup>Sizoka Mk 10,9 madanm nan ta separe ak mari l, se pou li rete san li pa marye, oubyen se pou li rekonsilye ak mari a.—Pinga mari voye madanm ale.  
1Tm 5,14

<sup>12</sup>Pou lòt yo, men sa mwen di yo, se pa Granmèt la non, se mwen menm: si yon frè gen yon madanm ki pa gen lafwa, ki deside viv ansanm ak li, pinga l voye l ale. <sup>13</sup>Epi si yon madanm gen yon mari ki pa gen lafwa, epi ki deside viv ansanm ak li, pinga l voye mari a ale. <sup>14</sup>Paske mari ki pa kwè a, va vin sen poutèt madanm nan, konsa tou madanm ki pa kwè a, va vin sen pou-tèt frè a. San sa, ptit nou yo pa ta pwòp, men kounye a menm yo sen!  
Jen 2,24  
<sup>15</sup>Si moun ki pa kwè a ta vle separe, kite l separe. Nan ka konsa, ni frè a, ni

**7,1-7 :** Nan kominote Korent lan te gen moun ki te nan libètinaj. An menm tan te gen lòt ki panse tout sa ki gen rapò ak kò moun se bagay ki pa bon. Dapre kèk moun, mal la se nan fè pítit ak nan relasyon maryaj la li te ye tou. Pòl di rapò sèks fi ak gason se yon bon bagay li ye, e se Bondye ki bay moun sa, tankou nenpòt lòt kado Lespri Sen an bay moun, pou yo batí Peyi Kote Bondye Wa a. Poutèt sa Pòl bay moun marye yo konsèy pou youn gen bon jan rapò ak lòt. Pòl bay maryaj la jarèt (Jenèz 1,28; 2,24). Fi ak gason gen menm dwa. Men Lespri Sen an te bay Pòl yon lòt kalite kado: li pa marye poutèt Peyi kote Bondye Wa a. Men yon moun pa kapab fè sa ak pwòp fòs li, sa se yon kado Bondye bay kèk nan nou gratis, tankou lòt kado yo. Youn pa siperyè lòt. Yo tout la pou nou batí yon sosyete ansanm dapre sa Bondye vle. Nan kesyon divòs

la, Pòl montre sa Jezi te montre déjà nan Levanjil la (Mt 19,9).

**7,8-16 :** Men sa Pòl di nan ka espesyal maryaj ant moun ki kretyen ak moun ki pa kretyen. Maryay sa yo te konn fèt anpil nan epòk sa a. Yon mari kretyen, osinon yon madanm kretyen gen pouvwa Lespri Sen an ba yo pou fanmi yo vin sen. Men si akòz yo pa gen menm lafwa a lavi maryaj la vin tounen yon lanfè, si moun ki pa kretyen an kite, moun kretyen an rete lib epi li kapab marye yon lòt fwa ankò. Pòl fè yon eksesyon pou moun ki te déjà marye anvan li te batize, paske ak batèm nan se yon lavi tounèf ki kòmanse. Yo konn rele sa «privilèj polen an», yo rekonèt ka sa a kote Legliz la kapab kase yon maryaj ant yon kretyen ak yon lòt ki pa kretyen. Sa ki enpòtan se pou nou viv ak kè poze.

sè a vin lib. Bondye te rele nou pou nou viv nan kè poze.<sup>16</sup> Madam, èske w konnen si w a sove mari w? Epi ou menm mari, èske w konnen si w a sove madam ou?

<sup>17</sup> Yon lòt bagay ankò, chak moun dwe mache dapre sa li resevwa nan men Granmèt la e dapre jan Bondye te rele I la. Se lòd sa yo mwen pase nan tout Legliz yo.<sup>18</sup> Si Bondye rele yon moun yo te fè sikonsizyon pou li, li pa bezwen wete mak sikonsizyon an. Si li rele I san yo pa t fè sikonsizyon pou li, pinga I al fè yo fè sikonsizyon pou li.<sup>19</sup> Sikonsizyon, pa sikonsizyon, sa pa vle di anyen, men se mache dapre lòd Bondye yo ki konte.<sup>20</sup> Nan kondisyon chak moun te ye lè yo te rele yo a, se la pou yo rete.<sup>21</sup> Èske w te esklav lè Bondye te rele w? Pa bay tèt ou pwoblem pou sa. Men si ou gen okazyon vin lib, pwofite pito.<sup>22</sup> Reyèlman vre, esklav yo rele nan Granmèt la, se moun Granmèt la fè vin lib. Konsa tou, moun yo rele lè li te lib se esklav Kris la li ye.<sup>23</sup> Se pou gwo pri yo te achte nou. Pa tounen esklav moun.<sup>24</sup> Frè m yo, nan kondisyon chak moun te ye lè yo te rele yo a, rete ladan I devan Bondye.

<sup>1Mkb  
1,15;  
Wm  
2,25;  
Gal 5,6</sup>

<sup>Ef 6,6;  
Fm 1,16  
6,20</sup>

**7,21:** Si w gen okazyon vin lib, pwofite pito. Gen kondisyon travay ak kondisyon lavi sosyal ki anpeche nou fè volonte Bondye, epi ki anpeche nou lib toutbon. Pòl di yo si gen yon esklav ki kapab vin lib, li bon anpil pou li. Konsa li gen dwa obeyi sèl Mèt li, Jezi Kri. Men nou pi fasil blye chak sitiyasyon sosyal gen pati esklavaj pa I. Nou pa dwe mele yon bèl lavi ak yon travay ki byen peye. Lè Kris rele yon moun pou li vin kreyten, Kris la pa gade ni sou kondisyon sosyal, ni sou kondisyon ekonomik moun nan. Jezi Kri lib, e li fè moun nan vin lib tou. Pou yon esklav batèm nan se yon delivrans li ye (Gal 5,1), pou yon moun ki lib batèm nan se mete w nan chenn pou Jezi Kri.

Sa ki enpòtan pou kreyen an se pou li vin moun pa Kris la. Li te achte nou lè I te bay pwòp lavi I pou nou an.

**7,25-40:** Vèsè sa yo te pèmèt divès kalite esplikasyon. Gen kèk pawòl Pòl yo kapab konprann divès fason. Moun Korent yo te poze Pòl kesyon sa a : Kisa ki pi bon pou yon moun : pou li marye osinon pou li pa marye? Pòl di yo, sou

### Moun ki pa marye, ak vèv yo

<sup>25</sup> Kanta pou vyèj yo, mwen pa gen lòd Granmèt la, men malgre sa, m ap bay lide pa m, paske pitye Granmèt la gen pou mwen, fè m merite konfyans.

<sup>26</sup> Mwen fin kwè li bon rete konsa akòz gwo nesesite ki gen jodi a. Wi, li bon menm pou moun rete konsa!<sup>27</sup> Ou te mare ansanm ak yon madanm, pa chèche lage w. Ou pa mare ak yon madanm, pa chèche madanm.<sup>28</sup> Si ou marye, ou pa fè peche! Si yon jèn fi marye, li pa fè peche! Moun sa yo pral gen tèt chaje nan kò yo. Se sa mwen vle evite nou.<sup>29</sup> Sa mwen vle di la a, frè m yo : tan an kout! Alèkile menm, se pou moun ki gen madanm, viv kòmsi yo pa genyen,<sup>30</sup> moun k ap kriye, kòmsi yo p ap kriye, moun ki gen kè kontan, kòmsi yo pa gen kè kontan, moun k ap achte, kòmsi yo pa kenbe

sa yo achte a,<sup>31</sup> moun k ap jwi lavi soutè a, kòmsi yo p ap jwi! Paske tè a, jan nou wè li a, ap pase.<sup>32</sup> Mwen ta vle nou san tèt chaje. Sila ki pa marye a okipe afè Granmèt la sèlman, li wè kouman pou li fè Granmèt la plezi.<sup>33</sup> Moun ki marye a menm, okipe ak bagay lavi sa a, epi pou li wè kouman pou li fè madanm li plezi.<sup>34</sup> Epi li vin separe an de.

<sup>7,16;  
Lk  
12,51;  
14,26</sup>

<sup>Wm  
13,11;  
Ef 5,16</sup>

<sup>1Jn  
2,15;  
Jk 1,11</sup>

<sup>Gal 5,1;  
Lk  
14,20</sup>

<sup>Lk 2,37</sup>

bagay sa a li pa gen lòd Granmèt la. Pa marye poutèt Peyi kote Bondye Wa a, se te yon kado tounèf ki te kòmanse jèmen nan Legliz la. Se Korent, yon vil ki te gen movèz repitasyon, kote plizyè milye jennèt t ap viv ozalantou tanp bondye fi Afwodit la, nouvo kominate a ta pral dekovri chemen rete vyèj la. Pòl kapab ba yo yon konsèy sèlman ki sòti nan pwòp espryans misyon apostolik li a. Ant de byen sa yo, maryaj ak rete san marye, li ta pi bon si yo chwazi rete san marye, paske misyon kreyen an egzije anpil tan epi li bay misyonè yo anpil traka (5,11-13).

**7,29-34:** Pòl pa meprize anyen ki nan sosyete a. Li sèlman mete tout bagay an rapò ak Peyi kote Bondye Wa a. Se sèl Peyi kote Bondye Wa a ki bay kado rete san marye a valè nan Legliz la. Lè yon moun chwazi pa marye «poutèt Peyi kote Bondye Wa a» (Mt 19,12), se pa paske I vle gen tan ak libète pou fè yon travay apostolik, men se pou I kab pran yon chemen pou renmen Bondye a antre pi fon nan Legliz la ak nan sosyete a, menm jan Jezi te fè.

Li posib pi fò misyonè premye kominate kre-

Yon fi ki pa marye epi fi ki vyèj la, I ap okipe afè Granmèt la pou li sen ni nan kò, ni nan lespri. Fi ki marye a menm okipe ak bagay lavi sa a, ak kouman pou li fè mari l plezi.<sup>35</sup> Se nan enterè nou, mwen di sa, se pa yon pèlen mwen tann pou nou, men m ap di sa ki respektab epi ki fè yon moun kapab bay tèt li san wete mòso nan sèvis Granmèt la.<sup>36</sup> Si yon nèg panse l ap aji mal ak fiyanse vyèj li a k ap antre nan laj epi si li ta oblige marye, sa li vle fè a se pou li fè l, li pa fè peche, yo mèt marye.<sup>37</sup> Men okontrè, nèg ki deside fèm nan kè l, san fòse, si l santi li mèt tèt li, si se sa li deside nan kè l, pou li kenbe fiyanse a vyèj, li va fè byen.<sup>38</sup> Konsa, sila ki marye ak fiyanse vyèj li a, fè byen, men sila a ki pa marye a, fè pi byen.

<sup>Wm 7,2</sup> <sup>39</sup> Madanm nan mare ak mari l toutan mari a ap viv, men si mari a mouri, madanm nan lib pou l marye ak moun li vle, men sèlman nan Granmèt la.<sup>40</sup> Men dapre mwen menm, l ap gen plis kè kontan si li rete konsa. Mwen kwè, mwen menm tou, mwen gen Lespri Bondye a ak mwen.

<sup>2Kor 10,7</sup> tyen yo te marye (1Kor 9,7), e yo te gen menm soufrans Pòl t ap sibi yo. Poutèt sa lavi nan rete san marye a pou yo okipe afè Peyi kote Bondye Wa a ak tout nam yo ak tout kè yo ta pi bon pase lavi moun ki marye yo. Kado Bondye bay chak moun se yo ki pi bon pou nou chak.

**7,31:** Paske tè a, jan nou wè li a, ap pase. Kris la ap tounen, sa bay anpil lespwa. Lespwa sa a dwe toujou fè pati lavi yon kretyen ak tout Legliz la.

**7,36:** Si yon nèg panse l ap aji mal... Gen divès esplikasyon yo konn bay pawòl sa yo. Gen moun ki di se te yon gason ki fiyanse ak yon fi, epi gason an pa konnen si li ta pi bon pou yo marye osinon pou li kite fi a rete vyèj. Men gen lòt moun ki bay yon lòt esplikasyon: Moun Korent yo mande Pòl: Si gen yon papa ki gen yon pitit fi ki vyèj epi ki antre nan laj, eske li dwe kite pitit li a marye osinon non ? Pòl reponn: «Papa a pa fè peche si li kite pitit fi a marye.»

**8,1:** Yon pati vyann yo te ofri bay zidòl yo nan tanp pèp etranje yo, moun yo te konn manje li la menm. Lòt pati a, yo te konn vann li nan mache (10,25). Yon kretyen ki byen konnen sa lafwa li ye, li kapab manje vyann sa a, paske li konnen se pa yon peche, men li dwe respekte sa

## Konsèy sou manje vyann zidòl

### Pwoblèm nan

**8**<sup>1</sup> Kanta pou vyann yo sèvi zidòl, nou konnen nou tout gen konesans. Konesans pote lògèy, renmen an menm bay fòs.<sup>2</sup> Si yon moun kwè li konnen kichòy, li pa t ko konnen jan li ta dwe konnen.<sup>3</sup> Men si yon moun renmen Bondye, Bondye rekonèt li.<sup>4</sup> Konsa pou kesyon manje vyann yo sèvi zidòl yo: nou konnen zidòl pa anyen sou tè a epi pèsonn pa Bondye sòf yon sèl.<sup>5</sup> Se vre, gen swadizan bondye nan syèl la ak sou tè a—menm jan gen anpil bondye ak anpil granmèt—<sup>6</sup> kanta pou nou menm, gen yon sèl Bondye: Papa a. Se nan li tout bagay sòti, se pou li nou fèt, epi gen yon sèl Granmèt: Jezi Kri. Se grasa li, tout bagay fèt, se grasa li, nou la.

<sup>13,13;</sup>  
<sup>Gal 4,9</sup>

<sup>1Wa</sup>  
<sup>5,18</sup>

<sup>12,4;</sup>  
<sup>Mt 23,8;</sup>  
<sup>Ef 4,5</sup>

<sup>7</sup> Men se pa tout moun ki gen konesans ki manje vyann yo sakrifye bay zidòl yo tankou afè zidòl. Kòm kon-syans moun sa yo fèb, li pa pwòp.<sup>8</sup> Manje pa kapab fè nou rive kote Bondye. Si nou pa manje, nou pa pèdi anyen, e si nou manje nou pa gen

lòt moun kwè, li pa dwe kritike moun ki pa kapab konprann rezon li yo.

**8,2-3:** Pòl konpare de lide sou kouman yon moun kapab jwenn Bondye. An premye, yon moun kapab dekouvri Bondye ak konesans li sou Bondye. Men tou, yon moun kapab konnen Bondye nan renmen li renmen l.

**8,10:** Si yon moun wè w... chita sou tab nan yon tanp zidòl ... Tanp yo te gen yon salon pou moun yo manje vyann yo ofri bay zidòl yo. Kretyen yo te gen kèk zanmi etranje ki te konn envite yo nan festen sa yo. Nan kèk lòt ka, lè yo te manje lakay kèk zanmi oubyen kèk vwazen, yo te ofri yo vyann ki sot nan sèvis yo. Menm jan an tou, anpil vyann yo t ap vann nan mache, se te vyann sèvis sa yo. Kretyen Korent yo mande Pòl: èske yo kapab achte vyann sa yo nan mache epi manje yo. Kretyen ki pi lib yo di wi, paske se yon sèl Bondye ki genyen epi zidòl yo pa anyen. Men te gen kèk kretyen ki te fèk sòti kite reliyion pèp etranje yo kote yo te konn an rapò ak zidòl yo nan manje yo manje vyann bét yo te ofri ba yo. Kounye a, yo santi yo pa kapab kontinye fè menm bagay yo te konn fè a, paske yo vin kretyen. Pòl pale de moun ki gen kon-

anyen anplis. <sup>9</sup>Men fè atansyon pou libète nou an pa lakòz sa ki fèb yo bite. <sup>10</sup>Paske si yon moun wè w, ou menm ki gen konesans, chita sou tab nan yon tanp zidòl, èske sa p ap ankouraje konsyans fèb li a pou l manje vyann yo sèvi zidòl yo? <sup>11</sup>Konsa sila ki fèb la ap peri poutèt konesans ou a, frè sa a, Kris la te mouri pou li a. <sup>12</sup>Se konsa, nan peche kont frè yo, nan blese konsyans fèb yo, nou peche kont Kris la. <sup>13</sup>Se poutèt sa si yon manje fè frè mwen an bite, mwen p ap janm manje vyann, pou mwen pa fè frè mwen an bite.

Mt 18,  
5-6Wm  
14,9Mt  
10,10;  
Lk 8,2TAp 18,3;  
2Kor  
11,7;  
1Tes 2,9Dtw  
20,6;  
2Tm 4,4

**9** <sup>1</sup>Èske mwen pa lib? Èske mwen pa Apot? Èske mwen pa t wè Jezi, Granmèt nou an? Se pa travay mwen nou ye nan Granmèt la? <sup>2</sup>Si pou lòt moun, mwen pa Apot, pou nou menm, se sa mwen ye. Reyèlman vre, nou se mak misyon mwen an nan Granmèt la. <sup>3</sup>Kouman m ap defann tèt mwen ak moun ki akize m yo? <sup>4</sup>Èske nou pa gen dwa manje ak bwè? <sup>5</sup>Èske nou pa gen dwa mennen yon madanm ki yon sè nan Kris la ak nou tankou lòt Apot yo, tankou frè Granmèt la yo, tankou Kefas? <sup>6</sup>Èske se mwen sèl ak Banabe ki pa gen dwa pa travay? <sup>7</sup>Ki moun ki janm fè sèvis nan lame ak pwòp lajan

syans fèb, sa vle di konsyans yo ap woule de bò oubyen li pa fòme ase. Yo panse gen peche kote ki pa gen peche, oubyen yo fèb epi yo aji tankou lòt yo menm si konsyans yo repwoche yo.

Nan vèsè sa a Pòl pale pou sa ki pi fò nan konesans yo epi li di yo: Nou gen rezon lè nou di wi, nou kapab manje vyann sa a, paske zidòl yo pa anyen. Si nou manje vyann sa yo, pou nou menm, se tankou nenpòt ki lòt vyann. Men nou blye lòt dimansyon libète kretyen an genyen: solidarite ak sa ki pi fèb yo. Prensip ki pi konsekan nan bon konprann kretyen an se renmen an ak solidarite a.

Diskisyon ki te kòmanse nan chapit sa a pral bout nan 10,23-11, men Pòl pral kite koze a san li pa fini l nan chapit 9 la. Nan 10,14-22, Pòl pral di karebare okenn kretyen pa kapab patisiye nan festen sa a si se anndan tanp lan.

**9,1-2:** Te gen kèk moun Korent ki te poze tèt yo késyon sou otorite Pòl kòm apot. Pòl defann vokasyon ak misyon li kòm apot tankou lòt apot

pa l? Ki moun ki janm plante rezen pou l pa manje nan donn li? Oswa, kilès k ap okipe mouton, pou l pa bwè lèt mouton yo? <sup>8</sup>Sa mwen di la a, èske se mwen k ap pale tankou moun, ki fè mwen di li? Èske Lalwa a pa di sa? <sup>9</sup>Men sa ki ekri nan Lalwa Moyiz la: «Ou p ap mare bouch bëf k ap kraze ble a anba pye l.» Èske se pwoblèm bëf Bondye ap okipe? <sup>10</sup>Oubyen èske se pou nou menm espre l ap pale? Se pou nou vre yo te ekri sa a: Sila k ap travay tè a, dwe fè l ak lespwa e sila a k ap bat ble a, dwe fè l ak lespwa jwenn pòsyon pa l. <sup>11</sup>Si nou te simen byen lespri nan nou, moun Korent yo, èske se yon gwo afè si nou rekòlte byen materyèl nan men nou? <sup>12</sup>Si lòt gen dwa sa a sou nou, moun Korent yo, poukisa se pa nou pito ki genyen l? Men nou pa t sèvi ak dwa sa a, okontrè, nou te sipòte tout bagay pou nou pa bay Bon Nouvèl Kris la okenn contraryete. <sup>13</sup>Èske nou pa konnen moun ki fè sèvis nan Tanp lan, yo manje nan sa ki nan Tanp lan, epi moun k ap fè sèvis lotèl la, se nan pòsyon ki sou lotèl la li wete pa l? <sup>14</sup>Se konsa tou Granmèt la te pase lòd bay moun k ap ananse Bon Nouvèl la, pou yo viv tou grasa Bon Nouvèl la. <sup>15</sup>Mwen menm mwen pa t sèvi ak okenn dwa sa yo.

Dtw  
25,4Wm  
15,27;  
Gal 6,6Dtw  
18,1

Lk 10,7

2Kor  
11,10

Jezi te chwazi yo, paske li te wè Granmèt la. Ki prèv li ba yo li se apot? Se yo menm menm ki prèv Pòl se yon apot toutbon, paske yo te resevwa Lespri Sen an grasa aktivite misyonè Pòl.

**9,5:** Pòl prezante tèt li tankou yon egzanp pou kretyen ki kwè yo pi lib, e yo pi avanse pase lòt yo. Menm si li te gen dwa pou l resevwa kòb nan men kominote a, li te refize fè sa pou l te kapab rete pi lib pou li evanjelize moun yo san okenn anpechman.

**9,13-15:** Pòl mande moun Korent yo pou yo pa toujou sèvi ak dwa yo genyen pou yo manje vyann tanp yo epi li pran tèt li kòm egzanp, paske li te refize jwi dwa li te gen pou kominote a te ba li manje, oswa pou peye l. Nòmalman kominote a te soutni apot ki te konn vizite l yo. Lòt apot yo, menm apot Pyè, te ale fè misyon ansanm ak madanm yo. Pou sa kominote a te dwe depanse plis kòb toujou. Pòl pa t egzije èd sa a, epi li te viv ak pwòp travay li (Travay 18,3) pou li pa bay kominote a pwoblèm. Pòl fache

Epi mwen pa ekri sa, pou sa rive pou mwen. Reyèlman vre, pito mwen ta mouri, pase pou pèsonn ta fè fyète m genyen an vin san valè. <sup>16</sup> Si m ap preche Bon Nouvèl la se pa pou lwanj tèt pa m, se yon nesesite pou mwen. Malè pou mwen si mwen pa bay Bon Nouvèl la! <sup>17</sup> Si mwen fè l poutèt se mwen ki chwazi fè l, m ap jwenn yon rekompans. Men si se pa mwen ki chwazi fè l, se yon travay yo fòse m fè, <sup>18</sup> kisa atò ki rekompans mwen? Se pou preche m ap preche Bon Nouvèl la, mwen bay li gratis san mwen pa sèvi ak tout dwa Bon Nouvèl la ban mwen. <sup>19</sup> Se konsa, menm lè mwen lib devan tout moun, mwen vin esklav tout moun, pou mwen rive pran tèt piplis moun. <sup>20</sup> Mwen tounen tankou Jwif ak Jwif yo, pou mwen pran tèt Jwif yo, ak moun ki anba Lalwa a, mwen tounen tankou yon moun ki anba Lalwa, kwak mwen menm mwen pa anba Lalwa a, pou mwen pran tèt sila yo ki anba Lalwa a. <sup>21</sup> Mwen tounen tankou moun ki san lwa ak moun ki san lwa yo, kwak mwen pa yon moun ki pa anba Lalwa Bondye, paske mwen anba Lalwa Kris

T Ap 26,19;  
2Kor 5,14  
  
T Ap 16,3;  
21,23  
  
11,1;  
Gal 2,20;  
Wm 14,1;  
15,1

paske moun Korent yo ap kritike l, paske li fè travay ak men l tankou moun ki pi ba nan soyete a. Yo di yon apot pa dwe fè sa. Pòl di plizyè fwa li gen dwa jwenn manje l nan men kominate a, men li te renonse dwa sa a, pou li kapab rete lib. Eske Pòl vle pou moun Korent yo fè lwanj pou li pou sa? Janmè lavi!

*Eske nan premye kominate kreyen yo se Douz Apot sèlman ki te genyen?*

Enfòmasyon sa yo enpòtan pou nou konnen kèk bagay sou lavi premye kominate kreyen yo. Se pa sèlman douz patizan Jezi te chwazi yo te rele apot. Gen misyonè tou ki te resevwa tit sa a jan nou wè sa nan Wm 16,7; 1Kor 12,28; Ef 4,11. Pami yo, gen non yon fi yo site (Wm 16,7). Nan sans sà a, yon apot se tout moun yo bay manda al preche Levanjil la. Men pi ta, yo pral kenbe tit sa a pou Douz yo ak Pòl sèlman, epi Banabe.

**9,16:** Pòl santi li se yon pwofèt Bondye voye bay mesaj li a. Li fè nou sonje Jeremi (15,16) ki te santi pawòl Bondye a tankou yon dife nan zantray li (20,9). Poutèt sa Pòl di: *Malè pou mwen si mwen pa bay bon nouvèl la!*

**9,22:** *Mwen tounen tout bagay pou tout*

la, pou mwen pran tèt moun ki san lwa yo. <sup>22</sup> Mwen tounen tankou yon moun ki fèb ak moun ki fèb yo, pou mwen pran tèt moun ki fèb yo. Mwen tounen tout bagay pou tout moun, pou mwen sove kèk nan yo kanmenm. <sup>23</sup> M ap fè tou sa poutèt Bon Nouvèl la, pou mwen jwenn pa m ladan.

<sup>24</sup> Èske nou pa konnen, sou yon teren kous, se tout moun k ap kouri, men se yon sèl ki gen premye pri a? Ebyen! Nou menm, kouri tou, pou nou kapab genyen. <sup>25</sup> Tout moun k ap patisipe nan yon kous, kontwole tèt yo tout jan. Yo menm se pou resevwa yon kouwòn k ap fennen yon jou, nou menm menm, se yon kouwòn ki p ap fennen n ap resevwa. <sup>26</sup> Se konsa, mwen menm, m ap kouri, men pa tankou moun ki pa konnen kote yo prale. M ap voye kout pwen, men mwen p ap frape akote. <sup>27</sup> M ap malmennen kò m fè l tounen esklav, dekwa lè m fin preche lòt moun, pou mwen pa wè yo koule m.

Flp 3,12;  
1Tm 2,5

### Pa sèvi zidòl

**10** <sup>1</sup>Frè m yo, mwen pa vle nou rete san nou pa konn sa: tout

13,21;  
14,22;  
16,4

moun. Pòl bay egzanp lan pou tout apot nan tout epòk. Legliz la mande misyonè ki sòti al preche Levanjil la pou yo pataje lavi ak bezwen moun parèy yo depi se pa bagay k ap lakòz yo fè peche. Pòl viv yon libète total kapital. Se sa ki fè li toujou pare pou pati, epi pou li solidè ak Pèp Bondye a.

**9,24:** Pou fini Pòl fè yon konparezon li te pran sou jwèt Grèk yo te konn òganize Korent lan. Pòl bay egzanp sa a pou li montre li te chwazi viv nan libète. Pou li rive viv nan libète, li fè jefò, li gen disiplin, epi li fè sakrifis pou li k ap genyen premye pri a. Nan estad la se yon sèl grenn moun k ap jwenn premye pri a, men nan lavi kreyen an, okontrè, se tout moun k ap jwenn premye pri a, si yo kenbe fèm, si yo pa lage, si yo gen lespwa.

Pòl rele kreyen yo pou yo pa vante tèt yo devan lòt yo. Li ta renmen wè tout kreyen byen pare, tankou yon atlèt ki dwe patisipe nan gwo konpetisyon. Konsa, yo tout pral kenbe fèm devan nenpòt difikilte y ap jwenn nan lavi yo. Nou pa pou kont nou devan soufrans yo. Bondye toujou ak nou epi li p ap pèmèt difikilte yo pi fò pase fòs nou.

**10,1-13:** Pòl esplike Ansyen Kontra a pou li

zansèt nou yo te anba nyaj la, yo tout te janbe lanmè a. <sup>2</sup>Yo tout, grasa Moyiz, yo te batize nan nyaj la ak nan lanmè a. <sup>3</sup>E yo tout te manje menm manje Lespri a. <sup>4</sup>Yo te bwè menm bwa-  
 son Lespri a. Se sèten yo te bwè nan wòch Lespri a ki t ap mache ak yo a. Wòch la, se te Kris la. <sup>5</sup>Men Bondye pa  
 Res 20,8 t kontan ak pi fò nan yo e se pou sa kadav yo te gaye nan dezè a. <sup>6</sup>Bagay sa yo tounen yon egzanp pou nou, pou nou pa gen move lanvi menm jan yo te genyen an. <sup>7</sup>Pinga nou tonbe nan sèvi zidòl tankou kèk nan yo. Jan sa ekri: «Pèp la te chita pou li manje ak bwè, epi, apre, yo te leve pou yo pran plezi yo.» <sup>8</sup>Pinga nou lage kò nou nan plezi lachè, jan kèk nan yo te fè a: nan yon sèl jou, venntwa mil mouri. <sup>9</sup>Pinga nou sonde Grammèt la, tankou kèk nan yo te fè: sèpan te touye yo. <sup>10</sup>Pinga nou plede ap bougonnen, tankou kèk nan yo te fè: zanj lanmò a te disparèt yo.  
 Res 25,1-9  
 Res 21,5-6  
 Res 17,6-15  
 Eb 3,8; 1Pyè 4,7; 1Jn 2,18  
 Wm 11,20; Gal 6,1; 1Tes 5,24; Eb 10,23; Mt 6,13; Lk 21,36  
 1Jn 5,21  
 11,25; Mk 14,23

<sup>11</sup>Sa rive yo kòm egzanp, epi yo ekri yo pou nou, pou nou kapab aprann, nou menm ki nan dènye bout tan yo. <sup>12</sup>Konsa, sila a ki kwè li kanpe byen kanpe, se pou l veye kò l pou l pa tonbe. <sup>13</sup>Nou pa pran anba okenn tantasyon ki twòp pou moun. Bondye ki kenbe pawòl li, p ap pèmèt nou gen tantasyon depase fòs nou. Men ak tantasyon an, l ap fè nou jwenn yon fason pou nou reziste. <sup>14</sup>Se poutèt sa, frè mwen renmen yo, chape kò nou anba sèvis zidòl. <sup>15</sup>M ap pale ak nou tankou ak moun lespri: reflechi nou menm sou sa mwen di nou an!

<sup>16</sup>Lè nou beni vè benediksyon an,

bay kominote kretyen an ki nan dènye etap istwa kote nou ye kounye a yon egzanp (v. 11). Dapre tradisyon Jwif yo wòch Moyiz te frape nan dezè a (Resansman 20,1-13) te swiv pèp la nan dezè a pou li ba yo dlo. Pòl sèvi ak lide sa a pou li di Jezi Kri ap mennen pèp li a jodi a. Se yon avètisman pou kretyen yo kenbe fèm epi pou yo mete konfyans yo nan Grammèt la ki soutni yo.

**10,14-22:** Pa pran angajman ak zidòl yo. Pòl pa dakò pou kretyen Korent yo patisipe nan

èske se pa youn nou fè ak san Kris la? Lè nou kase pen an, èske se pa youn nou fè ak kò Kris la? <sup>17</sup>Kòm se yon sèl pen ki genyen, nou menm ki anpil, se yon sèl kò nou ye, paske nou tout nou jwenn pa nou nan yon sèl pen. <sup>18</sup>Gade Izrayèl zansèt nou yo, èske moun ki manje bèt yo touye nan sèvis yo, se pa youn yo fè ak lotèl la? <sup>19</sup>Kisa mwen vle di la a? Èske vyann bèt yo touye pou zidòl yo se yon bagay? Oubyen èske zidòl la se yon bagay? <sup>20</sup>Men sèlman bèt yo touye epi yo ofri yo, se pou demon yo, se pa pou Bondye. Mwen pa vle nou vin fè youn ak demon yo. <sup>21</sup>Nou pa kapab bwè nan vè Grammèt la pou nou bwè nan vè demon yo tou. Nou pa kapab pran pa nou nan tab Grammèt la ak nan tab demon yo tou. <sup>22</sup>Èske nou vle fè Grammèt la fè jalouzi? Èske nou pi fò pase !?

Wm 12,5;  
Ef 4,4;  
4,25

Wm 9,4;  
Gal 6,16

Dtw 32,17;  
Bar 4,7;  
Ap 9,20

2Kor 6,15

Dtw 32,21

Wm 14,19

Sòm 24,1

Wm 14,14

### Yon bon konsèy pou nou swiv

<sup>23</sup>Ou kapab fè tout bagay, men tout bagay pa bon pou fèt. Ou kapab fè tout bagay, men tout bagay pa fè w fè pwo-grè. <sup>24</sup>Pinga pèsonn chèche pwòp enterè pa l, men se pou li chèche entèrè lòt pito. <sup>25</sup>Manje tout vyann yo vann nan mache, san konsyans nou pa repwoche nou anyen, <sup>26</sup>paske tè a ak tou sa li pote sou li, se pou Grammèt la. <sup>27</sup>Se konsa, si youn nan moun ki pa kwè yo, envite nou, epi nou vle al lakay li, manje tou sa yo sèvi nou san konsyans nou pa repwoche nou anyen. <sup>28</sup>Men si yon moun vin di nou: «Se vyann yo te touye pou bay zidòl,» pa manje, poutèt moun ki di nou sa a, epi

sèvis zidòl yo. Patisipan an antre an rapò ak zidòl la grasa sèvis la. Yon kretyen ki antre an rapò ak Kris la, nan lamès, grasa kominyon li resevwa a, pa kapab patisipe nan sèvis zidòl yo.

Pòl bay kretyen yo bon jan rezon pou yo pa annafè ak zidòl yo. Bon jan rezon an se Le-karisti a. Si nou fè zanmi ak Jezi, sa vle di nou aksepte pwojè jistis, egalite ak renmen li a. Si nou fè zanmi ak zidòl pouvwa, richès, prestij, nou patisipe nan pwojè maspinen yo genyen tou.

tou pou yon afè konsyans.<sup>29</sup> Epi mwen pa di konsyans pa nou, men konsyans pa lòt la. Men poukisa pou libète m al tonbe anba jijman konsyans yon lòt?<sup>30</sup> Si mwen di mèsi pou sa m ap manje a, poukisa yo ta pale mwen mal pou sa m ap di mèsi pou li a?<sup>31</sup> Kit n ap manje, kit n ap bwè, nenpòt kisa n ap fè, fè tout bagay pou glwa Bondye.<sup>32</sup> Pinga nou lakòz okenn moun bite, kit li Jwif, kit li Grèk, kit li Legliz Bondye a.<sup>33</sup> Se konsa mwen menm tou, m ap chèche fè tout moun plezi nan tout bagay, nan pa wè enterè pa m, men enterè plis moun posib pito, pou yo sove.

## 11<sup>1</sup> Mache sou tras mwen, tankou mwen fè l ak Kris la.

### Medam yo dwe gen vwal sou tèt yo

<sup>2Tes 2,15</sup> <sup>Ef 4,15; 5,23</sup> <sup>2Konpliman pou nou paske nou sonje mwen tout jan, epi nou kenbe prensip yo jan mwen te montre nou yo.</sup>  
<sup>3Men mwen vle fè nou konn sa : tèt tout gason se Kris la, tèt fi menm se gason, tèt Kris la se Bondye.</sup> <sup>4Tout gason k ap lapriyè oubyen k ap pale tankou pwofèt ak tèt li kouvri, li manke tèt li respè.</sup>  
<sup>5Menm jan tou, tout fi k ap lapriyè, oubyen k ap pale tankou pwofèt san anyen sou tèt li, li manke tèt li respè.</sup> Epi se menm bagay si l te kale tèt li.  
<sup>6Si yon fi pa kouvri tèt li, se pou l</sup>

**11,4-5 :** Tout fi k ap lapriyè, oubyen k ap pale tankou pwofèt... An premye, an nou gade jan fi yo jwe menm wòl ak gason yo. Men te gen kèk fi ki te lapriyè osinon pale tankou pwofèt, san yo pa t kouvri tèt yo.

Poukisa kèk fi nan kominate Korent lan te deside pou yo wete vwal la sou tèt yo? Poukisa Pòl pale sevè konsa pou medam Korent yo? Eske lè yo te wete mouchwa ki sou tèt yo a yo te vle montre yo egal ego ak gason yo? Eske fi sa yo te fè yon jès ki fè lòt yo bite, epi se poutèt sa Pòl te reyaji konsa?

Nan vèsè sa yo Pòl te gen menm konpòtman Jwif yo te konn genyen nan sinagòg yo. Li mete fi pi ba pase gason. Se yon bagay ki dwòl epi ki pa menm ak sa li te montre kretyen yo, pa egzanp lè l ekri nan lèt pou moun Galat yo : «Kounye a pa gen gason pa gen fi...yo tout egal

koupe cheve l. Si se yon wont pou yon fi pou l koupe cheve l oswa pou l kale tèt li, se pou l kouvri tèt li.<sup>7</sup> Men yon gason pa gen dwa kouvri tèt li, li se pòtre, li se glwa Bondye, fi a menm, li se glwa gason an.<sup>8</sup> Reyèlman vre, se pa gason an ki sòti nan fi a, men se fi a ki sòti nan gason an.<sup>9</sup> Epi se vre toujou, se pa pou fi a Bondye kreye gason an, men se pou gason an Bondye kreye fi a!<sup>10</sup> Se poutèt sa fi a dwe kouvri tèt li pou l make li anba otorite, poutèt zanj yo.<sup>11</sup> Men atansyon, pou Granmèt la nanpwen fi san gason, ni nanpwen gason san fi.<sup>12</sup> Paske menm jan fi a te sòti nan gason an, se konsa gason an tou se grasa fi a li fèt, tout bagay se nan Bondye yo sòti.<sup>13</sup> Reflechi nou menm menm pou nou wè si l nòmal pou yon fi kapab lapriyè Bondye san anyen sou tèt li?<sup>14</sup> Eske lanati a menm pa montre nou si gason an pote cheve long, se yon dezonè pou li,<sup>15</sup> men pou fi a menm, si l pote cheve long, èske se pa yon glwa pou li? Paske Bondye te ba li kantite cheve long sa yo kòm vwal.<sup>16</sup> Si gen moun ki renmen diskite, nou menm se pa abitid nou, ni se pa abitid Legliz Bondye yo.

### Lekaristi pa mele ak divizyon, ak egois

<sup>17</sup> Antan m ap pase nou lòd sa a, mwen pa fè nou konpliman, paske lè nou reyini ansanm, se pa pou nou vin

Jen  
1,27

Jen  
2,24;  
17m  
2,13

ego» (Gal 3,28). Men Pòl rann li kont li kòmanse pale yon fason ki pa bay fi yo menm dwa ak gason yo, konsa li fè bak (vv. 11-12). Li chèche refè ekilib la.

Tout diskisyon sa yo montre nou gwo tansyon premye kominate kretyen yo te viv pou yo kapab mete bagay tounéf Levanjil Jezi a pote ba nou yo nan yon sosyete ki pa t ko pare pou l resevwa Levanjil la. Tansyon sa a kontinye nan Legliz la e nan sosyete nou an jounen jodi a, epi l ap toujou la jouk nou rive konprann bél egalite Jezi vle pou tout moun, kit se fi kit se gason, ni nan Legliz la ni nan sosyete a.

**11,17-34 :** Vèsè sa yo se koze pi ansyen nou gen sou Lekaristi. Pòl te ekri sa bò lane 56, dis lane anvan yo te ekri Levanjil yo. Kounye a Pòl te devan youn nan pwoblém ki pi grav nan

pi bon, men se pou nou vin pi mal.  
<sup>1,11;</sup> <sup>2Tm</sup> <sup>2,19</sup> <sup>Lk</sup> <sup>22,14</sup> <sup>24,8;</sup> <sup>Jer</sup> <sup>31,31</sup> <sup>18</sup> Paske premye bagay, lè nou reyini kòm moun Legliz, mwen tande gen divizyon nan mitan nou, e mwen kwè yon bon mòso nan sa. <sup>19</sup> Se vre fòk gen divizyon nan mitan nou, pou sila yo ki solid toutbon yo kapab montre valè yo. <sup>20</sup> Konsa lè nou reyini nou ansanm, se pa manje Granmèt la n ap manje. <sup>21</sup> Chak moun ap kouri manje manje pa l anvan. Antan youn grangou, yon lòt menm sou. <sup>22</sup> Èske nou pa gen kay kote pou nou manje ak bwè? Èske se derespekte nou vle derespekte Legliz Bondye a? Èske se wont nou vle fè sa ki pa genyen yo wont? Sa pou mwen di nou? Fè nou konpliman? Mwen pa gen konpliman pou sa. <sup>23</sup> Men sa mwen te resevwa nan men Granmèt la e mwen te pase l ban nou: Jezi, Granmèt la, nan nwit yo ta pral bay li a, pran yon pen <sup>24</sup> li lapriyè di mèsi, li kase l epi li di: «Sa a, se kò mwen, se pou nou li ye. Fè sa pou nou sonje mwen.» <sup>25</sup> Menm jan an tou ak vè a, apre soupe

a, li di: «Vè sa a, se nouvo kontra a nan san mwen. Chak fwa nou va bwè l, fè sa pou nou sonje mwen.» <sup>26</sup> Reyèlman vre, chak fwa nou manje pen sa a, epi nou bwè nan vè sa a, se lanmò Granmèt la nou anonse jis li retounen. <sup>27</sup> Se poutèt sa, moun ki ta manje pen an oswa ki ta bwè vè Granmèt la, san li pa anrèg ak li, li va koupab kont kò Granmèt la, ak kont san Granmèt la. <sup>28</sup> Se pou chak moun egzaminen tèt li byen egzaminen, pou li kapab manje nan pen sa a epi bwè nan vè sa a. <sup>29</sup> Paske nan manje, nan bwè, san li pa rekonèt Kò a, l ap manje pwòp kondanasyon l epi l ap bwè l tou. <sup>30</sup> Se poutèt sa, nan mitan nou, gen anpil moun ki malad epi ki soufri feblès, epi yon bon pòsyon mouri. <sup>31</sup> Men si nou menm, nou te egzaminen pwòp tèt nou, yo pa ta jije nou. <sup>32</sup> Epitou si se Granmèt la ki jije nou, li korije nou dekwa pou yo pa kondane nou ansanm ak tè a. <sup>33</sup> Se konsa, frè m yo, lè nou reyini pou nou manje, se pou youn tann lòt. <sup>34</sup> Si yon

<sup>Ap</sup>  
<sup>22,20;</sup>  
<sup>Mt</sup>  
<sup>26,29</sup>

<sup>2Kor</sup>  
<sup>13,5</sup>

<sup>Eb 6,6;</sup>  
<sup>10,29</sup>

<sup>W.m</sup>  
<sup>14,22;</sup>  
<sup>Eb 12,7</sup>

kominote Korent lan: lenjistis nan selebasyon Lekaristi a. Nan kominote Korent lan te gen divizyon kouch sosyal yo epi divizyon mantalite yo tou, e de bagay sa yo parèt aklè nan selebasyon Lekaristi a. Kretyen yo te konn selebre Lekaristi a kay moun yo. Anvan Lekaristi a yo te konn fè yon manje a pou tout moun, yo rele l «agapè». Kretyen yo pote manje pou yo separate ak tout manm kominote a. Men te gen kretyen ki te kòmanse manje san yo pa tann tout moun rive. Te gen anpil moun ki konn rive an reta, sitou esklav yo ak moun pòv yo paske yo nan travay. Lè yo rive yo pa jwenn manje pa yo. Konsa te gen kèk kretyen ki sou epi ki manje vant, plen epi an menm tan te gen lòt ki rete grangou, e se konsa yo te selebre Lekaristi a. Rezulta, olye Lekaristi a se yon kote pou tout moun separate byen yo, yo te fè li tounen yon okazyon pou mete moun pòv yo sou kote. Pòl te sèvi ak sitiaysyon sa a pou l montre kretyen Korent yo sa Lekaristi a ye, kote l sòti, kijan pou yo selebre l ak ki respè yo dwe genyen pou li.

**11,23:** *Granmèt la, nan nwit yo te pral bay li a, pran yon pen... Si nou se yon sèl kò nan Jezi Kri, kouman Lekaristi a ki kominyon ak Kò e ak San Jezi Kri a kapab mete divizyon nan mitan kominote kretyen an? Si se konsa kominote a ap selebre pwòp kondanasyon li, paske li mete Lekaristi ak lavi Jezi yon bò, lavi kominote a yon lòt bò.*

Nanan kominote a se Lekaristi ki fè Jezi vivan an antre nan mitan kretyen yo. Pen ak diven nou mete apa yo, yo fè nou sonje jan yo te sasiné Jezi, paske li te chwazi fè volonte Papa l jis nan dènye bout, pou li fè lavi tout moun vin dapre volonte Bondye. «Sonje Jezi», pa vle di sonje dènye soupe li a sèlman. «Sonje Jezi» vle di sonje tou sa Jezi te di, tou sa Jezi te fè ak fason li te fè yo. Nan sonje Jezi kretyen yo konprann pi byen jan Jezi te bay pwòp lavi li pou li fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a. Gras a Lespri Sen an, Jezi prezan nan Lekaristi toutbon vre, li chanje nèt, epi li sove moun ki manje kò li e ki bwè san li. Konsa Kò ak San Jezi ki leve byen vivan an se pa sèlman pen ak diven konsakre sa yo. Kò ak San Jezi a se kominote tout moun ki kwè yo, Lespri Sen an fè tounen Kò Jezi Kri a tou, tankou Pòl di nan konparezon li te fè a: nou se kò Jezi Kri.

Eske nou kapab al lamès, tande Pawòl Bondye a, resevwa Kò ak San Jezi epi apre sa pa kite Lespri Sen an chanje lavi nou, wete divizyon nan mitan nou, fè nou konsidere tout moun sitou sa ki pi pòv yo anndan sosyete a?

**11,27:** *Sous angajman kretyen an ak jistis sòti nan menm zantray Lekaristi a. Si kretyen an se manm kò Jezi Kri a li ye, fòk li bay tèt li nan viv ak tout moun tankou frè ak sè, jan Jezi te montre a. Sa a se misyon Legliz la depi jou Lapannkot la jouk jou Jezi Kri pral tounen yon lòt fwa ankò.*

moun grangou, se pou li manje lakay li. Konsa nou p ap reyini pou yo kondane nou. Pou lòt rès bagay yo, mwen va regle yo lè mwen va vini.

### Kado Lespri Sen yo

**12** <sup>M1  
16,17;  
F1p  
2,11</sup> <sup>Ef 4,11</sup> <sup>T Ap  
2,11;  
19,6</sup> <sup>1,5;  
2,6</sup> <sup>13,2</sup> <sup>12,4-13</sup> Kanta kado Lespri Sen yo, mwen pa vle, frè m yo, pou nou rete nan pa konnen. <sup>2</sup> Nou konnen lè se pèp etranje nou te ye, nou te konn kouri dèyè zidòl bèbè, jan yo te menen nou. <sup>3</sup> Se poutèt sa, mwen fè nou konnen nanopwen pèsonn ki di: «Madi-chon pou Jezi,» si l ap pale nan Lespri Bondye a, epi pèsonn non plis pa kapab di: «Jezi, Granmèt» si li pa nan Lespri Sen an. <sup>4</sup> Gen divès kalite kado, men se menm Lespri a. <sup>5</sup> Gen divès kalite sèvis, epi se menm Granmèt la. <sup>6</sup> Gen divès kalite aktivite, men se menm Bondye a ki fè tout bagay nan tout moun. <sup>7</sup> Chak moun resevwa fason pou yo montre Lespri a la pou byen tout moun. <sup>8</sup> Paske toutbon vre, gen youn yo ba li, pa pouvwa Lespri a, pawòl bon konprann, yon lòt menm se pouvwa pale tankou moun ki gen konesans, epi se dapre menm Lespri a, <sup>9</sup> youn yo ba li lafwa grasa menm Lespri a, yon lòt se don pou geri moun, nan sèl gress Lespri a. <sup>10</sup> Yon lòt toujou se aktivite fè mirak, yon lòt ankò se pale pawòl pwofèt. Yon lòt la pou li rekonèt ki lespri lespri yo ye, yon lòt pou pale tout kalite lang e yon lòt tou-

jou pou fè konnen sa lang yo vle di.

<sup>11</sup> Men se yon sèl menm gress Lespri a ki fè tout bagay sa yo epi k ap separe byen li yo bay chak moun, jan li vle. <sup>W.m  
12,3;  
Ef 4,7</sup>

### Yon sèl kò gen plizyè manm

<sup>12</sup> <sup>W.m  
12,4</sup> Tankou kò a, se yon sèl la li ye,

men li gen anpil manm. Tout manm kò a kwak yo plizyè, se yon sèl kò yo ye, se konsa tou Kris la ye. <sup>13</sup> Reyèlman vre, se nan yon sèl Lespri a nou tout te batize pou nou te rive fè yon sèl kò, kit nou te Jwif, kit nou te Grèk, kit nou te esklav, kit nou te gen libète: nou tout, yo te ba nou bwè nan yon sèl Lespri a.

<sup>14</sup> Konsa, kò a pa yon sèl manm, men li se plizyè. <sup>15</sup> Si pye ta di: «Kòm mwen pa men, mwen pa nan kò a,» èske se sa ki ta fè l pa nan kò a vre? <sup>16</sup> E si zòrèy ta di: «Kòm mwen pa je, mwen pa nan kò a,» èske se sa ki ta fè l pa nan kò a vre? <sup>17</sup> Si tout kò a ta je, kote tande ta ye? Si tout kò a ta zòrèy, kote nou ta pran sant? <sup>18</sup> Kounye a menm, Bondye mete manm yo nan kò a, chak nan yo jan li vle. <sup>19</sup> Si tout ta yon sèl manm, ki kote kò a ta ye? <sup>20</sup> Se konsa gen plizyè manm, men yon sèl kò. <sup>21</sup> Je pa kapab di men: «Mwen pa bezwen w.» Oubyen ankò, tèt pa kapab di pye yo: «Mwen pa bezwen nou.» <sup>22</sup> Plis toujou, manm ki sanble pi fèb yo nan kò a, yo nesesè. <sup>23</sup> Sa nou konprann ki pi enferyè nan kò a, se yo menm nou pi respekte, epi sa ki pa prezantab nan

<sup>Gal  
3,28</sup>

**12,4-13:** Nan lavi Bondye Papa, Pitit la ak Lespri Sen an travay kreyasyon an se nan Bondye Papa yo sòti, travay delivrans lan sòti nan Jezi e travay konvèsyon ak separe kado se nan Lespri Sen an yo sòti. Nan kominote kretyen an chak moun resevwa kado pa yo pou yo rann lòt yo sèvis. Poutèt sa chak kretyen dwe fè sa yo kapab pou tout kominote a grandi. Yo dwe mete kado yo te resevwa yo osèvis frè ak sè yo epi yo dwe fè sa gratis ti cheri. Konsa chak kretyen pral vin tounen yon temwen nan kominote a. L ap temwen sa Bondye fè e sa Bondye ye. Pòl pa fè yon lis konplè tout kado Bondye ba nou yo. Chak moun se yon kado espesyal Bondye bay pou tout kominote a.

**12,14-31:** Pòl te sèvi ak lide kò a pou li mande

kretyen yo fè youn: youn bezwen lòt, menm si youn pa menm ak lòt, se mak fabrik kominote kretyen yo. Legliz se yon sèl paske li fòme sèl gress kò Jezi Kri a, e paske tou yo tout te resevwa menm batèm ak menm Lespri. Se kado sa yo ki mete inite ak egalite toutbon nan Legliz la. Men chak kretyen diferan; chak moun gen kado pa l ki diferan ak pa lòt yo. Yo tout osèvis tout moun pou yo batí Legliz tèt ansanm nan. Pa gen plas pou youn santi li siperyè lòt oubyen youn santi li pi ba pase lòt.

Konsil Vatikan 2 a te vle montre Legliz kòm Pèp Bondye a, kote tout moun gen plas yo ak travay pa yo. Kado Lespri Sen yo se pa sèlman moun ki alatèt Legliz yo ki genyen yo, se tout pèp la ki resevwa yo.

nou yo, nou ba yo plis konsiderasyon.  
<sup>Wm  
12,5;  
Ef 5,30</sup> <sup>14,1;  
Ef 4,11;  
T Ap  
13,1</sup> <sup>24</sup> Epi sa ki pi prezantab nan nou yo, yo pa bezwen sa. Men Bondye ranje kò a yon jan pou sa ki gen mwens konsiderasyon an, li ba li pi gran konsiderasyon, <sup>25</sup> konsa pou pa gen divizyon nan kò a, pou manm yo youn sansib pou lòt, menm jan. <sup>26</sup> Epi se konsa: si yon sèl manm ap soufri, tout manm yo pran soufri tou ak li. Yon sèl manm jwenn glwa, tout manm yo kontan an-sam ak li. <sup>27</sup> Nou menm menm, nou se kò Kris la, epi chak moun se yon manm bò kote pa yo. <sup>28</sup> Men kijan Bondye ranje sila yo ki nan Legliz la: an premye, se apot yo, an dezyèm, pwofèt yo, an twazyèm, pwofesè yo, epi, sa ki gen don fè mirak yo, apre, sa ki pou geri malad, sa ki pou ede lòt, sa ki pou dirije, sa ki pou pale divès lang. <sup>29</sup> Èske tout se apot? Èske tout se pwofèt? Èske tout se pwofesè? Èske tout gen don fè mirak? <sup>30</sup> Èske tout gen don geri malad? Èske tout pale lang? Èske tout esplike sa lang yo vle di?  
<sup>31</sup> Se pou nou anvi gen don ki pi siperyè yo.

Epi mwen menm, m ap montre nou yon chemen ki pi bon.

### **Renmen, pi gwo kado Lespri a**

**13** <sup>1</sup> Mwen ta mèt pale lang moun, ak lang zanj yo, si mwen pa gen renmen, mwen tankou yon bout kwiv k ap sonnen, oswa de plak fè k ap fè bri.  
<sup>Mk  
11,23</sup> <sup>2</sup> Mwen ta mèt gen don pale pawòl pwofèt, mwen ta mèt konnen tout sekrè yo ak tou sa moun kapab konnen, epi mwen ta mèt gen yon lafwa total dekwa pou deplase mòn yo, si

**13,1-13**: Renmen an se chemen ki ale pi lwen pase tout lòt yo. Se li ki pi bon kado Lespri Sen kapab ban nou, e se li tout moun dwe chèche anvan lòt kado yo. Nannan Levanjil la se renmen.

**14,1-25**: Yon gwo kado tankou pale an lang se te yon bagay ki te bay prestij ak valè. Poutèt sa reyinyon kominote yo te vire tèt anba nan melimelo. Yo tout te vle pale pawòl sekrè Lespri Sen

mwen pa gen renmen, mwen pa anyen. <sup>3</sup> Mwen ta mèt separe tout byen <sup>Mt 6,2</sup> mwen yo, epi mwen ta mèt bay kò mwen pou yo boule, men si mwen pa gen renmen, li pa itil mwen anyen. <sup>4</sup> Renmen pran pasyans, renmen gen bon jan, li pa nan fè jalouzi, renmen pa nan fè lwanj pou tèt pa li, li pa kite lògèy monte tèt li, <sup>5</sup> renmen pa fè sa ki lèd, li pa nan chèche pwòp enterè pa l, li pa nan fè move san, li pa kalkile sa ki mal, <sup>6</sup> li pa pran plezi l nan sa ki pa kòrèk, men li jwenn kè kontan l nan laverite. <sup>7</sup> Li sipòte tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li sibi tout bagay. <sup>8</sup> Renmen p ap janm disparèt. Men, kit se pale pawòl pwofèt, sa pral disparèt! Kit se lang yo, y ap fini. Kit se konesans, l ap disparèt. <sup>9</sup> Paske sa nou konnen an se yon ti mòso. Pawòl pwofèt nou pale a, se yon ti mòso. <sup>10</sup> Men lè sa ki fin kòrèk nèt la va rive, afè «ti mòso a» pral disparèt. <sup>11</sup> Lè mwen te vyep timoun, pale m te pale vyep timoun, lide m te lide vyep timoun, kalkil mwen te kalkil vyep timoun. Lè mwen vin granmoun, mwen fini ak koze vyep timoun. <sup>12</sup> Reyèlman vre, kounye a, se tankou nan yon glas, nou wè yon jan twoub, men lè sa a, okontrè se va fasafas. Kounye a, mwen konnen yon ti mòso, lè sa a m a konnen toutbon, menm jan yo konnen mwen an. <sup>13</sup> Kounye a gen lafwa, lespla ak renmen, se twa bagay sa yo ki rete. Men pi siperyè nan yo se renmen.

### **Pale lang ak pale pawòl pwofèt**

**14** <sup>1</sup> Kouri dèyè renmen an. Se pou nou cho dèyè kado Lespri yo,

an ba yo, an menm tan (1Kor 14,6-33). Sa te fè asanble moun Korent yo pa gen lòd. Tout moun t ap plede pale an menm tan. Medam yo tou te ladan, se poutèt sa Pòl te mande yo pou yo kalme yo. Sila yo ki te gen kado pale an lang yo, yo te kwè yo pi siperyè pase lòt yo, e yo pa t respekte lòd ki te pi konsekan yo. Kék nan yo te vle fè tèt yo pase pou moun Bondye te klere, epi yo te di kék bagay dwòl pafwa ki te fè moun yo bite.

<sup>2Kor  
13,8</sup>

<sup>Res  
12,6;  
12,8</sup>

<sup>8,7;  
Gal 4,9;  
Kol 1,4;  
1Tes  
5,8</sup>

sitou pou nou pale pawòl pwofèt. <sup>2</sup>Paske moun ki pale lang, se pa ak moun l ap pale, men se ak Bondye. Pèsonn pa kapab konprann li, paske sa l ap di nan Lespri a, se bagay sans yo kache. <sup>3</sup>Moun ki pale pawòl pwofèt la menm se ak moun l ap pale, l ap fè lafwa yo fè pwogrè, l ap remonte yo, l ap ankouraje yo. <sup>4</sup>Moun k ap pale lang, se tèt pa li l ap fè fè pwogrè. Men moun ki pale pawòl pwofèt la, se Legliz la l ap fè fè pwogrè. <sup>5</sup>Mwen vle pou nou tout pale lang, men mwen vle sitou pou nou pale pawòl pwofèt. Moun ki pale pawòl pwofèt pi siperyè pase moun k ap pale lang, sòf si li esplike sa l ap di a pou Legliz la fè pwogrè. <sup>6</sup>Kounye a, frè m yo, si mwen vin lakay nou epi mwen mete ap pale lang, kouman mwen kapab itil nou kichòy, si pale mwen an pa ni dekouvri yon bagay ki te kache pou nou, ni yon konesans, ni yon mesaj pwofèt, ni si l pa montre nou yon bagay? <sup>7</sup>Se menm jan pou bagay ki pa gen lavi nan yo, k ap bay son tankou flit ak gita, si yo pa bay divès kalite son, kouman pou yo rekonèt sa flit la ap jwe, oswa gita a? <sup>8</sup>Gade non, si klewon an ap bay yon son ki pa klè, kilès k ap pare kò l pou l al nan batay? <sup>9</sup>Se menm jan an tou pou nou pou lang lan: si pawòl n ap di a pa klè, kouman y ap fè konnen sa n ap pale a? N ap pale anlè. <sup>10</sup>Gen divès kalite lang yo pale sou tè a, nanopwen youn ki pa gen sans. <sup>11</sup>Se konsa, si mwen pa konnen sa yon lang vle di, mwen va yon sovaj pou moun k ap pale a, epi moun k ap pale a ap yon sovaj pou mwen. <sup>12</sup>Se konsa pou nou menm tou k ap chèche kado Lespri yo, chèche vin gen anpil pou fè Legliz la fè pwogrè. <sup>13</sup>Se poutèt sa, moun k ap pale lang, se pou li lapriyè pou l kapab bay esplikasyon. <sup>14</sup>Paske si m ap lapriyè nan lang, se

lespri mwen k ap lapriyè, men entèlijans mwen pa bay anyen. <sup>15</sup>Kisa pou Ef 5,19

nou fè, non? M a lapriyè ak lespri mwen, an menm tan tou, m a lapriyè ak entèlijans mwen, m a chante sòm ak lespri mwen, m a chante yo ak entèlijans mwen tou. <sup>16</sup>Paske si se ak lespri w sèlman w ap fè Iwanj, sila a ki chita pam i moun ki pa t ko konprann yo, kouman li pral di ‘amèn’, pou mèsi w ap di a, ala li pa konnen sa w ap di a? <sup>17</sup>Reyèlman vre, se mèsi w ap di, se bèl bagay, men lòt la pa fè pwogrè. <sup>18</sup>Mwen di Bondye mèsi, mwen pale lang plis pase nou tout, <sup>19</sup>men nan yon reyinyon, mwen pito di senk gress pawòl ak entèlijans mwen pou mwen montre lòt yo kichòy, pase di mil pawòl nan lang. <sup>20</sup>Frè m yo, fòk nou pa Ef 4,14 tankou timoun nan fason nou panse. Se pou nou timoun nan fè sa ki mal, men nan fason nou panse se pou nou granmoun nèt. <sup>21</sup>Men sa ki te ekri nan Iz 28,11-12 Lalwa a: «Se ak moun k ap pale lòt lang, epi se ak bouch etranje yo m a pale ak pèp sa a, menm konsa yo p ap menm koute m. Se Granmèt la ki di sa.» <sup>22</sup>Se konsa lang yo se siy yo ye, yo pa la pou moun ki kwè, men pou moun ki pa kwè, Pawòl pwofèt la pa pou moun ki pa kwè, men pou moun ki kwè. <sup>23</sup>Se pou sa, si asanble a ta reyini ansanm yon menm kote epi tout moun ap pale nan lang, si moun ki pa t ko konprann yo oubyen ki pa kwè yo ta vin antre, èske yo p ap di se fou nou fou? <sup>24</sup>Men okontrè, si tout moun ap pale pawòl pwofèt, epi yon moun ki pa kwè, oswa yon moun ki pa t ko konprann antre, lè sa a, l ap wè tout moun fè l repwòch, l ap wè tout moun jije l. <sup>25</sup>Sa ki kache nan kè l va vin aklè, epi se konsa l a tonbe fas atè, l a adore Bondye, nan deklare Bondye nan mitan nou toutbon vre.

**14,11 :** «Mwen va yon sovaj...» Lontan yo te pran yon moun ki pa t konnen lang grèk la pou sovaj.

**Tout bagay dwe fèt nan lòd**

<sup>Ef 4,12</sup> <sup>1Tm 2,13</sup> <sup>26</sup> Frè m yo, kisa pou nou fè? Lè nou rasanble, chak moun kapab chante sòm, montre moun kichòy, mete yon bagay ki te kache, aklè, pale lang, bay sa yon lang vle di. Tou sa, pou pwogrè tout moun. <sup>27</sup> Si moun ap pale lang, se de pou plis twa moun, epi youn apre lòt, epi fòk gen yon moun pou esplike. <sup>28</sup> Epi si pa gen moun pou esplike, se pou li pe bouch li nan asanble a, se pou li pale ak pwòp tèt li, epi ak Bondye. <sup>29</sup> Kanta pou pwofèt yo, de ou twa va pale epi lòt yo ap egzaminen. <sup>30</sup> Si youn nan sa ki chita yo ta vin mete yon bagay ki te kache, aklè, premye k ap pale a, se pou li pe bouch li. <sup>31</sup> Nou tout kapab pale pawòl pwofèt youn apre lòt, pou tout moun aprann, epi pou tout moun jwenn ankourajman. <sup>32</sup> Lespri pwofèt yo mache sou zòd pwofèt yo, <sup>33</sup> paske se sèten, Bondye pa yon Bondye ki sitire dezòd, men ki bay lapè. Tankou nan tout asanble moun ki sen, <sup>34</sup> se pou medam yo pe bouch yo nan asanble yo, paske yo pa pèmèt yo pale, men se pou yo obeyisan jan Lalwa a di a. <sup>35</sup> Si yo vle konnen kichòy, yo va mande pwòp mari yo kesyon lè yo lakay yo. Li pa bèl, pou yon fi pale nan asanble a. <sup>36</sup> Èske se

**14,26 :** Kado Lespri Sen an ba nou yo, yo bon, men sa ki pa bon an se lè moun ki resevwa yo vante tèt yo. Pòl mande pou tout moun chèche kado pwofèt la, paske pale tankou pwofèt se kado Lespri Sen an ki fè moun wè chemen Bondye a nan chak sitiyasyon y ap viv. Se li ki klere je kominate a nan sitiyasyon difisil yo. Kado lang yo se yon espès lapriyè moun yo fè san yo pa rann yo kont sa y ap di. Moun nan pale, men lòt yo pa konprann anyen nan sa li di a. Gen yon lòt moun ki la pou li fè konprann sa li di a. Pòl pa rejte kado sa a, men li montre se yon kado ki gen anpil limit ladan l epi li kapab fè moun ki pa kreyten yo pase kominate a nan betiz poutèt sa.

**14,32-33 :** Moun ki kwè yo gen Lespri Bondye dwe fè atansyon pou yo pa melanje anvi yo genyen ak sa Lespri a ba yo vre.

**14,34 :** Nan chapit 11,5 Pòl rekonèt fi yo gen dwa pran lapawòl nan asanble, e yo gen dwa pale tankou pwofèt tou, menm jan ak gason yo. Men sanble te gen kèk fi ki te resevwa kado pale

lakay nou Pawòl Bondye a sòti, oubyen èske se pou nou menm sèl li vini? <sup>37</sup> Si <sup>1Jn 4,6</sup> yon moun konprann li se yon pwofèt oswa li anba pouvwa Lespri a, se pou li rekonèt sa mwen ekri nou an se yon lòd Granmèt la pase. <sup>38</sup> Si yon moun pa rekonèt sa, yo p ap rekonèt li non plis. <sup>39</sup> Konsa, frè m yo, montre nou cho pou nou pale pawòl pwofèt, men pa enpoze moun pale lang. <sup>40</sup> Men se pou tout bagay fèt pwòp, se pou tout bagay fèt nan lòd.

**Mò yo ap leve byen vivan**

**15** <sup>1</sup> Mwen fè nou sonje, frè m yo, <sup>Gal 1,11</sup> Bon Nouvèl mwen te anonse nou an, sa nou te resevwa a, se ladan nou kanpe fèm. <sup>2</sup> Se grasa li nou va sove si nou kenbe pawòl mwen te anonse nou an. Si se pa sa, nou ta kwè pou granmesi. <sup>3</sup> Reyèlman vre, mwen te pase ban nou, an premye, sa mwen te resevwa a: Kris la mouri pou peche nou yo dapre sa ki ekri nan Bib la, <sup>4</sup> yo te antere I, li leve byen vivan sou twazyèm jou a dapre sa ki ekri nan Bib la, <sup>5</sup> li te parèt devan Kefas, apre sa devan Douz yo. <sup>6</sup> Lèfini, li te parèt devan plis pase senk san nan frè nou yo yon sèl kou. Pi fò lan yo la kounye a, gen ladan yo ki déjà mouri. <sup>7</sup> Apre, li parèt devan <sup>Lk 24,27; 24,34</sup> <sup>Jn 21,15</sup> <sup>T Ap 12,17</sup>

an lang, e yo te fè anpil bri ak anpil dezòd nan asanble kominate a. Konsa Pòl mande yo pou yo pe. Se yon koreksyon Pòl pote nan yon moman kote ki te gen abi sou kado Lespri Sen an ba yo. Se pa yon règleman jeneral epi li pa la pou tou tan.

**14,38 :** Fason Pòl fin pale la a montre li fache. Moun ki pa rekonèt sa lì di a se yon lòd Granmèt la ba yo, Bondye p ap rekonèt li nonplis.

**15,1 :** Premye koze sa a solanèl, paske Pòl pral anonse sa ki nannan lafwa kreyten yo: Jezi te mouri men Bondye Papa a te leve I byen vivan pami mò yo, e se sou sa a lafwa nou chita.

**15,5-11 :** Temwayaj apot yo, ak tout moun, fi kou gason, ki te wè Jezi leve byen vivan an se sa ki baz lafwa nou. Nou pa kwè sèlman nan sa apot yo ak patizan yo te wè a, nou kwè tou nan sa yo te kwè a, sa vle di Jezi ki te leve byen vivan an ba nou lavi ki pa janm fini an.

Nan vèsè sa yo nou jwenn laverite nou repete nan deklarasyon lafwa nou. Epitou nou jwenn

Jak, apre, li parèt devan tout Apot yo.  
<sup>T Ap 9,3; Ef 3,8; 1Tm 1,14; Gal 1,13</sup>  
<sup>8</sup>Epi dènye nan tout, tankou devan ti bebe ki fèt anvan lè, li parèt devan mwen menm tou. <sup>9</sup>Se mwen menm vre ki pi piti nan Apot yo, ki pa menm merite pote non Apot, paske mwen te pèsekite Legliz Bondye a. <sup>10</sup>Se favè Bondye ki fè mwen sa mwen ye a, epi favè li sa a pou mwen, pa t pou gran-mèsi, paske plis pase yo tout mwen travay di, se pa t mwen menm, men se favè Bondye ki ak mwen an. <sup>11</sup>Kit mwen menm, kit yo menm, se konsa nou preche, epi nou menm, moun Korent yo, se konsa nou kwè. <sup>12</sup>Si y ap preche Kris la leve byen vivan sòti pami mò yo, kouman sèten pami nou ap plede di: « Nanpwen leve byen vivan pou mò ? » <sup>13</sup>Si pa gen leve byen vivan pou mò, Kris la tou pa t leve byen vivan. <sup>14</sup>Si Kris pa t leve byen vivan, sa n ap preche a pa vo anyen, lafwa nou tou pa vo anyen ! <sup>15</sup>Lè konsa, nou se temwen k ap fè manti sou Bondye, paske nou deklare anfas Bondye li te leve Kris la byen vivan, antan li pa t leve l byen vivan vre, si pa gen leve byen vivan pou mò yo. <sup>16</sup>Reyèlman vre, si mò yo pa leve byen vivan, Kris la tou pa leve byen vivan. <sup>17</sup>Epi si Kris la pa leve byen vivan,

<sup>Mt 22,23; T Ap 4,2</sup>

<sup>Wm 4,24</sup>

temwayaj ekri ki pi ansyen sou sa Legliz la te montre moun sou Jezi ki leve byen vivan an, epi ki te parèt devan moun yo.

**15,12 :** Si mò yo pa leve byen vivan lafwa nou an pa gen okenn valè. Korent te gen moun ki konprann apre lanmò nanm lan pa janm mouri, epi li kontinye viv pou kont li. Li te kite kò materyèl la swadizan ki pi enferyè pase nanm lan. Gen lòt ki te di ak lanmò tout bagay fini nèt: poutèt sa yo dwe jwi mezi yo kapab. Konsekans kwayans sa yo pa piti. Yo lakòz kretyen yo meprise moun ki pi pòv (8,1-12 ; 10,23), e yo lakòz yo lage kò yo nan dezòd lachè, paske yo di se sèl nanm lan ki gen valè, kò a pa vo anyen (6,12-13). Pòl montre yo kwayans sa yo pa kadre ak lafwa yon kretyen. Paske si mò yo p ap leve byen vivan, Jezi Kri pa sòti anba lanmò a tou.

**15,20-22 :** Pòl, menm jan ak premye Kretyen yo, pale sou «dòmi» olye «mourir», dekwa pou l montre lespha leve byen vivan an pi byen. Mo «simityè» a vle di kote moun dòmi.

lafwa nou pa vo anyen, nou toujou nan peche nou yo ! <sup>18</sup>Si se konsa, moun yo k ap dòmi nan Kris la peri ! <sup>19</sup>Si se pou lavi sa a sèlman nou mete lespha nou nan Kris la, yo dwe gen pitye pou nou plis pase pou tout moun.

<sup>20</sup>Kounye a atò, Kris la leve byen vivan pami mò yo, premye donn nan sa ki t ap dòmi yo. <sup>21</sup>Piske se yon moun ki te mennen lanmò, se yon moun tou ki pote leve byen vivan an pami mò yo. <sup>22</sup>Paske menm jan tout moun mouri nan Adan, se konsa tou tout moun va tounen gen lavi. <sup>23</sup>Men chak moun nan plas pa yo. An premye, se Kris la, apre sa, se moun pa Kris la jou li va vini, <sup>24</sup>apre se va lafen, lè l a renmèt pouvwa wa a bay Bondye Papa a, yon fwa li fin detwi tout chèf, tout otorite, ak tout pouvwa. <sup>25</sup>Paske, fòk li kòmande kòm wa jistan li fin mete tout lènmi yo anba pye l. <sup>26</sup>Dènye lènmi pou l detwi, se lanmò. <sup>27</sup>Reyèlman vre, *li mete tout bagay anba pye l.* Lè li va di tout bagay anba pouvwa l, se klè se tout, sòf Sila a ki te mete tout bagay nan men l lan. <sup>28</sup>Men lè tout bagay va fin sou zòd li, lè sa a atò, li menm Pitit la va mete l sou zòd Sila a ki te mete tout bagay nan men li an, pou Bondye tout nan tout moun.

<sup>Wm 8,11; Kol 1,18; 1Tes 4,14</sup>

<sup>15,45-49; Wm 5,12</sup>

<sup>1Tes 4,16; Kol 3,4</sup>

<sup>Ef 1,21; Lk 19,17</sup>

<sup>Sòm 110,1; Eb 2,8</sup>

<sup>Ap 20,14</sup>

<sup>Sòm 8,7; Flp 3,21</sup>

<sup>Kol 3,11; Ef 4,6</sup>

*Adan mennen nou nan lanmò, men Jezi Kri mennen nou nan lavi a*

Adan reprezante tout moun ki anba peche ak lanmò. Kris la reprezante tout moun ki anba favè ak lavi Bondye ban nou nan li a. Bondye pa vle wè pitit li yo anba soufrans ak lanmò. Plan li se plan lavi pou tout moun. N ap montre nou kwè nan Bondye Lavi a, lè nou travay ansanm pou n bati yon sosyete kote tout moun kab viv ak diyite kòm pitit Bondye. Leve byen vivan Jezi a montre jan Bondye retabli plan lavi a peche Adan te detwi a.

**15,23-26 :** Nan chemen lavi sa a Pòl montre kèk etap : premye etap la te reyalize déjà : se Jezi Kri ki te leve byen vivan. Dezyèm nan se tout moun ki pral leve vivan an tou. Twazyèm nan se tout pouvwa ki goumen kont Bondye, y ap tonbe anba pye Bondye, epi dènye pouvwa ki goumen kont Bondye a, ki lanmò, li pral tonbe tou (Iz 25,8 ; Ap 20,14). Pawòl Bondye a ki tounen yon moun vivan an, ki chaje istwa tout

<sup>2Kor 4,10</sup> <sup>Iz 22,13</sup> <sup>3<sup>9</sup></sup> Si se pa sa, moun k ap resevwa batèm pou mò yo, poukisa y ap fè l? Si nanpwen leve byen vivan pou mò yo, poukisa yo resevwa batèm pou yo? <sup>3<sup>0</sup></sup> Poukisa nou menm tou n ap mete tèt nou nan danje toutan? <sup>3<sup>1</sup></sup> Se chak jou m ap mouri, frè m yo, mwen sèmante sa sou fyète mwen gen poutèt nou nan Jezi Kri, Granmèt nou an. <sup>3<sup>2</sup></sup> Si se pou moun mwen te batay ak bêt sovaj nan Efèz, sa sa sèvi m? Si mò pa leve byen vivan, an nou manje, an nou bwè, paske demen n ap mouri. <sup>3<sup>3</sup></sup> Detwonpe nou, move koze gate bon mès. <sup>3<sup>4</sup></sup> Pran tèt nou! Pinga nou peche ankò. Reyèlman vre, gen kèk moun ki pa konnen Bondye, se pou wont nou mwen di nou sa.

### Kouman leve byen vivan an ap ye?

<sup>Jn 12,24</sup> <sup>3<sup>5</sup></sup> Men yon moun kapab di: «Kouman mò yo leve byen vivan? Ak ki kò y ap tounen?» <sup>3<sup>6</sup></sup> Moun sòt, sa w simen an pa tounen gen lavi si li pa mouri. <sup>3<sup>7</sup></sup> Epi sa w simen an se pa kò li pral genyen an, men se yon senp ti gress: pa egzant, li kapab yon gress ble oswa yon lòt kalite semans. <sup>3<sup>8</sup></sup> Se konsa Bondye ba li yon kò, jan li vle l, epi chak semans gen pwòp kò pa l. <sup>3<sup>9</sup></sup> Tout vyann pa menm vyann: yon bò, gen pa moun, yon lòt bò gen vyann bêt nan

moun mete sou zepòl li, ap retounen al jwenn Papa a. Konsa l ap fè tou sa Bondye fè rantre nan plan Bondye a, epi pa gen lòt istwa ki pral kòmanse ankò. Bondye pral tounen tout bagay pou tout moun. Nou pral resevwa Bondye nan Bondye epi nou pral genyen l nèt. Lè sa a p ap gen moun mouri ankò.

**15,29:** *Moun k ap resevwa batèm pou mò yo, poukisa y ap fè l!* Li posib pou kèk moun ki kwè bay tèt yo pwoblèm pou paran yo ki mourisan yo pa t resevwa mesaj Levanjil la, epi pou-tèt sa yo te fè yo batize yo sou non yo. Pòl pa di nou sa li panse sou pratik sa a, men li sèvi ak sa pou l pale yon lòt fwa ankò sou leve byen vivan an.

**15,31-32:** Si Pòl pa ta kwè nan leve byen vivan an li soufri pou granmesi. Si pa gen leve byen vivan, moun ki di «n ap manje ak bwè byen jounen jodi a paske demen nou pral mouri» yo gen rezon. Leve byen vivan an pa sòti nan pouvwa moun ak pouvwa tè a. Leve byen vivan an sòti nan pouvwa Bondye sèl. Se yon

pak. Vyann zwazo, se youn, pa pwaso-n, se yon lòt. <sup>4<sup>0</sup></sup> Gen kò syèl la, gen kò tè a. Kò syèl la gen klète pa l, epi kò tè a, gen klète pa l. <sup>4<sup>1</sup></sup> Klète solèy se youn, klète lalin se yon lòt, klète zetwal yo se yon lòt ankò. Menm klète yon zetwal pa menm ak pa yon lòt zetwal. <sup>4<sup>2</sup></sup> Se konsa tou nan leve byen vivan mò yo. Li simen sa ki kapab gate, men sa ki leve a se yon bagay ki pa kapab gate. <sup>4<sup>3</sup></sup> Li simen nan lawont, epi li leve byen vivan nan glwa. Li simen nan fèblès, epi li leve byen vivan nan fòs. <sup>4<sup>4</sup></sup> Li simen yon kò ki gen lavi moun sèl-man, li va leve byen vivan ak yon kò ki gen lavi Lespri a. Si gen yon kò ak lavi moun lan sèlman, gen yon kò tou ki gen lavi Lespri a. <sup>4<sup>5</sup></sup> Se pou sa tou, men <sup>Jen 2,7</sup> sa ki te ekri: «Premye moun nan, Adan, te tounen yon moun vivan, dènye Adan an, tounen yon lespri k ap bay lavi.» <sup>4<sup>6</sup></sup> Men se pa sa ki gen Lespri a ki te an premye, men se kò ki gen lavi moun lan sèlman, se apre sa kò ki gen lavi Lespri a vini. <sup>4<sup>7</sup></sup> Premye moun nan ki sòti nan tè a fèt ak pousyè, dezyèm moun nan li menm se nan syèl la li sòti. <sup>4<sup>8</sup></sup> Jan moun ki fèt ak pousyè a ye, se konsa tou pou sila yo ki fèt ak pousyè. Jan moun ki sòti nan syèl la ye, se konsa tou pou sila yo ki sòti nan

Fip  
3,21

15,  
21-23

Dan  
7,13

bagay Pòl pa kapab esplike ak pawòl moun, poutèt sa li pale sou «kò espirityèl la».

**15,35:** *Kouman mò yo leve byen vivan!* Men kouman nou ta kapab gen yon lide sou lavi tounèf sa a, malgre li déjà ap boujonnen depi jodi a? Si nou pran ka yon timoun ki nan vant manman l, èske li kapab gen yon lide sou anbyans lavi kote li pral tonbe a?

Pòl eseye bay yon limyè sou mèvèy sa a ak kèk konparezon. Men pa gen konparezon ki sòti sou tè a ki kapab esplike l. Jezi te pale de gress ki tonbe nan tè a (Jn 12,24). Ak egzant sa a, Pòl te rejte lide kèk moun kòmkwa: mò yo ta pral sòti nan tonn yo jan nou wè l kounye a. Men non, se menm jan ak yon zepi yon semans te bay. Nou bezwen pou Bondye chanje nou nèt pou nou antre nan lavi li a. Se konsa dènye istwa nou pral kòmanse. Kò nou gen jounen jodi a, nou te resevwa l nan papa ak manman nou, l ap tounen yon kò espirityèl, sa vle di yon kò kote Lespri Bondye rete nèt. N ap tounen pòtre Jezi Kri ki te leve byen vivan an.

Jen 5,3;  
Flp 3,21;  
Wm 8,29  
6,10;  
Jn 3,5  
2Kor 5,4  
1Tes 4,15;  
Jow 2,1;  
Mi 24,31  
Iz 25,8  
Oze 13,14;  
Ap 20,14  
Wm 7,7;  
Jn 16,33  
syèl la. <sup>49</sup> Menm jan nou mete pòtre moun ki fèt ak poussè a sou nou, se konsa nou va mete pòtre moun syèl la. <sup>50</sup> Mwen deklare nou, frè m yo, kò a ak san an pa kapab eritye Peyi kote Bondye wa a, ni sa ki kapab gate pa eritye sa ki pa kapab gate. <sup>51</sup> Wi, mwen di nou yon sekrè: nou tout p ap mouri, men nou tout pral chanje fòm nèt. <sup>52</sup> Nan yon ti moman, anvan nou bat je nou, nan dènye kout klewon an, paske klewon pral sonnen, epi mò yo va leve byen vivan, ak yon kò ki p ap kapab gate, e nou va chanje fòm nèt. <sup>53</sup> Paske fòk sa ki kapab gate a vin mete sa ki pa kapab gate a sou li, fòk sa ki kapab mouri a vin mete sa ki p ap jamm mouri a sou li.

<sup>54</sup> Lè sa ki kapab gate a va fin mete sa ki pa kapab gate a sou li, e lè sa ki kapab mouri a va fin mete sa ki pa kapab mouri a sou li, lè sa atò pawòl ki ekri a va reyalize: «*Lanmò a neye nan viktwa a.* <sup>55</sup> *Kote viktwa w la ye, lanmò? Kote fwenn ou an ye, lanmò?*» <sup>56</sup> Fwenn lanmò a se peche, epi fòs peche se Lalwa a. <sup>57</sup> Men mèsi Bondye ki ban nou viktwa, grasa Jezi Kri, Granmèt nou an!

**15,54-55 :** Pòl montre viktwa Bondye a sou peche ak sou lanmò a ak yon vèsè li te pran nan Izayi (25,8), epi yon vèsè li te pran nan Oze (13,14).

*Si Bondye pral ba nou viktwa, èske nou pa bezwen fè anyen pou sa ?*

Mèvèy leve byen vivan an pa dwe mennen nou nan kwaze de bra nou. Okontré, Pòl envite nou pou nou mete tèt nou ansanm pou nou bati yon sosyete tounèf, kote tout moun va jwenn piyay lavi nan Jezi Kri. Se sa k Lafwa nou. Se yon angajman nou pran pou nou travay pou n fè Peyi kote Bondye Wa a blayi toupatou. Se lespwa nan leve byen vivan dènye jou a ki bay lespwa nou jarèt e se li ki bay soufrans lavi sa à sans. Lè sa a viktwa Jezi Kri a va fèt totalkapital, epi Peyi kote Bondye Wa a pral parèt nan tout beltè li.

**15,50-53 :** Pòl konprann Jezi Kri pral tounnen anvan moun alèkilè yo mouri. Moun ki te gen tan mouri pral leve byen vivan, epi moun ki toujou rete vivan yo y ap chanje fòm. Pòl te kwè Kris la ta pral tounen touswit. Konsa, li pale sou moun ki pral toujou vivan, lè Kris la tounen an.

<sup>58</sup> Konsa, frè mwen si tèlman renmen yo, kenbe fèm, rete san brannen, antan n ap mete tout fòs nou, san rete, nan travay Granmèt la. Nou byen konnen, nou p ap travay pou Granmèt la pou granmesi.

Kol 1,23

### Pou fini—Konsèy—Orevwa—Bòn Chans

**16** <sup>1</sup> Kanta kèt yo konn fè pou moun ki sen yo, nou menm tou, fè menm jan mwen te mande Legliz Galasi yo. <sup>2</sup> Chak premye jou semèn nan, se pou chak moun nan mitan nou mete apa, lakay yo, sa yo te rive sere nan sa yo ta fè, pou se pa lè mwen vini kèt ap plede fèt. <sup>3</sup> Lè m a rive atò, moun nou ta chwazi yo, m ap voye yo, ak lèt nan men, pote kado nou an Jerizalèm. <sup>4</sup> Si li ta pi bon pou m ale tou, y a ale an-sanm ak mwen. <sup>5</sup> M ap vin kote nou, lè mwen fin travèse Masedwàn, paske mwen gen pou mwen pase Masedwàn. <sup>6</sup> Petèt m ap rete lakay nou, mwen ta kapab me-nm pase tan fredi a tou, pou nou kapab mete m nan wout kote mwen prale a. <sup>7</sup> Fwa sa a mwen pa vle wè nou anpasan m sèlman, paske mwen espere rete kèk tan lakay nou, si Granmèt la vle. <sup>8</sup> Men m ap rete Efèz jis jou Lapann-

Gal 2,10

Mt 28,1;  
T Ap 20,7;  
Ap 1,10

T Ap 20,4

T Ap 19,21

**15,54-58 :** Depi Jezi te leve byen vivan pa gen okenn kalite lanmò ki kapab ranpòte viktwa. Dènye etap nan istwa nou se lavi epi lavi an kantite pou tout moun. Lavikta Jezi Kri sou lanmò se viktwa sou peche tou. Paske peche mennen lanmò sou tout tè a. Se yon viktwa sou Lalwa tou, paske Lalwa montre ki sa peche a ye, men li pa bay moun fòs pou yo kapab gen viktwa sou peche. Moun ki kwè nan Jezi Kri li kapab chante viktwa lavi a depi kounye a.

**16,1-4 :** Sou afè kèt sa a, gade Women 15,25 ak 2 Korent 8 ak 9.

Li montre solidarite ki te genyen ant Legliz ki nan dyaspora ak Legliz Jerizalèm nan, kote tan-zantan te gen pwoblèm grangou. Yo te konn fè kèt jou dimanch lan, nan selebrasyon litiji a. Separe byen yo nan selebrasyon Lekaristi, te montre angajman viv byen youn ak lòt ki dwe akonpaye tout selebrasyon nou fè pou n bay Bondye Iwanji.

Sou jou «Dimanch» lan, Pòl rele: premye jou semèn nan, (Travay 20,7). Depi nan kòmans-man, Legliz la te ranplase jou saba Moyiz ak Jwif yo ak premye jou semèn lan, jou Jezi te leve byen vivan an.

kot. <sup>9</sup> Reyèlman vre, gen yon pòt ki lou-vri byen laj pou mwen, se yon bèl oka-zyon, epi moun ki kont nou yo anpil.

<sup>4,17</sup> <sup>10</sup> Sizoka Timote ta vini, fè yon jan pou li rete lakay nou, san kè sote, paske se travay Granmèt la l ap fè tan-kou mwen. <sup>11</sup> Poutèt sa, pinga okenn moun meprize l. Mete l nan wout pou l vin jwenn mwen anpè, paske m ap tann li ansanm ak frè yo.

<sup>3,5;</sup> <sup>T Ap</sup> <sup>4,12;</sup> <sup>2Tm</sup> <sup>1,7</sup> <sup>18,24</sup> <sup>12</sup> Kanta pou frè Apolòs, mwen te ankouraje l anpil al jwenn nou ak frè yo, men se pa t volonte l ditou pou l ale kounye a, li va ale lè va gen yon bon okazyon. <sup>13</sup> Veye kò nou! Kenbe fèm nan lafwa! Mete gason sou nou! Mete fòs sou nou! <sup>14</sup> Se pou tout bagay nou fèt nan renmen. <sup>15</sup> M ap mande nou yon bagay, frè m yo: nou konnen fanmi Estefàn, yo se premye fwi Akaya donnen, epi ki te mete tèt yo nan sèvis

moun ki sen yo. <sup>16</sup> Se sou zòd kalite moun konsa pou nou mache ak tout lòt k ap travay di ansanm ak yo. <sup>17</sup> Mwen kontan vizit ni Estefàn, ni Fòtinatis ak Akayakis. Se yo ki te ranplase nou lè nou pa t la a. <sup>18</sup> Se toutbon, yo fè lespri mwen ak lespri pa nou poze. Se kalite moun konsa pou nou bay valè. <sup>19</sup> Legliz Lazi yo voye di nou bonjou. Akila ak Priska, ansanm ak tout moun Legliz ki reyini lakay yo a, voye anpil bonjou pou nou tou nan Granmèt la. <sup>20</sup> Tout frè yo voye di nou bonjou. Se pou youn di lòt bonjou, pou l ba li yon bo jan moun ki sen yo konn fè.

<sup>1Tes</sup>  
5,12;  
<sup>Flp</sup>  
2,29

<sup>T Ap</sup>  
18,2

<sup>Wm</sup>  
16,16;  
<sup>2Kor</sup>  
13,12;  
<sup>1Tes</sup>  
5,26;  
<sup>Gal</sup>  
6,11;  
<sup>Kol</sup>  
4,18;  
<sup>Flp</sup>  
4,15;  
<sup>Ap</sup>  
22,20

<sup>21</sup> Se ak pwòp men pa m, mwen menm Pòl, mwen ekri bonjou sa a!

<sup>22</sup> Si yon moun pa renmen Granmèt la, madichon pou li! Marana Tha!

<sup>23</sup> Favè Jezi, Granmèt la ak nou. <sup>24</sup> Mwen renmen nou tout nan Jezi Kri!

---

Nou kapab wè, malgre feblès yo, kreyen Korent yo te yon vre Legliz, paske se te yon kominate kote anpil moun te aktif epi yo te eseye regle pwoblèm lavi yo ansanm «nan Kris la».

**16,10:** Gade jan Pòl apresye Timote, kolaboratè li a, anpil (Flp 2,19-22; 1Tes 3,2). Timote se yon kolaboratè ki te toujou ak Pòl. Pòl mande moun Korent yo pou yo resevwa Timote byen.

**16,12:** Apolòs pa vle tounen Korent pou l pa kontinye fè divizyon nan mitan kreyen yo, paske li konn pale pi byen pase Pòl. Se pou nou gade konpòtman toude gwo apot sa yo. Pòl vle Apolòs tounen Korent, menm si li konnen Apolòs gen moun pa l nan mitan kominate a. Apolòs menm pa vle sèvi ak prestij li genyen pou mete divizyon nan kominate a.

**16,19:** Pawòl «Legliz Lazi yo» fè nou konnen jan Legliz te òganize. Yo te reyini nan Ti Kominate Legliz nan kay moun yo. Youn nan yo te konn reyini lakay Prisil ak Akilas, de moun marye tout moun konnen. Yo te kite lavil

Korent lan pou y al Efèz ak Pòl (Travay 18,2.18.26).

**16,21:** Menm si Pòl dikte lèt la pou yon lòt moun kouche li sou papye, moun ki ekri a te konn mete siyati li nan pye lèt la (Wòm 16,22; Kol 4,18; 2Tes 3,17).

*Dènye mo Pòl yo envite kreyen  
Korent yo pou youn bay lòt lapè*

«Madichon an» (Anatema) se yon avètsiman pou tout moun kenbe fèm nan lafwa yo. «Marana tha» (Granmèt Jezi, vini non!) fè nou konnen jan kreyen premye kominate yo t ap tann Jezi vini touswit. Yo te konn li lèt Pòl yo nan selebrasyon litiji yo, epi lèt sa yo te kòmanse gen valè Ekriti sakre (2Pyè 3,16), sa vle di nan Liv Nouvo Kontra.

«Marana tha» se te yon fason kreyen youn te konn salye lòt (Ap 22,20) epi konsa kreyen yo konplete mòd salye Jwif yo te konn fè a: «Shalom»: Lapè, Kè poze Bondye a ak nou. Lèt la fini ak yon bèl fraz kote Pòl montre sa li gen nan kè li pòu moun Korent yo: **Mwen renmen nou tout nan Jezi Kri.**

# *Dezyèm lèt pou moun Korent yo*



## **PREMYE KOZE A**

Li difisil pou nou bay yon esplikasyon klè sou dezyèm lèt pou moun Korent yo, paske dapre anpil nèg save ki konn Bib la, lèt sa a konpoze ak divès lèt Pòl te voye bay kominote a nan divès okazyon. Menm si nou gen premye ak dezyèm lèt pou moun Korent yo, se sèten Apot la te voye, pou pi piti, kat lèt ak yon biyè. An nou gade :

– Nan 1 Korent 5, 9 Pòl di : «*Nan lèt la, mwen te ekri nou pou nou pa mele ak moun ki nan dezòd.*» Sa vle di Pòl te gen tan ekri yo yon lèt anvan lèt sa nou rele premye lèt la.

Nan 2 Korent 2,4 Pòl di : «*Mwen te ekri nou ak anpil soufrans, ak kè sere epi ak anpil dlo nan je. Se pa pou mwen te fè nou lapenn, men pou nou te konnen se yon gwo renmen mwen gen pou nou.*» Pòl pale sou yon lèt li te ekri yo ak dlo nan je.

Eske de lèt sa yo, lèt sevè a ak lèt dlo nan je a, yo te pèdi nèt, osinon èske nou kapab jwenn yo anndan lèt sa nou genyen an epi nou rele dezyèm lèt pou moun Korent yo ?

1. Si nou li 2 **Korent 6,14-7,1**, nou wè mòso sa a koupe pawòl apot la t ap ekri a. Si nou wete mòso sa a, nou wè lekti a kontinye pi byen pase si nou kite mòso sa ladan 1. Ou kapab swiv sa Pòl t ap di a. Nan vèsè sa yo Pòl pale sou zidòl yo ak mank renmen fidèl yo pou Bondye. Poutèt sa kèk nan moun ki etidye Bib la panse vèse sa yo se yon mòso lèt sevè a li te pale nan 1 Korent 5,9a.

2. **Chapit 10-13** dezyèm Lèt pou moun Korent yo, ekri yon fason ki depaman ak rès lèt la. Pòl montre li sevè anpil, e jan li pale a montre li fè emosyon. Moun ki etidye Bib la yo di li ta posib pou chapit sa yo se yon mòso lèt dlo nan je a li te pale nan 2Korent 2,4 la.

3. Yon lòt bagay ankò : nan **2 Korent 9,1**, Pòl ekri sou « sèvis y ap rann moun ki sen yo », sèvis sa a se kète pou moun pòv ki rete Jerizalèm yo. Li pale kòm si moun yo pa konnen anyen sou sa, men nan chapit 8 la li te pale anpil sou sa.

Konsa nou ta kapab mete yon lòd konsa nan tout lèt Pòl te ekri pou moun Korent yo :

**1. 2 Korent 6,14–7,1** : Sa a se yon lèt Pòl te ekri yo anvan sa nou jwenn nan Bib la kòm Premye Lèt pou Korentyen yo ;

2. Apre lèt sa a nou sot pale a, li ekri sa nou gen nan Bib la kòm **Premye lèt pou moun Korent yo.**

**3. 2 Korent 10,1–13,13** : Sa a se lèt Pòl te ekri yo ak dlo nan je. Pòl defann ak anpil kouraj vokasyon li kòm apot, antan l ap pale sou lavi l kòm misyonè. Moun Korent yo te fè presyon sou li, yo poze l kesyon sou ki kote vokasyon apot li a sòti. Yo te egzije li rann yo kont sou laverite Levanjil li t ap preche a, e yo gen dout si li serye nan konpòtman li. Sa bay Pòl anpil chagren ak kè sere.

**4. 2 Korent 1,1–8,24 (san 6,14–7,1)** : Pòl fè yo sonje pwoblèm li te jwenn lakay yo, sitou lè kèk moun te jouré l. Tit te pral vini pou regle kesyon sa epi li retounen pote bon nouvèl rekonsilyasyon an bay Pòl, yo mande li padon. Li fini lèt la nan chapit 8,1-24 kote li bay yo kèk rekondasyon sou zafè kète pou moun pòv Jerizalèm yo, ki te nan gwo traka akòz grangou a.

**5. 2 Korent 9,1–15** : Biyè Pòl te ekri voye ba yo pou li reprann kesyon kète la, petèt li pa t voye l sèlman pou kominote Korent lan, men pou tout kominote yo ki gaye nan reijon an.

Menm si fason nou mete lòd nan dezòd sanble yon ti kras konplike, li pèmèt nou konprann pi byen evènman yo epi fason Pòl te reyaji devan pwoblèm ki te menase kè poze kominote Korent lan toutan.

### *Mesaj lèt sa a*

Dezyèm lèt pou moun Korent yo ba nou anpil enfòmasyon sou lavi, soufrans ak pèsonalite Pòl e sou jan Kominote yo te konn fonksyone nan premye tan Legliz la. Li fè nou konnen gwo difikilte Pòl te genyen nan rapò ak moun Korent yo, swa paske yo sòti nan divès kilti, swa paske lènmi Pòl yo te simen pikan nan mitan kominote a. Gen kèk moman apot la kanpe dyanm, gen lòt moman li santi li fèb... men li toujou mete konfyans li nan Jezi Kri.

Pòl pran tout okazyon pou li montre kouman kreyen yo dwe regle kont ki pete nan mitan kominote yo. Li te sèvi, nan lèt sa a, ak sa nou konnen kòm metòd gade-konprann-aji.

Se Kris la ki ba nou kapasite pou nou viv an kominote epi se nan li nou dwe chèche mwayen pou nou regle pwoblèm yo.

Epi nan lèt sa a nou jwenn yon avètisman ki gen anpil enpòtans pou moun ki konn li Bib la mo pou mo. «*Se lanmò pawòl ki ekri a pote, Lespri a menm bay lavi*» (2Kor 3,6)

### *Men chapant dezyèm lèt pou moun Korent yo :*

Premye Koze a : Bonjou ak lapriyè pou di Bondye mèsi (1,1-11)

Pòl defann tèt li (1,12–7,16)

– Poukisa Pòl aji konsa (1,12–2,17)

– Sèvis apot Pòl la (3,1–6,10)

– Rekonsilyasyon ak kominote a (6,11–7,16)

Kèt anfavè pòv Jerizalèm yo (8,1–9,15)

Pòl defann tèt li yon lòt fwa ankò (10,1–13,10)

Orevwa (13,11-13)

**1** <sup>Wm 1,1; 1Kor 1,1</sup> Pòl, apot Jezi Kri grasa volonte Bondye, ak frè Timote, pou Legliz Bondye ki Korent lan, ak pou tout moun ki sen yo ki abite toupatou nan zòn Akaya, <sup>2</sup>favè ak kè poze pou nou nan men Bondye Papa nou an ak Granmèt Jezi Kri.

<sup>Ef 1,3; Wm 15,6</sup> <sup>Iz 40,1</sup> <sup>Kol 1,24; Fp 1,20</sup> <sup>1Kor 15,32</sup> Konpliman pou Bondye, Papa Granmèt nou Jezi Kri, Papa kè sansib, Bondye ki bay tout konsolasyon. <sup>4</sup>Li konsole nou nan tout tribilasyon nou yo, pou nou kapab konsole sila yo ki nan tout kalite tribilasyon, ak menm konsolasyon nou jwenn nan men Bondye a. <sup>5</sup>Paske menm jan soufrans Kris yo se yon chay k ap debòde pou nou, se konsa tou konsolasyon nou ap debòde grasa Kris la. <sup>6</sup>Si n ap pase tray, se pou konsolasyon nou ak delivrans nou, nou menm moun Korent yo. <sup>6</sup>Si nou jwenn konsolasyon, se pou pwòp konsolasyon pa nou, moun Korent yo, ki jwenn fason pou sipòte, ak kouraj, menm soufrans n ap sibi nou menm tou. <sup>7</sup>Nou gen yon lespwa solid sou nou menm, moun Korent yo, nou konnen, menm jan nou patisipe nan soufrans yo, n ap patisipe nan konsolasyon an tou. <sup>8</sup>Frè m yo, nou pa ta vle pou nou pa konnen kalite soufrans nou te pase nan Lazi. Sa te depasse tout mezi. Sa te kraze tout fòs nou, sitèlman nou te menm dezespere ak

lavi a. <sup>9</sup>Men nan nou menm nou te konnen nou kondane amò, dekwa pou nou pa mete konfyans nou nan nou menm, men nan Bondye ki fè mò yo leve byen vivan. <sup>10</sup>Li sove nou anba yon si gwo danje lanmò, e li va sove nou. Nan li nou gen lespwa l a sove nou ankò. <sup>11</sup>Nou menm, moun Korent yo, ede nou ak lapriyè, pou favè nou te resevwa grasa anpil moun bay anpil moun okazyon di mèsi poutèt nou.

<sup>4,7; Fp 2,27; Wm 4,17</sup>

<sup>4,15; 9,12</sup>

### Pòl chanje plan vwayaj li

<sup>12</sup> Sa ki fè nou kapab vante tèt nou, se temwayaj konsyans nou ban nou, poutèt nou te kondi tèt nou sou tè a, e sitou devan nou, yon fason senp epi yon fason sensè ki sòti nan Bondye. Se pa ak bon konprann moun, men ak favè Bondye. <sup>13</sup>Nou pa ekri n lòt bagay pase sa nou li a ak sa nou konprann lan. Mwen espere n ap fin konprann sa nét—<sup>14</sup> menm jan nou te konprann yon ti mòso nan sa nou di yo—nou menm, moun Korent yo, nou se yon fyète pou nou, bò isit, menm jan nou menm, n a yon fyète pou nou, bò laba a nan Jou Granmèt nou Jezi. <sup>15</sup>Se ak asirans sa a mwen te vle al bò kote nou anvan, pou nou te jwenn yon dezyèm favè, <sup>16</sup>epi sòti lakay nou, al Masedwàn, lèfini sòti Masedwàn, tounen bò kote nou ankò, apre sa pran wout Jide ak konkou nou.

<sup>2,17; 1Kor 1,17</sup>

<sup>Fp 4,1; 1Tes 2,19</sup>

**1,1-2:** Pòl te mennen Timote ak li nan dezyèm ak twazyèm vwayaj li. Konsa Timote te travay ansanm ak li pou mete kominate Korent lan sou pye (2 Korent 1,19 ; Travay 18,5). Pi devan se li menm Pòl pral voye pote mesaj bay kominate Korent lan (1 Korent 4,17 ; 16,10-11).

**1,3-11:** Pòl te byen konnen sa pèsekisyon vle di. Lènmi li yo te rann lavi l difisil. Moun yo te kòmanse rejte l; sa te fè li soufri anpil. Menm kominate li te fonde yo te pase l nan betiz. Nan tout pwoblèm sa yo, li te dekouvrir soufrans ki make lavi kreyen an la pou l fè nou sonje soufrans Jezi Kri yo. Nan tout difikilte sa yo, li santi konviksyon li vin pi fèm: kè li kontan paske li konnen li nan men Granmèt la ki pa janm lage l epi se konsa li pataje soufrans Jezi a. Nan vèse sa yo, li repete néf fwa pawòl « konsolasyon », pou li montre fòs lafwa li genyen an. Tout chanjman ki te fèt nan divès sitiyasyon malouk li te viv yo

ba li yon gwo konfyans nan Bondye. Esperyans sa yo montre l se Bondye menm ki te soutni li nan tout traka yo. Se nan moman pi difisil yo solidarite ant kreyen yo parèt aklè, paske yo tout fè yon sèl kò ak Jezi Kri.

**1,12-14:** Te gen anpil bagay moun Korent yo pa t konprann nan sa Pòl te fè ak sa li te di yo. Konsa li mande yo pou yo pa pran sa li di yo mal, ni pou yo pa ba yo yon lòt sans.

**1,15-22:** Pòl te pwomèt moun Korent yo l ap retounen, men li pa te kapab. Moun yo te pran sa mal. Konsa Pòl te chèche montre yo li toujou kanpe fèm nan laverite, kòm bon patizan Jezi Kri (Matye 5,36). Si li ta ba yo mant, se Jezi Kri menm, ki te toujou kenbe pawòl li, e ki te toujou fè volonte Bondye a, li ta trayi. Apre sa li pale sou batèm ki fè nou vin fè youn ak Jezi Kri, e ki fè nou patisipe nan lavi Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an, yon lavi ki sen, grasa Lespri Sen an.

<sup>Mt 5,37</sup> <sup>17</sup> Si mwen fè pwojè sa a, èske m aji konsa konsa? Oubyen desizyon yo, èske se desizyon dapre lide moun sèlman, dekwa pou nan mwen menm ta gen an menm tan wi ak non? <sup>18</sup> Devan Bondye ki temwen serye, pawòl nou pale ak nou an, se pa wi ak non. <sup>19</sup> Reyèlman vre, Jezi Kri, Ptit Bondye a, Sila a nou te preche lakay nou an, Silven, Timote ak mwen menm, li pa t wi ak non. Se wi sèlman li gen nan li. <sup>20</sup> Tout pwomès Bondye yo vin tounen wi nan li. Konsa tou, se grasa li, nou kapab di Amèn pou glwa Bondye. <sup>1Jn 2,27; Ap 3,14</sup> <sup>21</sup> Sila a ki fè nou fèm nan Kris la ansanm ak nou menm, moun Korent yo, se Bondye, li menm ki sakre nou ak lwil. <sup>22</sup> Li tanpe nou epi li bay yon avalwa Lespri a nan kè nou. <sup>23</sup> Mwen pran Bondye pou temwen sou lavi mwen, se pou mwen te fè pa nou ki fè mwen pa t ko tounen Korent. <sup>24</sup> Se pa kontwole n ap kontwole lafwa nou, men n ap travay ansanm, pou nou menm, moun Korent yo, nou kapab jwenn kè kontan, paske sou kesyon lafwa, nou kanpe fèm.

<sup>1Pjè 5,2</sup> **2** <sup>1</sup> Mwen te deside nan kè m pou mwen pa t tounen lakay nou nan lapenn. <sup>2</sup> Si mwen menm, mwen fè nou lapenn, kilès ki kapab fè kè m kontan, si se pa sila a mwen te fè lapenn lan? <sup>3</sup> Mwen te ekri nou sa, pou mwen pa t jwenn lapenn, lè m vini, nan men sila yo ki ta dwe fè kè m kontan an. Mwen sèten, pou nou tout, kè kontan m se kè kontan nou tout. <sup>4</sup> Mwen te ekri nou ak

<sup>7,8; T Ap 20,31</sup>

**1,23–2,13**: Pòl esplike yo poukisa li te ekri yo olye li te vin rann yo vizit, jan li te pwomèt yo a. Gen moun nan kominote a ki pa t dakò ak kolaboratè Pòl yo. Dapre Pòl, si li te ale Korent, sa te kapab kreye plis pwoblèm nan kominote a. Men yon lèt te kapab fè moun yo reflechi pou yo ka rekonèt fòt yo epi rekonsilye youn ak lòt. Reyèlman vre, se sa ki te rive: koupab yo te rekonèt tò yo, e kominote a te pini yo. Kounye a se renmen ki dwe pi konsekan pase tout lòt bagay. Lèt yo t ap pale sou li nan vèsè sa yo (2 Korent 2,3) te pèdi, oubyen se ta chapit 10, 11, 12 ak 13 dezyèm lèt pou Korent yo (premye koze a).

anpil soufrans, ak kè sere epi ak anpil dlo nan je. Se pa pou mwen te fè nou lapenn, men pou nou te konnen se yon gwo renmen mwen gen pou nou.

<sup>5</sup> Si yon moun te fè lapenn, se pa mwen li fè lapenn, men, nan yon sèten sans pou mwen pa al twò lwen, se nou tout. <sup>6</sup> Pinisyon moun sa a pran nan men pi fò moun kont pou li. <sup>7</sup> Okontré li pi bon pou nou padonnen li, pou nou ankouraje li, pou moun sa a pa neye nan yon twò gwo lapenn ki depase mezi. <sup>8</sup> Se pou sa mwen mande nou, aji ak li yon jan pou li wè nou renmen l. <sup>9</sup> Se pou rezon sa a mwen te ekri nou, pou mwen te seye nou, pou mwen wè si nou obeyi nan tout bagay. <sup>10</sup> Si nou padonnen yon moun, mwen padonnen l tou. Epi tou, sa mwen padonnen—si mwen te gen dekwa pou mwen padonnen—se poutèt nou devan je Kris la. <sup>11</sup> Fòk nou pa kite Satan twonpe nou. <sup>Ef 4,27</sup> Nou pa kapab di nou pa konnen ki plan l genyen.

<sup>Kol 3,13</sup>

<sup>Mt 10,40</sup>

<sup>1Kor 16,9</sup>

### Sòti Twowas al Masedwàn

<sup>12</sup> Mwen te rive Twowas pou m preche Bon Nouvel Kris la. Pòt la te ouvè pou mwen ak pèmisyon Granmèt la, <sup>13</sup> men lespri mwen pa t poze, paske mwen pa t jwenn Tit, frè mwen an. Konsa mwen kite yo pou m al Massedwàn. <sup>14</sup> Mèsi Bondye, li menm k ap toujou kondi nou nan chemen viktwa l nan Kris la, e ki fè bon odè konesans li gaye toupatou grasa nou. <sup>15</sup> Toutbon vre pou Bondye se bon odè Kris la nou ye, ni pou sa ki sove, ni pou sa ki pèdi,

<sup>1Kor 1,18</sup>

Ki moun ki te lènmi Pòl yo, ki te pran tèt moun Korent yo ki mete yo dozado ak Apot la? Nou pa konnen, men nou ka sipoze se moun ki sòti nan mitan kretyen Jwif ki te lavil Jerizalèm yo.

**2,14–17**: Pòl wè jan Levanjil la rive gaye toupatou grasa temwayaj vivan misyonè yo bay. Bon Nouvel sa a reprezante temwayaj Jezi Kri a k ap pèmèt moun yo fè yon dènyè chwa: lavi oubyen lanmò. Moun ki aksepte li, l ap jwenn sans lavi l toutbon; moun ki rejte li, l ap pèdi chans pou jwenn sans lavi li nèt. Ki moun ki ka

Lk 2,34 <sup>1,12;  
1Pyè  
4,11</sup> <sup>16</sup>pou yon pòsyon se yon odè ki sòti nan lanmò k ap mennen nan lanmò, pou yon lòt pòsyon se yon odè ki sòti nan lavi k ap mennen nan lavi. Ki moun ki merite fè sa ? <sup>17</sup>Reyèlman vre, nou pa tankou anpil moun k ap defòme Pawòl Bondye a. Men se tankou moun ki fran, moun Bondye voye k ap pale devan Bondye nan Kris la.

**3**<sup>1</sup> Èske n ap rekòmanse bay pwòp tèt nou valè? Oubyen èske nou bezwen tankou lòt moun, lèt rekòmandasyon pou nou prezante ban nou, moun Korent yo, oubyen lèt rekòmandasyon ki sòti nan men nou? <sup>2</sup>Lèt rekòmandasyon pa nou se nou menm, moun Korent yo, yon lèt yo ekri nan kè nou. Tout moun konnen l, tout moun li l. <sup>3</sup>Sa parèt aklè, nou se yon lèt Kris la, nou menm moun Korent yo, se yon lèt ki sòti nan travay nou. Se pa ak lank li ekri, men se ak Lespri Bondye lavi a. Se pa sou plak wòch li ekri, men sou plak vyann kè nou. <sup>4</sup>Nou gen asirans sa a devan Bondye grasa Kris la. <sup>5</sup>Se pa kòmsi nou menm, pou kont nou, nou kapab konte sou kèk bagay ki sòti nan nou menm. Men okontré sa nou vo a, se nan Bondye li sòti. <sup>6</sup>Se li ki fè nou

di li se misyonè si Bondye pa rele l epi si li pa ba li fòs pou l fè misyon an? Ki moun ki kapab fè yon travay konsa pou kont li? Pyès moun!

Pòl pale ak gwo konviksyon, li ekspose lavi li. Li kite nou wè mak pèsonalite li : gen kèk fwa li fèb e an menm tan li gen gwo fòs ak kouraj; gen kèk okazyon li sevè, e an menm tan, li gen kè sansib anpil, kèk fwa li aji ak odas, epi lòt fwa li timid, men li te toujou kanpe fèm, e ak gwo konviksyon, pou li fè Bon Nouvèl la gaye toupatou.

**3,1-6 :** Te gen moun ki rive Korent ak lèt rekò-mandasyon. Men se pa yon lèt rekòmadasyon yon otorite ekri ki kapab montre si yon misyonè fè travay li toutbon. Se temwayaj kominote a ki kapab montre si yon misyonè se yon apot toutbon. Kominote yon apot te rasanble, e te evan-jelize, se li ki kapab di ki kalite travay apot la te fè. Kominote a se yon lèt vivan li ye. Nan moman Pòl te fonde kominote Korent lan, Kris la te kòmanse ekri lèt vivan sa a, se pa ak lank, men ak Lespri Sen an.

Pwofèt yo te gen tan anonsé Nouvo Kontra sa a epi se Lespri Sen an ki te ekri l, pa sou wòch

kapab tounen sèvitè yon nouvo kontra ki pa ekri ak lèt, men se yon kontra Lespri a. Paske se lanmò pawòl ki ekri a pote, Lespri a menm bay lavi. <sup>7</sup> Si sèvis lanmò a, sa yo te ekri ak lèt yo te grave sou wòch yo, te nan glwa, dekwa pou ptit Izrayèl yo pa t kapab fikse je yo sou figi Moyiz, poutèt glwa ki te sou figi l la pou yon ti bout tan, si se konsa, <sup>8</sup> kijan sèvis Lespri a pa ta gen piplis glwa toujou? <sup>9</sup> Reyèlman vre, si sèvis kondanasyon an te nan glwa, sèvis ki fè moun kòrèk la gen piplis glwa toujou, depase mezi. <sup>10</sup> Nan ka sa a, sa ki te nan glwa a anvan pa nan glwa ankò, devan glwa sa a ki estwòdinè. <sup>11</sup> Reyèlman vre, si sa ki t ap pase a, te parèt ak glwa, sa k ap rete a, ap gen piplis glwa pase sa toujou. <sup>12</sup> Ak yon lespwa konsa n ap kondi tèt nou ak asirans.

<sup>13</sup> Se pa tankou Moyiz ki te mete yon vwal sou figi l, pou ptit Izrayèl yo pa t gade finisman sa ki la pou yon ti bout tan an. <sup>14</sup> Men tou lespré yo bouche. Jis lajounen jodi a, vwal sa a toujou rete la, lè y ap li Ansyen Kontra a. Yo pa wete l. Se Kris la ki fè l disparèt. <sup>15</sup> Wi, jis jodi a, chak fwa y ap li Moyiz, gen yon vwal ki blayi sou kè yo. <sup>16</sup> Se lè yo tounen vin jwenn Granmèt la, yo wete

32,16;  
34,29

Mk4,12;  
T Ap  
28,27;  
Wm  
10,4;  
Eb 8,13

T Ap  
15,21

tankou nan tan Moyiz, men nan kè moun yo,  
nan lavi yo. (Gade Jeremi 31,31-33; Ezékyl  
11,19).

**3,7-18:** Nan vèsè 14 la, se premye fwa nan Bib la mo Ansyen Kontra a parèt. Pòl mete 2 Kontra yo fas pou fas: Ansyen Kontra a ak Nouvo Kontra a. Premye Kontra a Bondye te pase ak Moyiz la, pa t la pou toutan. Li te chita sou Lalwa a ki pa t kapab delivre pèsonn anba peche. Paske Lalwa denonse peche a, men li pa bay moun yo fòs pou yo konbat li. Nan Egzòd 34,29-35, yo ekri Moyiz te gen yon vvwal sou figi I. Pòl pran egzanp sa a, e li di, menm vvwal sa a, jounen jodi a, kouvari je Jwif yo. Paske yo pa wè se Kris la ki te fè Nouvo Kontra a, yon Kontra ki tounèf, e ki la pou toutan. Kontra Bondye te pase ak Jezi Kri a, kondi nou nan lavi. Se yon fòs ki delivre moun, e li se sous tout delivrans. Limyè ki sòti nan Jezi Kri ki leve byen vivan an klere lavi kretyen yo, e li chanje lavi yo nèt. Nan tout vèsè sa yo nou wè lènmi Pòl yo se moun ki sòti nan reliyion Jwif la epi ki pa vle aksepte reyalite tounèf la ki te kòmanse ak Jezi Kri.

Jn 4,24;  
Wm 8,2;  
1Kor  
6,17  
4,6;  
1Jn 3,2  
vwal la. <sup>17</sup>Paske Granmèt la menm se Lespri a, epi kote Lespri Granmèt la ye se libète. <sup>18</sup>Nou tout, ak figi nou san vwal sou li, n ap fè wè glwa Granmèt la tankou nan yon glas. Epi n ap chanje pou nou vin sanble ak menm pòtre sa a. Kantite glwa nou genyen an ap vin piplis chak fwa, tankou yon bagay ki sòti nan Granmèt la, ki Lespri a.

**4** <sup>Wm  
1,16;  
1Tes  
2,4  
2Tes  
2,10  
Jen 1,3;  
3,18;  
1Pyè  
2,9;  
Eb 1,3</sup> <sup>1Se pou sa, ak sèvis sa a nou genyen an, grasa pitye Bondye gen pou nou, nou p ap dekoraje. <sup>2Men nou rejte tout malis kache ki pou fè moun wont. Nou pa viv nan fent, ni nou pa vire sans Pawòl Bondye a. Okontré, se nan klète laverite a nou prezante tèt nou devan konsyans tout moun, anba je Bondye. <sup>3Si Bon Nouvèl nou an rete kouvri, se pou moun ki nan pèdisyon yo li rete kouvri. <sup>4Moun sa yo ki pa kwè, bondye tè sa a bouche lespri yo, pou yo pa wè limyè Bon Nouvèl glwa Kris la, ki pòtre Bondye. <sup>5Reyèlman vre, se pa pwòp tèt nou n ap preche, men Jezi Kri kòm Granmèt la, epi nou menm kòm sèvitè nou, poutèt Jezi. <sup>6Konsa Bondye ki te di: « Se pou limyè a klere sòti nan fènwa, » se li menm k ap klere nan kè nou, pou limyè konesans glwa Bondye ki sou figi Kris la kapab parèt.</sup></sup></sup></sup></sup></sup>

### Tray ak konsolasyon sèvis Apot la

<sup>12,9</sup> <sup>7N ap pote trezò sa a nan vesò tè pou yo wè kantite pouvwa sa a se pa nan nou li sòti, men nan Bondye. <sup>8Se 1Kor  
15,31;</sup></sup>

**4,7-15**: Devan tout Jwif yo ki te reysi pran tè moun ak tout fo bagay y ap montre yo, Pòl te ranncontre nan lavi li, si soufrans sa yo pa t touye li, se paske Bondye te toujou ak li. Bondye te toujou soutni li. Reyèlman vre, lavi yon apot toutbon pa fasil. Li sipoze apot la fè sa li preche a, li viv Bon Nouvèl la. Se sel Bondye ki ka bay yon moun kapasite pou fè sa.

nan tout bagay n ap pase tray, men nou pa plat atè, nou nan boulvès, men nou pa dezespere, <sup>9</sup>nou anba pèseki-syon, men nou pa sèl pou kont nou. Yo frape nou atè, men yo pa fini ak nou. <sup>10</sup>Se toutan n ap pote lanmò Jezi nan kò nou toupatou, pou lavi Jezi kapab parèt aklè nan kò nou tou. <sup>11</sup>Toutbon vre, nou menm ki vivan se toutan yolage nou anba pouvwa lanmò akòz Jezi, pou lavi Jezi tou kapab parèt aklè nan kò nou, ki gen pou li mouri a. <sup>12</sup>Konsa lanmò ap fè travay li nan nou, men lavi ap fè travay pa l nan nou menm, moun Korent yo. <sup>13</sup>Men antan nou gen menm lespri lafwa a dapre sa ki ekri: « Mwen te kwè, se poutèt sa mwen te pale, » nou menm tou, nou kwè, e se poutèt sa nou pale. <sup>14</sup>Nou byen konnen Sila a ki te leve Granmèt la Jezi pral leve nou tou ansanm ak Jezi, pou li mete nou kanpe bò kote l ansanm ak nou, moun Korent yo. <sup>15</sup>Tou sa fèt pou byen nou, moun Korent yo, pou favè a vin piplis, konsa pou piplis moun di yon chay mèsi pou glwa Bondye.

<sup>16</sup> Se poutèt sa nou pa dekoraje, <sup>Kol 3,9</sup> paske menm si nan nou menm, moun nou parèt pa deyò a ap detwi, moun nou ye pa anndan an ap vin pi nèf chak jou. <sup>17</sup>Reyèlman vre, tray n ap pase a lejè epi se pou yon ti tan, men l ap pare yon chay glwa ki peze depase tout mezi pou nou e ki la pou toutan. <sup>18</sup>Epitou, nou p ap fikse je nou sou sa

Fip  
3,10

Sòm  
116,10

Mt5,11;  
Wm  
8,17;  
Eb  
12,11;  
1Pyè  
1,6

Kol  
1,16;

Lè nou kalkile tout kalite soufrans Pòl te rankontre nan lavi li, si soufrans sa yo pa t touye li, se paske Bondye te toujou ak li. Bondye te toujou soutni li. Reyèlman vre, lavi yon apot toutbon pa fasil. Li sipoze apot la fè sa li preche a, li viv Bon Nouvèl la. Se sel Bondye ki ka bay yon moun kapasite pou fè sa.

**4,16-5,10**: Prèch la sòti nan lafwa, e an menm tan, li mennen moun nan lafwa (Wm 10,16). Apot la se yon zouti nan men Bondye pou l fè Bon Nouvèl Jezi Kri a gaye sou tout tè a. Poutèt sa apot la pa gade sa li soufri, sèlman li gade si sa li fè bay moun yo lavi. Pou moun ki pa gen lafwa, tout bagay fini nèt ak lanmò. Men

Eb 11,1 moun wè, men sou sa moun pa kapab wè, paske sa moun wè dire yon ti tan, men sa moun pa kapab wè dire pou toutan.

**5** <sup>Wm 8,23; Jb 4,19; Wlz 9,15; Iz 38,12</sup> <sup>1Kor 15,33; 1Tés 4,15</sup> <sup>1Pyè 1,1</sup> <sup>Fp 1,21</sup> <sup>Wm 14,10; Jn 5,27; Eb 11,6; Ef 6,8</sup> <sup>1</sup>Nou byen konnen si kay nou gen sou tè a, tant kote nou abite a, ta kraze, nou gen yon kay Bondye fè li menm. Se pa kay moun fè ak men l, men yon kay ki la pou toutan nan syèla. <sup>2</sup>Nan ka sa a se pa ti plenn n ap plenn, pou jan nou ta renmen mete rad kay nou ki nan syèla sou lòt la, <sup>3</sup>men se si yo pa jwenn nou toutouni, men ak rad sou nou. <sup>4</sup>Wi se vre, nou ki nan tant lan, n ap plenn anba gwo chay, paske nou pa ta vle yo dezabiye nou, men nou ta vle mete yon rad sou lòt, konsa pou lavi a vale sa ki fèt pou mouri a. <sup>5</sup>Sila a ki pare nou pou bagay sa a, se Bondye, li menm ki ban nou avalwa Lespri a. <sup>6</sup>Konsa nou toujou gen kouraj, antan nou konnen lè nou lakay nou nan kò a, nou abite lwen Granmèt la, <sup>7</sup>paske se nan lafwa n ap mache, se pa nan wè klè. <sup>8</sup>Nou pran kouraj, epi nou ta pito kite kò a pou n al rete bò kote Granmèt la. <sup>9</sup>Se pou sa, kit nou anndan kay la, kit nou deyò, n ap fè tout efò nou pou fè l plezi. <sup>10</sup>Reyelman vre, nou tout, n ap gen pou nou parèt aklè devan tribinal Kris la, pou chak moun resevwa dapre sa li te

pou moun ki kwè nan Jezi Kri, e ki swiv chemen li a, lanmò se yon pòt pou nou antre nan lavi toutbon an. Kò moun yyeyi, pèdi fòs nan lavi sa a, men ak leve byen vivan an, Bondye mennen nou nan lavi toutbon an. Pòl te sèvi ak yon egzanp tout moun te konnen nan épòk pa l': lè moun k ap travèse yon dezè pral kontinye chemen yo, apre yon pòz, yo demonte tant yo te fè pou yo dòmi. Dezè a pa kay yo. Yo pa kapab rete la pou toutan. Menm jan ak moun sa yo, nou menm ki mache nan chemen lavi a, nou viv sou tè sa a, men nou toujou kontinye mache pou nou rive kote Bondye. Epi nou gen garanti n ap rive bò kote Bondye, paske li te déjà ban nou Lespri Sen an.

**5,11–13 :** Gen yon sèl lide ki gide lavi Pòl : li se apot Jezi Kri epi li dwe preche, simaye Levanjil la bay ni moun ki gen bon konprann, ni sa ki pa genyen. Se renmen Kris la ki ankourage li, ki fose

fè, lè l t ap viv nan kò a, kit se byen, kit se mal.

### Sèvis Apot yo

<sup>Wm 5,18; 6,11</sup> <sup>Wm 14,8</sup> <sup>13,4; Fp 3,10</sup> <sup>Gal 3,28; 6,15; Ef 4,24</sup> <sup>Wm 5,10</sup> <sup>Wm 14,8</sup>

11 Kòm nou konnen sa ki rele krentif pou Granmèt la, n ap eseye pran tèt moun yo. Kanta Bondye, nou klè devan l, e mwen espere klè devan kon-syans pa nou tou. <sup>12</sup>Nou p ap rekòmanse prezante tèt nou devan nou, moun Korent yo, men nou ban nou okazyon pou nou vante tèt nou poutèt mwen. Konsa n a gen dekwa pou nou di moun ki vante tèt yo pou sa ki parèt sou figi, men ki pa nan kè. <sup>13</sup>Si tèt nou te pati, se pou Bondye, si l anplas, se pou nou, moun Korent yo. <sup>14</sup>Renmen Kris la cho nan kè nou, lè nou sonje si yon sèl te mouri pou tout, se tout ki mouri. <sup>15</sup>Li mouri pou tout moun, dekwa pou moun k ap viv yo, yo pa viv pou tèt yo ankò, men pou Sila a ki mouri epi ki leve byen vivan pou yo a. <sup>16</sup>Bon, nou menm, kounye a, nou p ap konnen pèsonn ankò nan fason moun. Si nou te konnen Kris la nan fason moun, nou pa konnen li konsa ankò. <sup>17</sup>Si yon moun nan Kris la, se yon kre-yati tounèf li ye. Bagay ansyen yo dis-parèt, men se bagay tounèf ki la. <sup>18</sup>Tou sa sòti nan Bondye ki fè nou tounen vin byen ak li grasa Kris la, epi ki ban nou sèvis fè moun tounen vin byen ak li.

li, ki ba li fòs ak kouraj pou li anонсе Levanjil la bay tout moun san patipri. Pòl ta renmen pou tout moun tounen moun tounèf Bondye refè, kote lavi kòrèk Bondye ba nou an pi fò pase tout peche nou yo. Tout moun ki fini ak peche, deja kòmanse viv ak Kris la, ki leve byen vivan an. Tèt ansam lan kòmanse, lè nou fè renmen an tounen poto mitan lavi kominote nou an.

**5,14–6,2 :** Lènmi Pòl yo di li pa yon apot toutbon, paske li pa te wè Jezi anvan li te mouri, e lè li leve byen vivan an. Li pa te tande ak pwòp zorèy pa l sa Jezi te di, li pa te wè figi Jezi. Poutèt sa li pa kapab temwen Levanjil Jezi Kri a. Pòl montre yo preche Levanjil la se pa sèlman konnen epi repeate istwa Jezi Kri a. Levanjil la se anонсе lanmò ak leve byen vivan li a ki chanje kondisyon lavi moun yo nèt, ki retabli diyite moun te pèdi poutèt peche a.

Se Levanjil sa a ki fè yon nouvo etap kòmanse

<sup>Kol</sup><sup>19</sup> Se Bondye ki te fè tè a tounen vin byen ak li nan Kris la, dekwa pou li pat regle ak yo dapre peche yo. Epi li te mete pawòl pou fè moun tounen zanmi ak li nan bouch nou. <sup>20</sup>Konsa nou se reprezantan Kris la, kòmsi grasa nou menm se Bondye k ap bay ankourajman. Tanpri souple, nan non Kris la, tounen fè zanmi ak Bondye. <sup>21</sup>Sila a ki pa t konn fè peche a, li fè l tounen peche pou nou, dekwa pou nou tounen nan li menm sa ki kòrèk pou Bondye.

<sup>Iz 53,6;  
Wm 8,3;  
1Jn 3,5;  
Gal 3,13;  
1Pv 2,24</sup>

**6** <sup>1</sup>Nou menm k ap travay ak li, nou mande nou pou nou pa resevwa favè Bondye a pou granmesi, <sup>2</sup>paske men sa li di:

«*Nan bon moman an, mwen te koute w, nan jou delivrans lan mwen te pote w sekou.*»

*Men bon moman an kounye a, men jou delivrans lan.*

<sup>3</sup>Nou pa bay pèsonn okenn okazyon bite, pou yo pa kritike sèvis nou an. <sup>4</sup>Men nan tout bagay nou bay prèv nou se sèvitè Bondye, nan anpil rezistans, nan tray nou pase, nan nesesite ak nan kè sere, <sup>5</sup>nan pran kou, nan pran prison, nan eskandal nan lari, nan travay di, nan pase nwit san dòmi, nan rete san manje, <sup>6</sup>ak yon vi pwòp, ak kone-

nan listwa moun. Lanmò Kris la sou kwa a anonsé gen yon etap ki fini. Se etap kote moun yo pat kapab pwoche bò kote Bondye akòz peche yo. Men nan lanmò Jezi sou kwa a, Bondye te kloure tout peche epi li te padonnen tout moun ki resevwa l. Se konsa yon nouvo etap rekonsilyasyon te kòmanse ak lanmò Jezi a.

Se pa soufrans Jezi sou kwa a ki sove moun, se renmen ki te mennen li jis li soufri sou kwa a, se sa ki ban nou lavi. Soufrans pa sove moun. Se renmen ki sove moun.

**6,3-10 :** Nou rekonèt yon apot toutbon nan fason li bay tèt li pou l fè travay Bondye vanse sou tè a. Yon apot toutbon gen anpil renmen nan kè li, li bay tout lavi li nan travay Granmèlla, menm si li pa jwenn lajan pou sa. Poutèt sa, sosyete a wè apot toutbon vre a tankou yon pwoblèm. Li reprezante yon danje, paske sa li di ak sa li fè pa mache nan menm sans ak fonksyonman sosyete a.

Nan vèsè 10 la, yon lòt fwa ankò, Pòl prezante

sans, ak pasyans, ak bon kè, ak yon lespri ki sen, ak yon renmen san fent, <sup>7</sup>ak pawòl laverite, ak pouvwa Bondye a, ak zam pou sa ki kòrèk la nan men dwat ak nan men göch, <sup>8</sup>nan lonè ak nan dezonè, nan move repitasyon ak nan bon repitasyon.

<sup>Wm  
12,9;  
Gal  
5,22</sup>

Yo pran nou pou moun ki nan manti, men nou nan laverite, <sup>9</sup>pou moun yo pa konnen, men yo konnen nou byen pwòp, pou moun ki pral mouri, men vwala nou toujou vivan, pou moun yo pini, men san yo pa touye yo, <sup>10</sup>pou moun ki tris, men nou toujou kontan, pou moun pòv, men nou fè anpil moun vin rich, pou moun ki pa gen anyen, men nou gen tout bagay.

<sup>8,9</sup>

<sup>11</sup>Nou te pale fran ak nou, moun Korent yo, nou te louvri kè nou byen laj. <sup>12</sup>Gen plas nan kè nou pou nou. Si nou kwense, se anndan nou, moun Korent yo, ki pa gen plas. <sup>13</sup>M ap pale ak nou tankou ak pitit mwen yo. Fè nou menm favè a: louvri kè nou byen laj, nou menm tou.

<sup>1Kor  
4,14</sup>

### Kèk avètisman

<sup>14</sup>Nou pa kapab fè makòn ak moun <sup>Ef 5,10</sup>ki pa gen Lafwa. Ki rapò ki genyen ant lòd ak dezòd? Èske limyè ak fènwa kapab fè yon sèl? <sup>15</sup>Ki akò ant Kris ak Belya? Èske moun Lafwa ak moun san

tèt li tankou yon moun pòv, ki pa gen gwo mwayen, moun ki travay ak men l pou li manje. Pòl pa vante tèt li devan moun yo, okontré li montre valè soufrans lavi apot la pote pou li. Nan vèsè sa a, Pòl montre kè li chaje ak renmen ni pou Bondye, ni pou moun Korent yo. Lavi li se pi bon temwayaj li kapab bay kominate yo. Li pa gen anyen, men li gen tout bagay, paske li gen Jezi nan li.

**6,11-13 :** Pòl kontinye reflechi sou sitiyasyon kominate a. Pòl ouvè kè li bay moun Korent yo. Kounye a li mande pou moun Korent yo ouvri kè yo ba li. Vèsè sa yo montre renmen Pòl gen pou kominate sa a malgre li ba li anpil tèt chaje.

**6,14-7,1 :** Gade premye koze a. Pou nou konprann tèks sa a pi byen, nou kapab li l apre vèsè sa yo (1 Korent 5,9) kote Pòl mande pou moun Korent yo pa mele ak moun ki te kòmanse mache dèyè Jezi Kri, epi apre ki te fè bak pou yo tounen nan vye abitid yo te genyen kòm moun pèp etranje yo.

<sup>1Kor  
3,16;  
Lev 26,  
11-12;  
Ezk  
37,27</sup> lafwa kapab mete yo ansanm? <sup>16</sup>Èske Tanp Bondye a ak zidòl yo kapab mete yo dakò? Se vre, se nou menm ki Tanp Bondye ki gen lavi a, dapre sa Bondye te di:

«M ap abite ak yo, m ap mache nan mitan yo. *Se mwen ki va Bondye yo, epi yo menm yo va pèp mwen.*»

<sup>Iz  
52,12;  
Jer  
51,45</sup> <sup>17</sup>Se pou sa, «sòti nan mitan yo, pa mele ak yo.» Granmèt la di: «Pa touche sa ki pa pwòp, e mwen menm mwen pral resevwa nou.

<sup>2Sam  
7,14;  
Jer  
31,9</sup> <sup>18</sup>M ap yon Papa pou nou, e nou menm n a tounen ptit gason ak ptit fi pou mwen.»

Se Granmèt ki gen tout pouvwa a ki di sa.

<sup>2Pyè  
1,4</sup> **7** <sup>1</sup>Nou menm mwen renmen an, ak pwòmès sa yo nou genyen an, an nou pwòpte tèt nou sòti anba tou sa ki sal kò nou ak lespri nou, antan n ap fè pou nou vin sen nètale ak krentif pou Bondye. <sup>2</sup>Ban nou yon ti plas nan kè nou. Nou pa fè pèsonn lenjistis, nou pa piye pèsonn, nou pa pwofite sou do pèsonn. <sup>3</sup>Mwen pa di sa pou mwen kondanen nou. Kòm mwen te déjà di, nou nan kè mwen pou lavi ak pou lanmò.

<sup>4</sup>Mwen gen anpil konfyans nan nou, mwen santi mwen fyè anpil poutèt nou. Mwen plen konsolasyon, kè m ap debòde kontantman nan tout soufrans nou yo.

### Pòl Masedwàn, Tit vin jwenn li

<sup>5</sup>Lè nou rive Masedwàn, nou te san souf ak kò nou. Se te soufrans tribò babò: deyò se goumen, anndan se laperèz. <sup>6</sup>Men Sila a ki konsole sa ki piti yo, kidon Bondye, li konsole nou ak vini Tit la. <sup>7</sup>Non sèlman ak vini I, men tou ak konsolasyon li jwenn nan men nou, moun Korent yo. Li di mwen

tou sa nou swete, tout lapenn nou genyen ak kijan nou devwe pou mwen. Konsa mwen te santi m pi kontan toujou.

<sup>8</sup>Si mwen te fè nou lapenn toutbon vre nan lèt la, mwen pa regrett sa. E menm si mwen te regrett (paske mwen wè lèt sa a te fè nou lapenn, menm si se te pou yon tan), <sup>9</sup>kounye a mwen kontan. Se pa poutèt nou te gen lapenn, men paske nan gen lapenn nan nou te rive chanje kè nou. Reyèlman vre, nou te gen lapenn jan Bondye vle. Konsa nou menm, moun Korent yo, nou pa pèdi anyen poutèt nou. <sup>10</sup>Se vre, lapenn jan Bondye vle a, fè yon chanjman ki pote delivrans yo p ap janm regrett. Men lapenn tè a bay lanmò. <sup>11</sup>Lapenn jan Bondye vle a, gade tou sa li fè pou nou, jan li mete mouvman nan nou, moun Korent yo.

Mezanmi, ala esplikasyon! Ala fache! Ala krentif! Ala gwo anvi! Ala devouman! Ala pinisyon!

Nou montre tout fason nou inosan nan afè sa a. <sup>12</sup>Konsa si mwen te ekri nou, se pa akòz moun ki te manke lòt la dega a, ni akòz sila a yo te manke dega a, men se pou tout devouman nou menm, moun Korent yo, genyen pou nou an, parèt aklè lakay nou menm, moun Korent yo, devan je Bondye.

<sup>13</sup>Se sa ki konsole nou. Sou konsolasyon nou an, gen yon pi gwo kontantman yo vin mete sou li, se kè kontan Tit la, jan nou tout, moun Korent yo, nou fè lespri I poze. <sup>14</sup>Si mwen te vante tèt mwen pou nou ti kras devan I, mwen pa wont. Okontré menm jan nou toujou pale nou tout bagay nan laverite, se konsa vante nou te vante tèt nou devan Tit la, se laverite tou. <sup>15</sup>Epi santiman ki nan kè I pou nou,

**7,2-16:** Pòl sonje pwoblèm moun Korent te genyen yo, nan lèt li te voye ba yo a (2,1-11). Lèt sa a pèdi! Men sanble Pòl te pale sevè anpil ladan. Se lèt sa a ki te fè moun Korent yo tounen

vin jwenn Pòl. La a nou wè lapenn misyonè sa a ki bay tèt li ak tout kò li, ak tout lespri li pou prech Bon Nouvel la reysi.

moun Korent yo, vin piplis toujou, lè li sonje jan nou tout obeyisan, jan nou resevwa I nan tranble ak nan laperèz. <sup>16</sup>Mwen kontan pou konfyans mwen kapab fè nou nan tout bagay.

### Ankourajman pou separe ak lòt

**8** <sup>1Kor 16,5; Gal 2,10</sup> Frè m yo, nou vle fè nou konnen favè Bondye Legliz Masedwàn yo te jwenn, <sup>2</sup>paske nan gwo tray ak soufrans yo genyen, yo jwenn yon kè kontan ki depase tout mezi, epi nan gwo mizè y ap viv, yo vin rich depase tout mezi ki nan separe ak lòt yo. <sup>3</sup>Nan sa mwen sèvi temwen, dapre mwayen yo, e piplis menm pase mwayen yo, se yo ki te vle sa. <sup>4</sup>Yo pa t bouke mande nou fè yo favè pou yo patisipe yo menm tou nan sèvis yo te òganize pou moun ki sen yo. <sup>5</sup>Epi yon fason nou pa t ap tann, yo te bay tèt yo an premye pou Granmèt la, apre pou nou menm, dapre volonte Bondye. <sup>6</sup>Konsa nou te mande Tit pou li fin òganize bon zèv lacharite sa a lakay nou, jan li te kòmanse a. <sup>7</sup>Men piske nou bon anpil nan tout bagay, nan lafwa, nan pawòl, nan konesans, nan tout kalite devouman, ak nan renmen nou te ban nou an, fòk nou ta bon anpil tou nan bon zèv lacharite sa a. <sup>8</sup>Mwen pa di sa pou mwen pase nou lòd, men lè mwen pale nou sou devouman lòt yo, se seye m ap seye nou pou mwen wè si renmen nou an se yon renmen toutbon vre. <sup>9</sup>Nou konnen favè Granmèt nou Jezi Kri, kijan li menm ki rich te tounen pòv poutèt nou, pou pòv li pòv la fè nou vin

<sup>1Kor 1,5</sup>  
<sup>8,20;</sup>  
<sup>Flp 2,7</sup>

**8,1-24:** Te gen gwo grangou nan Jide ak nan Jerizalèm nan lane 48 (Travay 11,28) akòz lane 47 ki te yon lane sabatik. Jwif yo pa t simen pou yo te kite tè a poze. Pou ede kominate Jerizalèm nan, yo te fè yon gwo kèt nan mitan kominate ki te tabli nan vil Lanpi Women yo. Nan gwo reinyon Jerizalèm lan, Pòl te pwomèt I ap òganize solidarite sa a ak kretyen ki sòti nan pèp etranje yo (Galat 2,10). Isit la, Pòl envite moun yo pou yo kòmanse kèt yo te deside fè a (1 Korent 16,1). Pòl di yo: Tout sa nou mete ansanm pou ede moun ki nan nesesite, se yon favè Bondye. Gras sa a pi gwo pou moun ki fè I la pase pou moun

rich. <sup>10</sup>Mwen ban nou lide pa mwen sou sa. Sa ta bon pou nou, kòm se nou menm, depi lane pase, ki non sèlman te premye kòmanse fè sa, men ki te premye deside fè sa. <sup>11</sup>Kounye a se pou nou fin fè travay la nou menm, jan nou te cho nan pran desizyon an. Se konsa tou pou nou fin travay la nét, selon mwayen nou. <sup>12</sup>Depi gen bon dispozisyon, yo aksepte sa yon moun genyen, yo pa gade sou sa li pa genyen. <sup>13</sup>Pou nou soulaje lòt, nou pa bezwen lage kò nou nan mizè. Se yon afè egal ego! <sup>14</sup>Nan sitiyasyon jodi a, sa nou genyen ki twòp ap sèvi pou sila yo ki manke, konsa sa sila yo genyen ki twòp va sèvi tou pou sa nou menm nou manke, konsa pou sa vin egal ego, <sup>15</sup>jan sa ki ekri a: «Sa ki te ranmase anpil pa t gen twòp, sa ki te ranmase yon ti kras pa t manke.»

<sup>Mk 12,44</sup>

<sup>Wm 15,27</sup>

<sup>16,18</sup>

### Moun yo voye Korent pou òganize kèt la

<sup>16</sup>Mèsi Bondye ki mete menm kalite devouman sa a nan kè Tit pou nou, moun Korent yo, <sup>17</sup>paske li reponn envitasyon an, men ak piplis devouman toujou: se li menm ki deside al jwenn nou. <sup>18</sup>Ansanm ak li nou voye frè sa a tout Legliz yo byen konnen pou sèvis li rann Bon Nouvèl la. <sup>19</sup>Men se pa sa sèlman: Legliz yo vote pou I akonpaye nou nan vwayaj n ap fè ak kèt yo ban nou pote a. Se yon sèvis nou bay tèt nou pou li, pou glwa Granmèt la ak pou nou jwenn kè kontan. <sup>20</sup>Sa nou vle evite, se pou pèsonn pa vin repwoche nou sèvi ak

<sup>T Ap 20,4;</sup>  
<sup>1Kor 16,3</sup>

ki resevwa I. Sa ki enpòtan pou Pòl se pou tout moun egalego. Poutèt sa li sonje leson lamàn nan (Egzòd 16) ki baz tout ekonomi solidè, sa vle di yon ekonomi ki chita sou tèt ansanm, sou pataj ant moun ki genyen ak sa ki pa genyen.

**8,16-24:** Tit se asosye Pòl. Epi gen lòt moun ki patisipe nan misyon ak yo. Kòm yo te ranmase yon pakèt lajan, Pòl vle pou se yon moun yo ka fè konfyans ki pou reskonsab kòb sa a. Pou Pòl ekonomi solidè a dwe fèt nan regle tout bagay klè. Li pa vle zafè kòb la kontrarye travay misyon an.

PWV  
3,4

gwo lajan sa a,<sup>21</sup> paske n ap chèche fè sa ki byen non sèlman devan Granmèt la, men devan moun tou.<sup>22</sup> N ap voye frè nou sa a nou te seye devouman an divès fwa, divès mannyè, ak yo. Kounye a menm li pi devwe toujou poutèt gwo konfyans li genyen nan nou, moun Korent yo.<sup>23</sup> Tit menm menm, se asosye mwen epi li travay ansanm ak mwen bò kote nou. Frè nou yo menm menm, yo se mesaje Legliz yo, glwa Kris la.<sup>24</sup> Devan Legliz yo, se pou nou ba yo prèv renmen nou genyen ak rezon fyète nou poutèt nou, moun Korent yo.

### Kèt pou moun ki sen yo

**9**<sup>1</sup> Li pa nesesè pou m ekri nou sou sèvis y ap rann moun ki sen yo.<sup>2</sup> Mwen konnen jan nou cho e mwen fè nou konpliman pou sa devan moun Masedwàn yo, lè mwen di yo: «Akaya pare depi lane pase.» Devouman nou ankouraje pi fò moun.<sup>3</sup> Avèk tou sa mwen voye frè yo pou fyète nou jwenn nan nou an, moun Korent yo, pa pase pou anyen nan afè sa a, men pou nou pare jan mwen te di a.<sup>4</sup> Dekwa pou si moun Masedwàn yo vin ansanm ak mwen, e yo jwenn nou pa pare, pou jan mwen te asire sou nou, pou mwen pa sòti wont, pou mwen pa di se nou menm k ap sòti wont pito.<sup>5</sup> Konsa mwen te kwè li nesesè pou m envite frè yo mache devan, ale lakay nou, pou yo òganize kèt nou menm, moun Korent yo, nou te pwomèt depi davans lan, e pou li pare tankou yon gwo kado, men pa tankou yon ti bagay chich.

PWV  
11,24

<sup>6</sup>Koute:

*Moun ki simen yon ti kras, l ap rekòlte yon ti kras,*

**9,1-15**: Chapit sa a repete sa Pòl te di déjà. Poutèt sa anpil moun kwè se yon lòt ti lèt Pòl te voye pou lòt kominote ki nan reydon an. Separe sa w genyen ak lòt se pa sèlman pou moun ki nan menm kominote ak nou, men se ak tout moun ki nan bezwen. Separe sa w genyen ak lòt se yon gwo bagay nan lavi kretyen an. Separe sa

*moun ki simen anpil, l ap rekòlte anpil.*

<sup>7</sup> Se pou chak moun bay jan li te deside nan kè l, se pa ak de kè, ni nan fose, paske Bondye renmen *moun ki bay ak kè kontan.*<sup>8</sup> Bondye kapab fè tout kalite favè debòde sou nou, konsa pou nou gen kont nou toutan e nan tout bagay, epi nou gen rès ki rete pou nou fè tout kalite bon zèv,<sup>9</sup> dapre sa ki ekri:

PWV  
22,8

Sòm  
112,9

*Li bay piyay, li separe bay malere, sa li fè ki kòrèk la, lavi kòrèk li a ap dire pou toutan.*

<sup>10</sup> Sila a ki bay moun k ap simen an yon semans pou li simen, li pral ba l pen pou l manje, li pral fè semans nou an, moun Korent yo, vin piplis, e l ap fè fwi sa nou fè ki kòrèk la vin piplis tou.

Iz  
55,10;  
Oze  
10,12

<sup>11</sup> Antan nou vin rich nan tout bagay, nou va kapab fè tout kalite kado. Grasa mwen kado sa yo ap fè remèsiman monte jwenn Bondye.<sup>12</sup> Sèvis kèt sa a, li pa la sèlman pou fè moun ki sen yo jwenn sa yo bezwen, men tou pou fè anpil remèsiman rive jwenn Bondye.<sup>13</sup> Avèk prèv sèvis sa a, y ap bay Bondye glwa pou jan nou obeyi Bon Nouvel Kris la nan lafwa nou, an menm tan pou pakèt kado sa yo nou separe ni ak yo ni ak tout moun.<sup>14</sup> Epi lapriyè yo pou nou, moun Korent yo, pral montre santiman yo pou nou toutbon, pou kantite favè Bondye fè nou.<sup>15</sup> Mèsi Bondye pou favè l la ki depase tou sa moun kapab esplike.

T Ap  
2,42

### Pòl pran defans tèt li kont kèk vye akizasyon

#### Li fèb lè l ap defann tèt li

**10**<sup>1</sup> Se mwen menm Pòl ki fèmen, lè m anfas nou, men ki sevè

w genyen ak lòt epi fè solidarite ak moun ki nan difikil se rann Levanjil Kris la sèvis. Epitou, lè moun yo separe byen materyèl yo, yo separe favè Bondye a tou (v. 13.15).

Nan chapit 10-13, Pòl pale sevè ak dlo nan je. Li ta posib chapit sa yo se yon pati nan lèt «dlo nan je» li te pale sou li nan 2 Korent 2,4.

anpil lè mwen lwen nou. Mwen mande nou nan Kris la, ki tou dou epi ki fè pa moun,<sup>2</sup> mwen mande nou, tanpri souple, pa kite lè mwen nan mitan nou, mwen montre jan mwen kapab rèd ak nou, tankou mwen gen lide fè a devan sila yo ki kwè nou aji dapre konpòtman moun sèlman.<sup>3</sup> N ap viv tankou moun, se vre, men nou p ap batay ak mwayen moun ase.<sup>4</sup> Paske zam batay nou yo pa sòti nan moun, men nan fòs Bondye ki fè yo kapab kraze tout gwo fò yo. Nou kapab kraze tout vye kalkil,<sup>5</sup> tout gwo lògèy ki leve tèt li kont konesans Bondye. Nou kapab mentni tout kalite lide, fè l soumèt li devan Kris la.<sup>6</sup> Nou pare pou nou pini tout moun ki dezbeyi, depi nou menm, moun Korent yo, nou obeyi nètale.

<sup>7</sup> Mete sa aklè devan je nou: si yon moun kwè li pou Kris la, se pou l mete nan tèt li yon lòt fwa ankò, menm jan li pou Kris la, nou menm tou se pou Kris la nou ye.<sup>8</sup> E si mwen ta vante tèt mwen twòp poutèt pouvwa Granmèt la ban nou an, yon pouvwa ki la pou bati, ki pa la pou kraze nou, mwen p ap wont.<sup>9</sup> Mwen pa vle parèt m ap fè nou pè ak lèt mwen yo.<sup>10</sup> Paske y ap plede di: « Lèt li yo di, yo rèd, men lè se li menm ki la, li tou fèb epi pawòl li pa gen fòs. »<sup>11</sup> Moun sa a se pou l mete nan tèt li: Menm jan nou ye nan sa nou ekri nan lèt nou yo, lè nou pa la, se konsa tou n ap ye nan sa nou pral fè, lè n a la.

### Kont akizasyon li gen lanbisyon

<sup>12</sup> Se vre, nou pa gen ladas mete tèt nou egal ego ak kèk moun k ap vante

**10,1-13 :** Te gen moun ki te pale Pòl mal. Pòl pa defann tèt li sèlman, li defann Levanjil li te ba yo a, paske moun sa yo ki te kritike l la te mete mesaj li te bay moun Korent yo an danje. Gen kèk misyonè ki te fèk rive Korent ki t ap vante tèt yo. Te gen kèk malpalan ki te di Pòl se yon moun ki gen de pèsonalité: lè l lwen, sanble li sevè anpil, men lè l toupre moun, sanble li pa gen kouraj pou l di yo anyen. Sa vle di, pou yo menm, Pòl pa t gen kalite pou l apot. Men konviksyon Pòl pa menm ak pa yo: li pa pale rèd ak moun yo, paske li pa vle fòse yo aksepte Levanjil la, li

tèt yo pou kont yo, ni nou pa kapab konpare nou ak yo. Nan mezire y ap mezire tèt yo ak pwòp mezi pa yo, epi nan konpare y ap konpare tèt yo ak pwòp tèt yo, yo pèdi tèt yo.<sup>13</sup> Bò kote pa nou, nou p ap chèche vante tèt nou depase limit, men mezi nou se règ Bondye ban nou pou nou mezire a: pou nou rive jis bò kote nou, moun Korent yo.<sup>14</sup> Konsa nou p ap deplase bòn nou pi lwen, kòmsi nou ta moun ki pa t janm rive bò kote nou, paske, reyèlman vre, nou te rive jis bò kote nou ak Bon Nouvel Kris la.<sup>15</sup> Nou pa vante tèt nou depase mezi ak travay lòt moun te fè. Ak lafwa nou, moun Korent yo, k ap devlope, nou gen lespwa grandi nan nou menm piplis toujou nètale, dapre règ pa nou,<sup>16</sup> nan pote Bon Nouvel la pi lwen pase lakay nou. San nou pa vante tèt nou pou travay lòt moun te fè dapre pwòp mezi pa yo.<sup>17</sup> *Moun ki vle vante tèt li, se nan Granmèt la pou l vante tèt li.*<sup>18</sup> Reyèlman vre, se pa moun ki bay tèt li valè ki merite yo konsidere l, se moun Granmèt la bay valè.

### Pòl kòm oblige bay tèt li glwa

**11** <sup>1</sup>Ou kwè nou ta vle pèmèt mwen fè yon ti kout moun fou? Mwen sèten, nou pèmèt mwen sa.<sup>2</sup> Paske jalouzi mwen genyen pou nou an, se jalouzi Bondye. Mwen fiyanse nou ak yon sèl gason pou mwen mennen nou, tankou yon jèn fi vyèj san tach, bay Kris la.<sup>3</sup> Mwen pè pou lide nou yo pa gate nan vire do bay bon fason nou t ap swiv Kris la, menm jan

vle pou yo aksepte Kris la ak tout libète yo. Epi li fè sa ak sèl fòs Pawòl Bondye a, ki yon fòs ki kapab « detwi fò yo ».

Pòl vle montre yo jan swadizan gwo apot sa yo (11,5) vle pran avantaj nan travay pa l. Pòl kritike moun Korent yo, paske yo koute moun ki meprize sa li t ap di yo e yo aksepte yo. Kominote a bezwen fè distensyon ant moun k ap preche toutbon yo ak moun ki fo apot yo.

**11,1-6 :** Jan yon papa mennen pitit fi li bay fyanse l pou maryaj, se konsa Pòl te pare komi-

Mt  
11,29;  
1Kor  
2,3;  
Flp 2,1;  
2Kor  
10,11;  
1Kor  
4,21

6,7;  
Iz 2,13

13,3;

Jer 1,10

10,2;  
13,10

W.m  
12,3;  
Kol 1,25

W.m  
15,20

Jer  
9,23;  
1Kor  
1,31

Jn 3,29;  
Ef 5,26;  
Ap 21,2

Jen 3

<sup>Gal 1,6</sup> sèpan an te twonpe Èv ak riz li a. <sup>4</sup> Paske si yon moun vin preche yon lòt Jezi nou pa t preche, oubyen si se pou nou menm, moun Korent yo, resevwa yon lòt Lespri nou pa t resevwa, oswa pou aksepte yon lòt Bon Nouvèl pase sa nou te aksepte a, nou dakò byen pwòp.

<sup>5</sup> Mwen kwè mwen pa mwens nan <sup>12,11;</sup> <sup>1Kor 2,1</sup> anyen pase kalite gwo apot sa yo. <sup>6</sup> Si mwen pa fò nan pale, se pa menm bagay nan konesans. Nou te fè nou wè sa aklé tout jan epi nan tout bagay.

<sup>T Ap 18,3;</sup> <sup>1Kor 9,12</sup> <sup>7</sup> Oubyen èske mwen ta fè yon peche, si mwen te anonse nou Bon Nouvèl Bondye a gratis, lè mwen bese tèt mwen pou mwen fè nou leve tèt nou?

<sup>8</sup> Mwen te degani lòt Legliz yo, nan pran lajan nan men yo pou mwen sèvi nou. <sup>9</sup> Lè mwen te pamí nou, epi mwen te nan nesesite, mwen pa t sou kont pèsonn. Se frè ki sòti Masedwàn yo ki te ede m nan nesesite mwen yo. Antouka mwen te pran prekosyon pou mwen pa sou kont nou, epi m ap kontinye konsa. <sup>10</sup> Ak laverite Kris la ki nan mwen an, mwen asire nou rezon sa a ki fè m vante tèt mwen nan zòn Akaya a, yo p ap wete l nan men m. <sup>11</sup> Epi poukisa? Paske mwen pa renmen nou? Bondye ki konnen. <sup>12</sup> Mwen fè l, epi m ap toujou fè l, pou mwen wete tout rezon nan men moun sa yo, ki ta vle yon rezon pou yo gade yo parèy ak nou nan sa ki fè y ap vante tèt yo a.

<sup>Fip 2,17;</sup> <sup>Fip 3,2</sup> <sup>13</sup> Moun konsa se yon bann fo apot, y ap travay pou twonpe moun, se maske

yo maske, sanble apot. <sup>14</sup> Sa pa dwe fè nou sezi, paske ata Satan li menm maske, sanble zanj limyè. <sup>15</sup> Anyen pa dwòl nan sa, si sèvitè li yo tou maske sanble sèvitè sa ki kòrèk la. Men tou, finisman yo se dapre zèv yo.

<sup>16</sup> Mwen di nou sa ankò: pinga pèsonn pran m pou moun fou. Si se pa konsa pran m non pou moun fou, pou mwen kapab vante tèt mwen ti kras tou. <sup>17</sup> Sa m ap di a, mwen p ap di l dapre Granmèt la, men nan foli mwen, epi nan sa mwen jwenn rezon pou mwen vante tèt mwen. <sup>18</sup> Piske gen anpil moun k ap vante tèt yo dapre sa moun ap fè sou tè a, mwen menm tou mwen pral vante tèt mwen. <sup>19</sup> Pou jan nou menm, ki moun lespri, nou renmen sipòte moun fou. <sup>20</sup> Wi, nou sipòte yon moun ki fè nou tounen esklav, ki devore nou, ki piye nou, ki fè awogan ak nou, ki frape nou nan figi. <sup>21</sup> Mwen wont di sa, sanble mwen menm ak lòt yo, nou te fèb. Epi si yon moun gen dekwa pou l leve tèt li, m ap pale tankou moun fou, mwen menm tou mwen gen dekwa. <sup>22</sup> Yo se Ebre? Mwen menm tou. Yo se moun Izrayèl? Mwen menm tou. Yo se ras Abraram? Mwen menm tou. <sup>23</sup> Yo se sèvitè Kris la? M ap depale nèt, mwen plis pase yo: mwen fè plis travay di, mwen pran plis kout prizon, kanta kout fwèt, se pa pale, epi mwen te manke mouri konbyen fwa. <sup>24</sup> Se senk fwa, mwen pran trantnèf kout fwèt nan men Jwif yo. <sup>25</sup> Twa fwa yo

<sup>12,6</sup>

<sup>Fip 3,4;</sup>  
<sup>Gal 1,13;</sup>  
<sup>Wm 11,1</sup>

<sup>Dtw 25,2;</sup>  
<sup>T Ap 16,22</sup>

note Korent lan pou Kontra li a ak Jezi Kri. Li pè pou kominote a pa vire do l bay Kris la akòz fo apot yo. Pou Pòl chak kominote kretyen rete soude ak Jezi Kri yon fason kote divòs pa ladan. Konsa Jezi Kri se sèl Mèt pou kominote a. Pa gen okenn moun ki ka di kominote kretyen an se afè pa l.

**11,7-15 :** Pòl montre moun Korent yo jan li te travay gratis pou yo. Li te pito resevwa lajan nan men kominote moun Filip yo, pou moun Korent yo pa konprann se dèyè enterè pèsonèl li, li ye ki fè l ap preche Levanjil la ba yo. Sèl enterè Pòl genyen se bay moun yo Levanjil la, fè yo aksepte Jezi nan lavi yo. Poutèt sa, menm si Grèk yo te meprize travay moun fè ak men yo, paske yo di

se travay ki fèt pou esklay, Pòl te travay ak pwòp men pa l pou li manje (Travay 18,3).

**11,16-33 :** Diplòm Pòl prezante devan je moun Korent yo, se batay li te mennen pou Levanjil la rive toupatou. Sèl lonè Pòl genyen, se soufrans, traka, difikilté li te pase nan travay preche Levanjil la. Sanble « gwo apot sa yo » vante tèt yo paske yo fè etid (v. 18). Men Pòl bay renmen li genyen pou sa ki pi fèb yo, plis enpòtans pase nenpòt ki tit lòt apot kapab genyen. Sa ki pi rèd, Pòl denonse « gwo apot sa yo » k ap pwofite tit yo genyen, pou yo esplwate kominote yo.

**11,22 :** Yo se Ebre? Ebre yo se moun natif natal ki anrasinen nan pèp Izrayèl la.

woule m anba baton, yon fwa yo kallonnen m ak kout wòch, twa fwa bati-man koule ak mwen, mwen pase yon jou ak yon nwit nan gwo lanmè. <sup>26</sup>An-pil vwayaj. Danje nan larivyè, danje ak vòlè, danje nan men moun ras mwen yo, danje nan men moun pèp etranje yo, danje nan lavil, danje nan dezè, danje sou lanmè, danje nan men fo frè.

<sup>27</sup>Nan travay di ak nan fatig, nan pèdi nwit konbyen fwa, nan grangou, nan swaf, nan rete san manje konbyen fwa, nan fredi, nan rete toutouni. <sup>28</sup>San konte rès yo, tèt chaje chak jou, ak kalkil sou afè lòt Legliz yo. <sup>29</sup>Kilès ki fèb pou mwen pa santi mwen fèb? Kilès ki bite, pou sa pa fè mwen mal? <sup>30</sup>Si gen pou vante tèt, mwen pral vante tèt mwen pou feblès mwen yo. <sup>31</sup>Bondye ki Papa Granmèt Jezi, li menm ki beni pou toutan, li konnen mwen p ap bay manti. <sup>32</sup>Nan vil Damas, gouvènè, wa Aretas te mete a, te plase gad pou siveye vil moun Damas yo pou arete mwen. <sup>33</sup>Se nan yon panyen yo file m desann nan yon fenèt sou miray la, ki fè mwen chape anba men l.

T Ap 9,  
22-25

### Sa Granmèt la fè Pòl wè ak sa li fè I konnen

**12**<sup>1</sup>Fòk moun vante tèt yo?—menm si sa pa sèvi anyen—mwen pral vini ak sa Granmèt la fè mwen wè epi sa li fè mwen konnen.

33,20;  
Ap 1,17

<sup>2</sup>Mwen konnen yon moun nan Kris la, sa gen katòz lane—èské se ak kò a, mwen pa konnen, èské se san kò a, mwen pa konnen, se Bondye ki kon-

**12,1-6**: Sanble tout lavi misyonè Pòl chita sou gwo esperyans sa a li te fè bò lane 42 a nan Siri, osinon nán Silisi (Travay 11,25) senk lane apre li te rankontre ak Jezi sou wout Damas la. Se yon esperyans espirityèl kote Pòl te wè Bondye nan tout beltè li. Bondye fè I wè syèl la, men pa gen pawòl moun ki kapab di sa li te wè a.

**12,7-10**: Nou pa konnen kisa Pòl vle di lè li pale sou «Bondye te mete yon pikan nan kò li a». Li ta posib té gen yon maladi ki te ogmante tout difikilte li te gen nan travay apot li a. Men li

nen—konsa moun sa a yo te rale I monte jis nan twazyèm syèl la.

<sup>3</sup>Mwen konnen moun sa a,—èské se ak kò li, oubyen èské se san kò li, mwen pa konnen, se Bondye ki konnen—<sup>4</sup>moun sa a, yo rale I monte nan paradi, epi li tandé pawòl moun pa kapab pale, sa moun pa gen dwa pale.

<sup>5</sup>Pou moun sa a, wi, m ap vante tèt mwen, men pou mwen menm, mwen p ap vante tèt mwen, sòf poutèt feblès mwen yo. <sup>6</sup>Reyèlman vre, si mwen ta vle vante tèt mwen, se pa fou mwen ta fou, se laverite mwen ta pale. Men mwen rete la, pou yon moun pa kwè mwen plis pase sa li wè mwen ye, ou sa li tandé nan bouch mwen. <sup>7</sup>Epi ak tout bagay Granmèt la fè mwen konnen yo, pou lògèy pa monte tèt mwen, yo te foure yon pikan nan kò m. Se yon zanj Satan yo te mete pou frape m, pou lògèy pa monte tèt mwen. <sup>8</sup>An twa fwa mwen mande Granmèt la wete I sou mwen. <sup>9</sup>Men li di mwen: «Favè mwen kont ou, paske pisans se nan feblès li montre tout fòs li.» Konsa se ak tout kè m, m ap vante tèt mwen pou feblès mwen yo pito, dekwa pou fòs Kris la rete nan mwen.

Mt  
26,39

<sup>10</sup>Se poutèt sa mwen kontan nan feblès yo, nan joure yo, nan nesesite yo, nan pèsekisyon yo ak nan tèt chaje yo poutèt Kris la, paske lè mwen fèb se lè sa a mwen fò.

Iz  
40,29

<sup>11</sup>Men mwen fin fou! Se nou menm ki pouse mwen nan sa. Se nan men nou mwen ta dwe jwenn konpliman, paske mwen pa mwens nan anyen

santi se nan feblès li a Bondye montre jan li fò, jan li gen pouvwa.

**12,11-18**: Men mak fabrik yon apot toutbon vre : li gen pasyans san limit. Li bay temwayaj ak pawòl epi nan travay li fè, sa vle di sa li preche yo al nan menm sans ak vi li mennen. Li travay san chèche pwòp enterè pa l. Li serye, epi li pale pawòl laverite. Li gen devouman pou travay moun rive konnen Levanjil la. Ak tout sa Pòl te fè lakay moun Korent yo, kouman yo fè pa kapab rann yo kont li se yon apot toutbon, menmsi gen lòt apot ki pale mal sou li?

<sup>1Kor 2,4;</sup> <sup>1Tes 1,5</sup> pase kalite gwo Apot sa yo, menm si mwen pa anyen. <sup>12</sup> Prèv sa yo ki montre yon moun se Apot, yo reyalize nan mitan nou, nan gwo pasyans, nan mirak, nan mèvèy ak gwo aksyon. <sup>13</sup> Reyèlman vre, ki sa ki fè nou mwens pase lòt Legliz yo, sèl bagay mwen pa viv sou kont nou? Padonnen mwen pou lenjistis sa a.

<sup>14</sup> Men li, se twazyèm fwa mwen pare pou m al lakay nou, epi mwen pa pral viv sou kont nou. Paske se pa afè nou yo m ap chèche nan men nou, men nou menm menm. Reyèlman vre, se pa pitit ki dwe sere lajan pou paran, men paran ki dwe sere lajan pou pitit.

<sup>Flo 2,17</sup> <sup>15</sup> Kanta mwen, se ak tout kè m mwen pral depanse pou nou, epi se pwòp lavi m mwen pral depanse nèt pou nanm nou. Èske si mwen renmen nou plis, nou dwe renmen mwen mwens? <sup>16</sup> Dakò, mwen menm, mwen pa t yon chay pou nou. Men kòm mwen malen mwen te pran nou nan pèlen. <sup>17</sup> Èske mwen te voye youn nan moun mwen yo bò kote nou pou mwen te sèvi ak li pou mwen esplwate nou? <sup>18</sup> Mwen te priye Tit angras, epi mwen voye frè a ak li. Èske Tit te esplwate nou? Èske li menm ak mwen pa t mache nan yon menm lespri? Nou pa t swiv menm tras?

<sup>2,17; 3,1</sup> <sup>19</sup> Depi yon bon moman n ap panse se defann mwen menm ak moun mwen yo n ap defann tèt nou devan n. Se devan Bondye n ap pale nan Kris la. E tou sa pou fè nou grandi, nou menm mwen renmen an. <sup>20</sup> Konsa mwen pè pou lè mwen rive pou mwen pa jwenn

nou jan mwen ta vle, e pou nou pa jwenn mwen jan nou ta vle. Fòk pa gen kont, jalouzi, kòlè, divizyon, pale moun mal, tripotay, gwo lògèy, eskandal. <sup>21</sup> Mwen pè pou lè mwen rive lakay nou ankò, Bondye mwen an pa rabese mwen devan nou, pou mwen ta oblige pran dèy pou anpil moun ki te nan peche anvan sa, men ki pa t repanti pou bagay sal, dezòd, epi pou move plezi yo te pran.

Dtw  
19,15;  
Mt  
18,16;  
1Tm  
5,19

**13** <sup>1</sup> Se twazyèm fwa mwen pral lakay nou. Se sou pawòl dezoutwa temwen y a regle tout bagay. <sup>2</sup> Tout moun ki te fè peche anvan sa, ak tout lòt moun yo tou, mwen te di yo sa deja dezyèm fwa mwen te vini an, mwen di sa ankò kounye a antan mwen lwen an: si mwen vini ankò, mwen p ap fè gras. <sup>3</sup> Kòmkwa n ap chèche prèv Kris la ap pale ak bouch mwen vre, li menm ki pa fèb ak nou, men ki fò nan <sup>Wm 6,8</sup> mitan nou. <sup>4</sup> Se vre yo te klosure l sou kwa a akòz feblès, men l ap viv ak fòs Bondye. Nou menm tou, nou fèb nan li, se vre, men nou va montre nou byen vivan ak li poutèt fòs Bondye ban nou, moun Korent yo. <sup>5</sup> Seye tèt nou pou nou wè si nou nan lafwa. Egzaminen tèt nou. Èske nou pa rekonèt Jezi Kri nan mitan nou? Sòf si nou pa ta pase egzamen an. <sup>6</sup> Mwen espere, n a rekonèt mwen pa koule nan egzamen an. <sup>7</sup> N ap lapriyè Bondye pou nou pa fè anyen ki mal. Sa nou vle, se pa montre nou pa pase egzamen an, men se pito nou menm, moun Korent yo, nou fè sa ki byen epi nou menm nou ta

<sup>1Kor 11,28;</sup>  
<sup>Gal 6,4</sup>

**12,19-21**: Pòl pè moun Korent yo pral resevwa l mal. Li pè pou kreyten Korent yo pa renmen li ankò menm jan li renmen yo.

**13,1-4**: Pòl vle al lakay moun Korent yo, men kounye a li pa pral aji ak menm tolerans li te aji ak moun ki nan peche yo. Si li pa pini yo, l ap konplis. E konsa li kapab trayi Levanjil Jezi Kri a. L ap aji menm jan kreyten yo te konn fè nan lòt Legliz yo (Matye 18,16).

**13,5-13**: Kreyten Korent yo dwe gade jan yo

viv. Yo dwe kalkile si yo toujou rete soude ak prensip Levanjil Jezi Kri a. Si yo chanje dapre sa Jezi vle, Pòl p ap bezwen aji ak gwo otorite li genyen kòm apot, epi kòm fondatè kominote a. Pòl pa chèche lonè pa l. Menm si li oblige bese tèt li devan moun Korent yo, l ap fè l pou li rasable yo nan renmen Jezi Kri a. Poutèt sa, li fini lèt la menm jan ak lè y ap fini yon reyinyon lapriyè, kote youn salye lòt ak yon bo ki pote kè poze. Li fini nan non Bondye kreyten yo, Bondye li t ap preche a.

<sup>4,10;</sup> <sup>1Kor</sup> kòm moun ki koule nan egzamen an.  
<sup>13,6</sup> <sup>8</sup> Reyèlman vre, nou pa kapab fè fòs kont laverite, men pou laverite. <sup>9</sup> Wi, nou kontan lè nou menm nou fèb, men nou menm, moun Korent yo, nou fò. Sa mwen mande nan lapriyè mwen se pou nou vin anfòm nètale. <sup>10</sup> Men rezon ki fè m ekri nou tou sa, antan mwen lwen: Se pou lè m a nan mitan nou, mwen p ap bezwen sèvi yon jan sevè dapre pouwa Granmèt la ban mwen pou mwen bati, men pou mwen pa kraze.

<sup>10,8;</sup>  
<sup>Jer</sup>  
<sup>1,10</sup>

<sup>11</sup> Pou rès la, frè m yo, se pou kè nou <sup>1Kor</sup> <sup>Flp 3,1;</sup>  
<sup>4,4</sup> kontan, se pou nou anfòm nètale, se pou youn ankouraje lòt, pou nou gen yon sèl lide, pou nou viv nan lapè. Se pou Bondye renmen ak kè poze a ak nou. <sup>12</sup> Se pou youn di lòt bonjou, youn bay lòt yon bo jan moun ki sen yo konn fè a. Tout moun ki sen yo voye di nou bonjou. <sup>13</sup> Se pou favè Jezi Kri Granmèt la, renmen Bondye a, ak lavi tèt ansam ki sòti nan Lespri Sen an ak nou tout.

<sup>1Kor</sup>  
<sup>16,20;</sup>  
<sup>1Tes</sup>  
<sup>5,26</sup>

<sup>Flp 2,1</sup>